शनि

17 अक्टूबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

आश्विन, शुक्ल पक्ष, सप्तमी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 39 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00




मां कालरात्रि कें प्रणाम

# तस्कर नहि, अपनहि टीमक गोली सं भेल सिपाहीक मृत्यु

**• घटनाक बाद वरीय अधिकारी सभ कें देल गेल गलत सूचना**

**गोली चलाबयवला होमगार्ड जवान सहित संबंधित कर्मी सभक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज**





**नालंदा, समदिया**

नालंदा जिला मे उत्पाद विभागक सिपाही अजीतक मृत्यु मामिलाक गहन जांच मे पूरा घटनाक्रम पर सवाल उठि गेल अछि। एखन धरि कहल जा रहल छल जे शराब तस्कर सभक गोलीबारी मे सिपाही अजीतक जान गेलनि। मुदा जांचक क्रम मे जे तथ्य सोझां आयल अछि, ताहि अनुसार अजीतक मृत्यु अपनहि टीमक होमगार्ड जवानक राइफल सं निकलल गोली लगबाक कारण भेल। घटनाक समय टीमक नेतृत्व कए रहल महिला दारोगा पुष्पा कुमारी आ दू गोट जवान कें हिरासत मे लेल गेल अछि।

बृहस्पति कें शराब तस्कर सभक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक दौरान गोली लगलाक बाद सिपाही अजीतक मृत्यु भए गेल छलनि। एहि मामिला मे गोली चलाबयवला होमगार्ड जवान सहित संबंधित कर्मी सभक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कए कानूनी कारबाइ करबाक बात कहल जा रहल अछि। घटनाक वास्तविक कारण, अजीतक मृत्यु संबंधी अधिकारी सभ कें देल गेल सूचना आ टीमक सदस्य सभक संदिग्ध भूमिकाक जांच तेज कए देल गेल अछि।

**तस्कर सभक गोलीबारीक दावा पर उठल सवाल**

शराबक खेप लए जा रहल वाहन कें पकड़बाक क्रम मे सिपाही अजीत कें गोली लागल छलनि। घटनाक तुरंत बाद देल गेल जानकारी मे कहल गेल छल जे शराब तस्कर सभक गोलीबारी मे ओ घायल भेलाह। मुदा बादक जांच मे गोली लगबाक परिस्थिति संबंधी अलग तथ्य सोझां आयल अछि। आब पुलिस ई पता लगेबा मे जुटल अछि जे गोली कोन परिस्थिति मे चलल आ घटनाक तुरंत बाद वरिष्ठ अधिकारि सभ कें की जानकारी देल गेल छलनि। जांचक क्रम मे घटनाक पहिल जानकारी आ बाद मे सोझां आयल तथ्यक बीच अंतरक पड़ताल कयल जा रहल अछि।

**गंभीर अवस्था मे पटना पठाओल गेल छल**

गोली लगलाक बाद अजीत कें पहिने पावापुरी मेडिकल कॉलेज मे भर्ती कराओल गेल। हुनकर अवस्था गंभीर रहबाक कारण चिकित्सक सभ हुनका पटना रेफर कए देलनि, जतय इलाजक क्रम मे हुनकर मृत्यु भए गेलनि। आरोप अछि जे घटनाक वास्तविक कारणक जानकारी तत्काल स्थानीय पुलिस कें नहि देल गेल। टीम नालंदा सं बाहर निकललाक बाद फोन पर सूचना देलक जे अजीत शराब तस्कर सभक गोलीबारी मे घायल भेल छथि। एहि सूचनाक बाद पुलिस मामिलाक पड़ताल शुरू कयलक। पूछताछ आ जांचक क्रम मे गोली चलबाक परिस्थिति आ घटनाक वास्तविक कारण कें लए कए नव तथ्य सोझां आयल।

## अभिजीत दीपके आ नेहा बोरा हिरासत मे तिरंगा लहरेबा सं रोकलक दिल्ली पुलिस

**• कनॉट प्लेस मे सीजेपी दिस सं आयोजित कएल गेल छल प्रदर्शन**



**नई दिल्ली, समदिया**

कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी) कनॉट प्लेसक सेंट्रल पार्क मे लहरा दो तिरंगा रैली आयोजित केने छल। मुदा लगपासक इलाका मे भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता (बीएनएसएस)क धारा 163 लागू रहबाक कारण सीजेपीक संस्थापक अभिजीत दीपके कें ओतय जाय सं रोकि देल गेल। पुलिस हुनका हिरासत मे लए लेलक। अखिल भारतीय छात्र संघ (आइसा)क अध्यक्ष नेहा बोरा सेहो हिरासत मे लेल गेलीह।

जानकारीक अनुसार, दीपके दिल्ली मे राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (शरदचंद्र पवार)क एक प्रवक्ताक घर पर ठहरल छलाह। ओ जहिना बाहर निकललाह, पुलिस हुनका हिरासत मे लए लेलक। ओतहि नेहा बोरा कें मंडी हाउस सं हिरासत मे लेल गेलनि। छह दिनक भीतर दीपके दोसर बेर हिरासत मे लेल गेलाह। एहि सं पहिने 10 अक्टूबर कें जंतर-मंतर पर प्रस्तावित प्रदर्शन सं पूर्व हुनका विमान मे हिरासत मे लेल गेल छलनि। हालांकि, अगिला दिन हुनका छोड़ि देल गेलनि।

पश्चिम बंगालक मुख्यमंत्री ममता बनर्जी एहि कारबाइक निंदा करैत कहलनि जे ई अघोषित आपातकाल सं कम नहि अछि। हुनकर कहब छलनि जे असहमति सं डरेनिहार सरकार पूरा पीढ़ी कें चुप करबाक लेल भयभीत करबाक प्रयास कए रहल अछि। ममता बनर्जी कहलनि जे भारतीय राष्ट्रीय ध्वज हाथ मे रखबाक लेल अभिजीत दीपके कें हिरासत मे लेल गेलनि।

### एक नजरि

**सारण शिक्षक सीट सं चुनाव नहि लड़ताह रामपुकार सिन्हा**

**सारण :** राष्ट्रीय लोक मोर्चा (आरएलएम)क प्रदेश महासचिव सह प्रवक्ता रामपुकार सिन्हा सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं चुनाव नहि लड़बाक निर्णय लेलनि अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष आलोक सिंह कहलनि जे एनडीए प्रत्याशी पुष्कर आनंदक जीत लेल काज कयल जायत। रामपुकार सिन्हा सेहो हुनकर समर्थन मे प्रचार करताह।

**अहियापुर मे स्कूलक बाहर तीन घंटा प्रदर्शन**

**मुजफ्फरपुर :** अहियापुरक उच्च माध्यमिक विद्यालय शाहबाजपुर मे करंट लगला सं झरकल सातम वर्गक छात्रा संध्या कुमारीक अवस्था गंभीर अछि। हाथ कटबाक आशंका पर शुक्रदिन परिजन आ स्थानीय लोक आक्रोशित भए गेलाह। उचित कारबाइ नहि होयबाक विरोध मे भोरे करीब 9:30 बजे स्कूलक बाहर प्रदर्शन शुरू कयलनि। शिक्षक सभ पर लापरवाहीक आरोप लगा नारा लगौलनि आ सड़क जाम कए टायर जरौलनि।

## मधेपुरा मे बीच सड़क पर छात्र कें गोली मारि हत्या

**• बिहारक पूर्व शिक्षा मंत्री चंद्रशेखरक ममियौत भाइ छल छात्र**





**मधेपुरा, समदिया**

राज्यक पूर्व शिक्षा मंत्री आ राष्ट्रीय जनता दल (राजद) विधायक चंद्रशेखर यादवक संबंधीक शुक्रदिन गोली मारि हत्या कए देल गेल। घटना मधेपुरा मे घैलाढ़ रोड पर साहुगढ़-भेलवा बीच दुपहर लगभग 12 बजे भेल। मृतकक पहिचान घैलाढ़ प्रखंडक इनरवा गाम निवासी प्रिन्स रंजन कुमार (25) केर रूप मे भेल अछि। ओ बीएन मंडल विश्वविद्यालय मे पीएचडीक छात्र छलाह। पुलिसक कहब अछि जे मोबाइल छिनतइक विरोध करबाक कारण अपराधी हुनका बीच सड़क पर गोली मारि देलक।

जानकारीक अनुसार, प्रिंस शुक्रदिन दुपहर लगभग 12 बजे अपन बाइक सं घर सं विश्वविद्यालय लेल निकलल छलाह। एहि बीच मधेपुरा सदर थाना क्षेत्रक साहुगढ़ स्थित गोढ़ियारी चिमनी लग बाइक सवार अपराधी हुनका गोली मारि देलक। गोली हुनकर पीठ मे लागल, जाहि सं ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। अस्पताल लए गेलापर चिकित्सक हुनका मृत घोषित कए देलनि।

**गोलीक आवाज सुनि दौड़ल लोक, अपराधी फरार**

स्थानीय लोक सभक अनुसार, गोली चलबाक आवाज सुनिते लोक घटनास्थल दिस दौड़ल, मुदा ताबत अपराधी मौका सं फरार भए गेल छल। घटनाक बाद इलाका मे सनसनी पसरि गेल। सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि जांच शुरू कए देलक। मृतकक शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा देल गेल अछि। प्रिंस रंजन कुमार राजद विधायक आ पूर्व शिक्षा मंत्री चंद्रशेखर यादवक ममियौत भाइ बताओल जा रहल छथि। घटनाक बाद चंद्रशेखर राज्यक कानून-व्यवस्था पर प्रश्न उठौलनि आ अपराधी सभ कें तत्काल गिरफ्तार करबाक मांग कयलनि। एसडीपीओ अजय कुमार बतौलनि जे छिनतइक दौरान अपराधी एकटा युवक कें गोली मारलक। अस्पताल लए जेबाक क्रम मे हुनकर मृत्यु भए गेल। पुलिस घटनाक जांच शुरू कए देने अछि। फॉरेंसिक टीम घटनास्थल सं साक्ष्य एकत्र कयने अछि। पुलिसक कहब अछि जे अपराधी सभ कें शीघ्र गिरफ्तार कयल जायत।

**चंद्रशेखर कहलनि, पूरा बिहार मे एहने स्थिति अछि**

पूर्व मंत्री चंद्रशेखर आरोप लगौलनि जे एहेन घटना मात्र मधेपुरा मे नहि, बल्कि पूरा बिहार मे भए रहल अछि। हुनकर कहब अछि जे विभिन्न इलाका मे लोक सभ सं दिन-देखाड़ मोबाइल आ बाइक छिनल जा रहल अछि, मुदा पुलिस आ प्रशासन एहि पर प्रभावी कारबाइ नहि कए रहल अछि।

ओ कहलनि जे जाहि स्थान पर प्रिंसक हत्या भेल, ओतय पहिनहुं कतेको लोकक मोबाइल आ बाइक छिनल जा चुकल अछि। हुनकर दावा अछि जे पछिला छह मास मे एहि सड़क पर छिनतइक 12 घटना सामने आबि चुकल अछि।

## बेगूसराय मे दिन-देखाड़ 40 लाखक गहनाक लूट, 15 राउंड फायरिंग

**अपराधी काउंटर आ तिजोरी मे राखल गहना बैग मे भरि लेलक**



**बेगूसराय, समदिया**

बेगूसराय जिलाक फुलवड़िया थाना क्षेत्रक फुलवड़िया बाजार मे शुक्रदिन दिन-देखाड़ बाइक सवार छह अपराधी एकटा गहना दोकान सं करीब 40 लाख टाकाक गहना लूटि लेलक। घटना करीब 1:45 बजे दिनक अछि। दू गोट बाइक पर सवार अपराधी हेलमेट आ मास्क पहिरने छल। ओ सभ करीब 15 राउंड गोली चलौलक, जाहि सं दोकानदार आ ग्राहक अपन जान बचा कए बाहर भागि गेलाह। घटना मां पार्वती ज्वेलर्स मे भेल। दोकानदार भवेश कुमारक अनुसार, ओहि समय दोकान मे एकटा कर्मचारी आ बरौनी थाना क्षेत्रक सुनीता देवी सहित चारि-पांच गोट ग्राहक गहना देखि रहल छलाह। गोलीबारी शुरू होइतहि सभ कियो बाहर भागि गेलाह। दोकानदार बतौलनि जे अपराधी काउंटर आ तिजोरी मे राखल गहना बैग मे भरि लेलक। ओ सभ दोकान मे तोड़फोड़ सेहो कयलक। अपराधी करीब 200 ग्राम सोना, 2 किलो चानी आ गल्ला मे राखल 1 लाख टाका लूटि कए फरार भए गेलाह।

सूचना भेटिते फुलवड़िया थाना पुलिस आ तेघड़ा डीएसपी कृष्ण कुमार घटनास्थल पर पहुंचलाह। बाद मे एसपी मनीष सेहो पहुंचि जांच कयलनि। पुलिस घटनास्थल सं आधा दर्जन खोखा बरामद कयलक अछि आ दोकानक सीसीटीवी हार्ड डिस्क अपना संग लए गेल अछि।






## अबला कें सबला बनौनिहार छथि रहिकेश्वरी अष्टभुजी दुर्गा

**सिंह पर सवार माता दुर्गा एतय महिषासुर मर्दिनीक स्वरूप मे विराजमान छथि**

**रहिका, समदिया**

मधुबनी जिलाक प्रखंड मुख्यालय रहिका स्थित माता रहिकेश्वरी दुर्गा देवीक ख्याति दूर-दूर धरि पसरल अछि। एहि मंदिरक इतिहास अत्यंत प्राचीन अछि। मान्यता अछि जे माता रहिकेश्वरी अबला कें सबला बनबैत छथि आ अपन शरण मे आयल भक्त सभक मनोरथ पूर्ण करैत छथि। सिंह पर सवार माता दुर्गा एतय महिषासुर मर्दिनीक स्वरूप मे विराजमान छथि। हुनकर आठ भुजा अछि। मंदिर मे स्थापित माताक प्रतिमाक स्वर्णमय स्वरूप अत्यंत सुंदर आ आकर्षक अछि।



**खुदाइक क्रम मे भेटल छल अष्टधातुक प्रतिमा**

स्थानीय मान्यताक अनुसार, मंदिरक समीप रहनिहार बलियासे मूलक एकटा ब्राह्मण परिवारक सदस्य कें माता दुर्गा स्वप्न मे दर्शन देने छलीह। कहल जाइत अछि जे माता हुनका अपन निवास स्थानक जानकारी दैत कहलनि जे हुनकर प्रतिमा धरतीक नीचां दबायल अछि। एहि स्वप्नक आधार पर ओहि स्थान पर खुदाइ कराओल गेल, जाहि मे माता दुर्गाक अष्टधातुक प्रतिमा प्राप्त भेल।

खुदाइक क्रम मे बनल इनार आइयो मंदिर परिसर मे उपलब्ध अछि। ई इनार मंदिरक प्राचीन इतिहासक एकटा महत्वपूर्ण निशानी मानल जाइत अछि। सिंह पर सवार अष्टभुजी माता महिषासुर मर्दिनीक मुद्रा मे ऐतिहासिक रूप सं विराजमान छथि। एतय जगदंबाक एहि स्वरूपक पूजा नवदुर्गाक रूप मे सेहो कयल जाइत अछि।

मंदिरक पुरोहित परंपराक निर्वहन करैत वर्तमान पुरोहित पंडित धीरेंद्र मिश्र बतबैत छथि जे माता रहिकेश्वरी हुनकर कुलदेवी छथि। हुनकर कहब अछि जे माताक स्वप्न मे देल गेल संकेतक अनुसार, एतय पूजेगरी करयबला वंशक पूर्वज कें रहिका सं ठीक पश्चिम अवस्थित अरेर गाम सं अनने रहथि आ एतय बसा देल गेल छल। तखनहि सं एहि परंपराक निर्वहन पीढ़ी-दर-पीढ़ी पारंपरिक रूप सं होइत आबि रहल अछि।

पंडित विनोद झा कहैत छथि जे रहिकेश्वरी मंदिरक पूजा-पद्धति अन्य मंदिर सभ सं भिन्न अछि। हुनकर अनुसार, एहन पूजा-पद्धति आन कतहु देखय लेल नहि भेटैत अछि। एहि विशिष्ट परंपराक कारणें मंदिरक धार्मिक महत्व बढ़ल अछि।

# आब साफ-सुथरा काउंटर पर भेटत टटका माछ, बिहार मे सुधा बूथक तर्ज पर 10.56 करोड़ रुपैया सं बनत 100 कियोस्क

- योजना पर 10.56 करोड़ रुपैया खर्च होयत




पटना/समदिया

सुधाक तर्ज पर आब बिहार मे ताजा माछ सेहो काउंटर पर भेटत। एहि लेल बिहार सरकार फ्रेश कैच कियोस्क स्थापित करए जा रहल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत राज्य मे 100 कियोस्क खोलल जाएत। पहिल चरण मे 30 आओर दोसर चरण मे 70 कियोस्क स्थापित करबाक योजना अछि। पहिल चरण मे 30 कियोस्कक निर्माण कएल जा रहल अछि आओर शीघ्रे एकर शुरूआत कएल जाएत। एहि पहल सं शहरी उपभोक्ता सभ कें ताजा माछ उपलब्ध होयबाक संग माछ पालक सभ कें नीक बाजार सेहो भेटत। सात निश्चय-3 अंतर्गत प्रस्तावित एहि योजना पर अधिकतम 10.56 करोड़ रुपैया खर्च होयबाक अनुमान अछि। डेयरी, मत्स्य आओर पशु संसाधन विभागक अंतर्गत मत्स्य निदेशालय आओर बिहार एक्वाकल्चर इंफ्रास्ट्रक्चर एंड डेवलपमेंट कॉरपोरेशन लिमिटेड (बीएआईडीसीएल)क माध्यम सं एकर क्रियान्वयन कएल जाएत। कियोस्कक स्थापना लेल सरकारी जमीन, नगर निकायक जमीन अथवा जिला प्रशासन द्वारा उपलब्ध कराओल गेल जमीनक उपयोग कएल जाएत। पहिल चरण मे पटना, गया, मुजफ्फरपुर, भागलपुर, पूर्णिया, दरभंगा, बेगूसराय, मोतिहारी, बेतिया, हाजीपुर, किशनगंज, कटिहार आओर मुंगेर सहित प्रमुख शहर सभ मे कियोस्क स्थापित कएल जा रहल अछि। फ्रेश कैच कियोस्क मे माछक सुरक्षित भंडारण आओर बिक्री लेल कोल्ड चेन, डीप फ्रीजर, डिस्प्ले काउंटर, स्वच्छ जल, जल निकासी, बिजली आओर बैकअप जेहन सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत। संगहि, उपभोक्ता सभ कें ताजा माछ उपलब्ध करएबाक लेल स्थानीय मत्स्य उत्पादक आओर फ्रेश कैच कियोस्क संचालकसभक एकटा मजबूत आपूर्ति श्रृंखला विकसित कएल जाएत। एकर अतिरिक्त डिजिटल भुगतान आओर अपशिष्ट प्रबंधनक व्यवस्था सेहो रहत। एहि सं माछक ताजगी आओर गुणवत्ता बनौने रखबाक संग बिक्री केंद्र सभ पर स्वच्छता सुनिश्चित करबा मे मदति भेटत। वर्तमान मे कतेको शहरी क्षेत्र मे माछक बिक्री पारंपरिक आओर असंगठित तरीका सं होइत अछि। एहि कारण माछक भंडारण, स्वच्छता आओर गुणवत्ता बनौने रखबा मे चुनौती अबैत अछि। कियोस्क स्थापित भेला सं एहि समस्या सभ कें दूर करबाक आओर मत्स्य उत्पादक आपूर्ति व्यवस्था कें मजबूत बनाबय मे मदति भेटत। योजनाक अंतर्गत एकटा कियोस्कक निर्धारित इकाई लागत 11 लाख रुपैया अछि। संभावित मूल्य वृद्धि कें शामिल करैत एकर अधिकतम लागत 13.20 लाख रुपैया निर्धारित कएल गेल अछि। सरकार निर्धारित इकाई लागतक 80 प्रतिशत अथवा वास्तविक निर्माण लागत, दुनू मे सं जे कम होयत, तकर खर्च वहन करत। कियोस्क निर्माण लेल एजेंसी अथवा संवेदकक चयन निविदा प्रक्रियाक माध्यम सं कएल जाएत। जखनकि, संचालन लेल निर्धारित नियम आओर शर्तक अनुसार संचालकसभक चयन होयत। केंद्रक रखरखाव आओर नियमित संचालनक जिम्मेदारी संबंधित संचालकक होयत। योजनाक अंतर्गत कियोस्क संचालकसभक प्रशिक्षण आओर क्षमता विकास लेल कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। मत्स्य निदेशालय अथवा बिहार एक्वाकल्चर इंफ्रास्ट्रक्चर एंड डेवलपमेंट कॉरपोरेशन लिमिटेडक माध्यम सं माछक नियमित उपलब्धता सुनिश्चित करबाक लेल व्यवस्थित आपूर्ति श्रृंखला विकसित कएल जाएत। एहि सं माछ पालकसभ, माछ किसान उत्पादक संगठन (एफएफपीओ) आओर मत्स्य सहकारी समिति सभ कें अपन उत्पाद बाजार धरि पहुंचयबाक नीक अवसर भेटत।

## एक नजरि

### पटना जंक्शन पर दशहराक भीड़ कें देखैत यात्री सभक सुरक्षाक लेल जीआरपी-आरपीएफ 24 घंटा राखत निगरानी




**पटना/समदिया।** दशहरा पर्व कें लए पटना जंक्शन पर यात्रिसभक भीड़ बढ़ए लागल अछि। नवरात्र शुरू होइते पैघ संख्या मे लोक अपन घर लौटि रहल छथि, जखनकि मेला घुमबाक लेल सेहो यात्रिसभक आवागमन बढ़ल अछि। भीड़क कारण प्लेटफॉर्म सं लए टिकट काउंटर धरि चहल-पहल तेज भए गेल अछि। स्थिति कें देखैत रेलवे प्रशासन, राजकीय रेल पुलिस (जीआरपी) आओर रेलवे सुरक्षा बल (आरपीएफ) सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देलक अछि। स्टेशन पर गश्ती बढ़ेबाक संग 24 घंटा निगरानी राखल जा रहल अछि। रेलवे अधिकारीसभक अनुसार, दशहरा आओर दीपावलीक दौरान पटना जंक्शन पर यात्रिसभक संख्या बढ़ि जाइत अछि। एहि बेर सेहो दिल्ली, मुंबई, कोलकाता, सूरत आओर बेंगलुरु सं आबय बला ट्रेन सभ मे यात्रिसभक भीड़ देखल जा रहल अछि। जानकारी देल गेल अछि जे कतेको ट्रेन मे प्रतीक्षा सूची 200 सं 300 धरि पहुंचि गेल अछि। पटना जंक्शनक अतिरिक्त राजेंद्र नगर टर्मिनल, पाटलिपुत्र आओर दानापुर स्टेशन पर सेहो सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। यात्रिसभक सामानक चोरी, छिनतइ आओर चेन छिनबाक घटना रोकबाक लेल जीआरपी आओर आरपीएफ संयुक्त रूप सं गश्ती कए रहल अछि। सादा कपड़ा मे सेहो जवान सभ कें तैनात कएल गेल अछि। प्लेटफॉर्म, फुट ओवरब्रिज, पार्किंग आओर सकुर्लेटिंग एरिया मे लगातार निगरानी राखल जा रहल अछि। आरपीएफ पोस्ट प्रभारीक अनुसार, दशहरा मेला कें देखैत अतिरिक्त बल तैनात कएल गेल अछि। सीसीटीवी कंट्रोल रूम सं स्टेशन परिसरक गतिविधि सभ पर नजरि राखल जा रहल अछि। उद्घोषणाक माध्यम सं यात्रि सभ सं अपन सामानक सुरक्षा करबाक आओर कोनो संदिग्ध व्यक्ति वा वस्तुक जानकारी तुरंत पुलिस कें देबाक अपील कएल जा रहल अछि। पटना जंक्शनक जनरल आओर आरक्षण टिकट काउंटर पर भोर संए यात्रिसभक लंबा कतार लागि रहल अछि। टिकट लेबाक लेल लोक सभ कें प्रतीक्षा करए पड़ि रहल अछि। भीड़ नियंत्रित करबाक लेल अतिरिक्त टिकट काउंटर खोलल गेल अछि आओर स्वचालित टिकट वेंडिंग मशीन (एटीवीएम) कें सेहो सक्रिय राखल गेल अछि। रेलवे दिस सं यात्रिसभक बढ़ैत मांग कें देखैत दशहरा स्पेशल ट्रेन चलयबाक योजनाक उल्लेख सेहो कएल गेल अछि। यात्रि सभ कें सलाह देल जा रहल अछि जे ओ सभ टिकट लेबाक आओर ट्रेन पर चढ़बाक दौरान कतारक पालन करथि तथा धक्का-मुक्की सं बचथि। दशहरा के कारण पटना जंक्शन पर यात्रिसभक आवाजाही बढ़ि गेल अछि। रेलवे पुलिस आओर सुरक्षा बलक बढ़ल गश्तीक उद्देश्य भीड़क बीच चोरी आओर आन घटना सभ पर रोक लगेनाइ अछि। रेलवे प्रशासन यात्रि सभ सं सतर्क रहबाक, अपन सामान पर नजरि रखबाक आओर कोनो समस्या भेला पर रेलवे पुलिस सं संपर्क करबाक अपील केने अछि।

# सीपीएम, डीवाईएफआई आओर एसएफआई कार्यकर्ता सभ कें पुलिस आर ब्लॉक पर रोकलक

- निर्वाचन आयोग कार्यालयक घेराव करबाक छल

पटना/समदिया

पटना मे निर्वाचन आयोग कार्यालयक घेराव कें लए सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देल गेल अछि। शहर मे आर ब्लॉक सं लए मुख्यमंत्री आवास आओर निर्वाचन आयोग कार्यालय धरि पुलिस बलक तैनाती बढ़ा देल गेल अछि। सीपीआईएम दिस सं निर्वाचन आयोग कार्यालयक घेराव कएल जाएबाक सूचना के मद्देनजर पुलिस प्रशासन सतर्क अछि। सुरक्षाक मद्देनजर पटना मे आर ब्लॉक सं लए मुख्यमंत्री आवास आओर निर्वाचन आयोग कार्यालय धरि पुलिसक तैनाती बढ़ा देल गेल अछि। प्रशासनक प्राथमिकता एहि इलाका सभ मे कानून-व्यवस्था बनौने रखब अछि।



पटना मे निर्वाचन आयोग कार्यालयक घेराव करबाक लेल निकलल सीपीएम, डीवाईएफआई आओर एसएफआई सं जुड़ल कार्यकर्ता सभ कें आर ब्लॉक पर रोकि देल गेल। प्रदर्शनकारि सभ कें जीपीओ गोलंबर सं निर्वाचन आयोग कार्यालय धरि जेबाक छल। प्रदर्शन कें देखैत प्रशासन सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देलक। घटनास्थल पर भारी संख्या मे पुलिस बल तैनात कएल गेल अछि। सीपीएम आओर एहि सं जुड़ल छात्र आओर युवा संगठनक कार्यकर्ता सभ निर्वाचन आयोग कार्यालयक घेराव करबाक लेल निकलल छलाह। प्रदर्शनकारि सभ कें जीपीओ गोलंबर सं आगू बढ़ि कार्यालय धरि पहुंचबाक छल, मुदा पुलिस हुनका सभ कें आर ब्लॉक पर रोकि देलक। रास्ता मे बैरिकेडिंग कएल गेल अछि, जाहि सं प्रदर्शनकारी आगू नहि बढ़ि सकथि। प्रदर्शनक आशंका कें देखैत निर्वाचन आयोग कार्यालयक आसपास सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। विभिन्न स्थान पर पुलिसकर्मी सभ कें तैनात कएल गेल अछि। प्रदर्शनकारि सभ कें रोकबाक लेल बैरिकेडिंगक संग वाटर कैननक गाड़ी सेहो घटनास्थल पर मौजूद अछि। प्रशासन स्थिति पर नजरि रखने अछि। विपक्षी दल आओर विभिन्न संगठन चुनाव प्रक्रिया तथा मतदाता सूची सं जुड़ल मुद्दा सभ कें लए विरोध प्रदर्शन कए रहल अछि। प्रदर्शनकारी वोट चोरीक आरोप आओर मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमारक भूमिकापर सवाल उठा रहल छथि। एहि आरोपसभक बीच निर्वाचन आयोग कार्यालयक घेराव करबाक कोशिश कएल गेल अछि। वोट चोरीक आरोप विपक्ष दिस सं लगाओल जा रहल अछि।

## मुंगेरक भीमबांध बनत ईको-टूरिज्मक नव हब 3 क्लस्टर मे विकासक मास्टर प्लान तैयार

- वन्यजीव संरक्षण आओर स्थानीय भागीदारी पर विशेष ध्यान देल जाएत

पटना/समदिया

मुंगेरक भीमबांध क्षेत्र कें प्रकृति आधारित पर्यटनक प्रमुख केंद्रक रूप मे विकसित करबाक खाका लगभग तैयार कए लेल गेल अछि। एहि लेल तीन क्लस्टर बनाओल गेल अछि। एहि क्षेत्र सभ मे पर्यटन सुविधाक विकास जन-निजी भागीदारी (पीपीपी) अंतर्गत कराओल जाएत। एहि मे निजी क्षेत्रक भागीदारी सं सुविधा विकसित करबाक संग ओकर पेशेवर तरीका सं संचालन पर सेहो जोर देल जाएत। पर्यटन विकासक दौरान जंगल, वन्यजीव आओर जैव विविधताक संरक्षण पर ध्यान देल जाएत। संगहि, स्थानीय लोकक भागीदारी बढ़ेबाक आओर पर्यटक सभ कें प्रकृतिक नजदीक नीक अनुभव देबाक योजना अछि। पर्यावरण, वन आओर जलवायु परिवर्तन विभाग सं भेटल जानकारीक अनुसार, योजनाक पहिल क्लस्टर मे भीमबांध, बेलाटांड, चोरमारा आओर भट्ठा कोल कें शामिल कएल गेल अछि।



दोसर क्लस्टर मे कुकुड़झाप आओर तेसर क्लस्टर मे खड़गपुर झील, सींघवारिणी आओर भंवरा कोल कें विकसित कएल जाएत। एहि तीनू क्लस्टर लेल परियोजना सं जुड़ल निविदाक शर्त आओर रियायत समझौताक प्रारूप तैयार कएल गेल अछि। विभागक अनुसार, तीनू क्लस्टरक विकास लेल निदेशक मंडलक सहमति सेहो भेटि गेल अछि। स्वीकृतिक आन निर्धारित प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद निविदा आओर समझौता सं जुड़ल दस्तावेज सभ कें मंजूरी देल जाएत। एहि पहल के उद्देश्य भीमबांध क्षेत्र मे पर्यटन सुविधाक विस्तार करैत प्रकृति आओर पर्यावरणक संरक्षण सुनिश्चित करब अछि।

## निगरानी समूह आओर जिला त्वरित प्रतिक्रिया दलक गठन

- डीएम अधिकारी सभ कें चेतौलनि- दीपावली धरि स्ट्रीट लाइट आओर सड़क दुरुस्त भए जेबाक चाही

पटना/समदिया

त्योहारी मौसिमक बीच शहर मे खराब पड़ल स्ट्रीट लाइट आओर जर्जर सड़क सभ लोक सभ लेल मुसीबत बनि गेल अछि। दैनिक भास्कर द्वारा एहि मुद्दा कें प्रमुखता सं उठेलाक बाद जिला प्रशासन सक्रिय भए गेल अछि। डीएम कुंदन कुमार बृहस्पति दिन संबंधित विभागक अधिकारीसभक बैसार बजौलनि। डीएम सख्त निर्देश देलनि जे राजधानी सहित पूरा जिला मे खराब स्ट्रीट लाइट आओर जर्जर सड़कसभक मरम्मतिक काज मिशन मोड मे पूरा कएल जाए। ओ स्पष्ट कहलनि जे दीपावली सं पहिने 100 प्रतिशत स्ट्रीट लाइट चालू भए जेबाक चाही। जनसुविधा मे लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। अधिकारीसभक जवाबदेही तय



करबाक आओर शिकायतक शीघ्र समाधान लेल जिला स्तर पर निगरानी समूह आओर जिला त्वरित प्रतिक्रिया दलक गठन कएल गेल अछि। डीएम पथ निर्माण विभाग, पथ विकास निगम, नगर निगम सहित सभ नगर परिषद आओर पंचायतक अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे ओ सभ क्षेत्र मे जा कए खराब लाइटक स्वयं सर्वेक्षण करथि आओर सूची त्वरित प्रतिक्रिया दल कें सौंपथि। तकनीकी गड़बड़ी, बल्ब, एलईडी वा बैटरी सं जुड़ल खराबी दूर करबाक लेल दैनिक लक्ष्य निर्धारित कए काज करबाक निर्देश देल गेल अछि।

**1220 मे सं 747 सड़कक मरम्मति पूरा, 159 किलोमीटर सड़क दुरुस्त** : बैसार मे बताओल गेल जे जनशिकायत आओर विभागीय सर्वेक्षणक आधार पर जिला मे 1220 स्थान पर सड़कक गड़बड़ी चिह्नित कएल गेल छल। एहि मे सं एखन धरि 747 स्थान पर काज पूरा कए 159 किलोमीटर सं बेसी सड़क दुरुस्त कए देल गेल अछि।

# खेल नीति, विधायक आवासीय परिसर आओर गया-बोधगया मे खेल सुविधाक विकासक डॉ. प्रेम कुमार केलनि समीक्षा

पटना/समदिया

बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमारक अध्यक्षता मे हुनकर कार्यालय कक्ष मे खेल विभागक संग समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे राज्यक खेल नीतिक प्रभावी क्रियान्वयन, खेलो इंडिया अंतर्गत प्रस्तावित योजनासभ, विधायक आवासीय परिसर मे खेल सुविधाक विकास आओर गया-बोधगया मे खेल आधारभूत संरचनाक विस्तार सं संबंधित विषय सभ पर चर्चा कएल गेल।

बैसार मे विधायक आवासीय परिसर मे खेल सुविधाक विकास लेल प्राप्त वास्तुविदक नक्शाक स्वीकृति, बैडमिंटन कोर्टक जीर्णोद्धार आओर उपलब्ध स्थानक अनुरूप आन खेल सुविधाक निर्माण पर विचार-विमर्श भेल। संगहि, खेलो इंडिया कें दिशा-निर्देशक अनुरूप गया आओर बोधगया मे प्रस्तावित खेल परियोजना सभ कें फेर सं प्रस्तुत करबाक विषय पर चर्चा कएल गेल। एहि परियोजना सभ मे सिंथेटिक एथलेटिक्स ट्रैक, स्विमिंग पूल, बहुउद्देशीय हॉल आओर स्क्वैश कोर्टक निर्माण शामिल



अछि। अध्यक्ष विधायक आवासीय परिसर मे खेल सुविधाक विकास काज मे तेजी अनबाक निर्देश देलनि। ओ गया के ऐतिहासिक गांधी मैदानक चारदीवारीक मरम्मत, पोखरिक विकास आओर सौंदर्यीकरण तथा आधुनिक तैराकी सुविधाक बहाली लेल आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। ओ इंदिरा गांधी इनडोर स्टेडियमक जीर्णोद्धारक संभावना कें आकलन कए शीघ्र तकनीकी रिपोर्ट उपलब्ध करबाक निर्देश सेहो देलनि। एकर अतिरिक्त, गया-बोधगया मे पैघ स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स आओर स्टेडियमक निर्माण तथा मगध विश्वविद्यालय, बोधगया सहित आन-आन स्थान पर खेल सुविधाक विस्तारक संभावना सभ पर सेहो चर्चा भेल।

डॉ. प्रेम कुमार सरकारी जमीन चिह्नित कए पंचायत आओर नगर पंचायत स्तर पर खेल मैदान विकसित करबाक तथा ग्रामीण युवा सभ कें नीक खेल सुविधा उपलब्ध करएबाक जरूरत पर जोर देलनि। ओ खेल विभाग कें खेल आयोजन आओर कार्यक्रमसभक नियमित जानकारी उपलब्ध करएबाक तथा प्रस्तावित परियोजनासभक स्वीकृति आओर क्रियान्वयन लेल संबंधित विभागसभक बीच समन्वय स्थापित करबाक निर्देश देलनि।

एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी जीक नेतृत्व मे देश मे खेल कें प्रोत्साहित करबाक प्रयास सभ तथा मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जीक नेतृत्व मे राज्यक खेल क्षेत्र मे भए रहल बदलावक प्रशंसा कएल गेल। अध्यक्ष गया-बोधगया मे उपलब्ध खेल संसाधनसभक प्रभावी उपयोग सुनिश्चित करैत एहि क्षेत्र कें प्रमुख खेल आयोजनसभक केंद्र के रूप मे विकसित करबाक दिशा मे आवश्यक पहल करबाक जरूरत पर जोर देलनि।

बैसार मे सभा सचिवालयक प्रभारी सचिव संजय कुमार सिंह, खेल विभागक सचिव दीपक आनंद, बिहार राज्य खेल प्राधिकरणक निदेशक-सह-सचिव रवींद्र नाथ चौधरी तथा सभा सचिवालयक आन वरिष्ठ पदाधिकारी सभ उपस्थित छलाह।

## गर्दनीबाग मे ड्राइवर अभ्यर्थी सभ कएलनि छठि पूजा, पीयर धोती पहिरि हाथ मे सूप-कलश लए कए कएलनि प्रदर्शन

पटना/समदिया

बिहार पुलिस ड्राइवर अभ्यर्थी सभ गर्दनीबाग धरना स्थल पर अनोखा प्रदर्शन कएलनि। अभ्यर्थी सभ गर्दनीबाग मे छठ पूजा कए कए विरोध जतौलनि। पीयर धोती पहिरने अभ्यर्थी सभ छठ पूजा के परंपरा कें अनुरूप हाथ मे सूप आ कलश लए कए शांतिपूर्ण प्रदर्शन कएलनि। एहि दौरान तिरंगा झंडा लए कए सेहो विरोध जतौलनि। सीडीपीओ अनु कुमारी ड्राइवर अभ्यर्थीसभक 5 प्रतिनिधिमंडल कें हुनकर मांग पर बातचीत करबाक लेल लए गेली। अभ्यर्थीसभक कहब अछि जे हुनकर प्रदर्शन 35 दिन सं बेसी भए गेल अछि, मुदा एखन धरि बिहार सरकारक कान नहि खुजल अछि। सरकार छात्रसभक बात नहि सुनि रहल अछि। एहि लेल आइ फेर भर्ती प्रक्रिया मे खाली रहि गेल 1200 सं बेसी महिला सीट के ओहि श्रेणीक पुरुष अभ्यर्थी सभ सं भरबाक मांग लए कए बिहार पुलिस ड्राइवर अभ्यर्थी सभ प्रदर्शन कएलनि। अभ्यर्थीसभक मुख्य मांग भर्ती मे रिक्त रहि गेल 1200 सं बेसी महिला सीट के लए कए अछि। हुनकर कहब अछि जे जं नियम एहि बातक अनुमति दैत अछि, तं एहि सीट सभ के संबंधित श्रेणीक योग्य पुरुष अभ्यर्थी सभ सं भरबाक



- 1200 खाली वैकेंसी भरबाक मांग

विचार कएल जेबाक चाही। एहि सं सीट खाली रहबाक स्थिति नहि बनत आ भर्ती मे शामिल योग्य उम्मीदवार सभ के अवसर भेटि सकतनि। बिहार पुलिस ड्राइवर भर्ती कें अभ्यर्थी रंजीत कहलनि, हम सभ कतेको दिन सं गर्दनीबाग मे धरना दए रहल छी। घर सं सेहो आब कहल जा रहल अछि जे हम सभ पढ़ाइ-लिखाइ नहि कए रहल छी, बस धरना दए रहल छी। मुदा अपन हक लेल हम सभ नहि लड़ब तं के लड़त? हमर सभक मांग अछि जे बिहार पुलिस ड्राइवर भर्ती मे जे सीट खाली अछि, ओहि मे महिला सभ के देलाक बाद जे सीट बचैत अछि, ओहि पर पुरुष सभ लेल वैकेंसी निकालल जाए। एही नियमक अंतर्गत सरकार दारोगा भर्ती मे सीट दैत अछि, तं फेर ड्राइवर भर्ती मे किएक नहि?

# उच्चैठ भगवती स्थान मे 22 ठाम दंडाधिकारी संग पुलिसक प्रतिनियुक्ति



बेनीपट्टी, समदिया

सिद्धपीठ उच्चैठ भगवती स्थान मे दुर्गापूजाक अवसर पर श्रद्धालुक भारी भीड़ उमड़ि रहल अछि। पूजा- अर्चना आ दर्शन लेल पहुंचि रहल श्रद्धालुसभक भीड़ नियंत्रित करबाक संग विधि-व्यवस्था बनौने रखबाकलेल प्रशासन 22 ठाम दंडाधिकारी आ पुलिस पदाधिकारीक प्रतिनियुक्ति कयने अछि। अनुमंडल पदाधिकारीशारंग पाणि पांडेय दंडाधिकारीक नेतृत्व मे पुलिस पदाधिकारी आ कर्मी सभ कें अलग-अलग स्थान परतैनात कयलनि अछि। ओ स्पष्ट निर्देश देलनि अछि जे प्रतिनियुक्त स्थल सं कोनो मजिस्ट्रेट वा पुलिस पदाधिकारी अनुपस्थित पाओल गेल तं हुनका विरुद्ध नियमानुसार कठोर कारबाइ कयल जायत। अंबेडकर चौक, मल्हामोर, कालिदास डीह जायवला मुख्य प्रवेश द्वार, हटिया, ग्रामीण बैंक मोड़, हाथी गेट आ मछली गेट सहित प्रमुख स्थान पर ड्रॉप गेट बनाओल गेल अछि। एतय दंडाधिकारी, पुलिस पदाधिकारी आ कर्मी तैनात रहताह। मछली गेटक सोझां स्वास्थ्य शिविर आ नियंत्रण कक्षक व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि। लोरिक मोड़, बसवरिया चौक आ उच्चैठ कॉलेजक सोझां सड़क पर सेहो सुरक्षा व्यवस्था कड़ा राखबाक लेलप्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि। मंदिर परिसर, मुख्य प्रवेश द्वार आ गर्भगृहक महिला आ पुरुष प्रवेशद्वार पर विशेष निगरानी रहत। विवाह भवन लग, पोखरिक कात बैरिकेडिंग, महादेव मंदिरक मुख्य घाटआ दक्षिणबारी गेटक पूब-पश्चिम दिस सेहो अधिकारी आ पुलिसकर्मी तैनात रहताह। चारिचक्का वाहनकपार्किंग लेल कालिदास डीह जायवला रास्ता आ मछली गेट सं आगू बर्फ फैक्ट्री लग अलग व्यवस्था कयल गेल अछि। प्रतिनियुक्त कर्मी सभ कें अपन-अपन ड्यूटी स्थल पर उपस्थित रहबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रशासनक एहि व्यवस्थाक उद्देश्य दुर्गापूजाक दौरान श्रद्धालुसभक आवागमन सुगम बनायब, भीड़ पर नियंत्रण रखब आ कोनो अप्रिय घटना सं बचबाक अछि। मंदिर मे बढ़ैत भीड़ कें देखैत सुरक्षा आयातायात व्यवस्थापर विशेष ध्यान देल जा रहल अछि।

## बेनीपट्टी आ अरेर थानाक 35 ठाम मजिस्ट्रेट आ पुलिसक प्रतिनियुक्ति रहत

बेनीपट्टी , समदिया

दुर्गापूजा शांतिपूर्ण ढंग सं संपन्न करय आ पूजा अवधि मे विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक 16 आ अरेर थाना क्षेत्रक 19 ठाम मजिस्ट्रेट आ पुलिस पदाधिकारीक प्रतिनियुक्तिकयल गेल अछि। बेनीपट्टी थाना क्षेत्र मे सुरक्षित ड्यूटी लेल बीडीओ महेश्वर पंडित आ थानाध्यक्षइंस्पेक्टर शिव अनुप कुमार तैनात रहताह। उच्चैठ मंदिर परिसर, मुख्य प्रवेश द्वार आ महादेव मंदिरक मुख्य घाट पर क्रमशः ईओ गौतम आनंद, अनुमंडल कल्याण पदाधिकारी शिवम तिवारी, बीपीआरओ मधुकर कुमार, अनुमंडल कृषि पदाधिकारी रामानुज प्रसाद, बीपीएम जीविका प्रणवतोष मिश्र, बीसीओ सुरेश राम आ पीएचईडीक सहायक अभियंता छोटे कुमारक संग थाना स्तरक पुलिस पदाधिकारी तैनात रहताह।एकर अतिरिक्त दामोदर आह्पुर, देपुरा, अकौर, छोलकाढ़ा, चानपुरा पश्चिम, माधोपुर, बसैठ, पाली गोठ, देपुराकाली डीह, मनपौर आ दुर्गौली सहित विभिन्न स्थान पर संबंधित विभागक अभियंता, कृषि समन्वयक, तकनीकी सहायक आ अन्य कर्मीक संग पुलिस पदाधिकारीक प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि। ओम्हर अरेर थाना क्षेत्र मे सुरक्षित ड्यूटी लेल सीओ अभिषेक आनंद आ एसएचओ आनंद शंकर गौरव तैनात रहताह। सौराठ मुशहरी मे लघु सिंचाई विभागक सहायक अभियंता दीपशिखा आ एसआई कंचनपांडेय, कपसिया महाराजी पोखरि पर पीएचईडीक जेई प्रभाकर कुमार तथा ढंगा मे प्रखंड कृषि कार्यालयकक्षेत्र परिचालक पंकज कुमार आ पीटीसी छोटेलाल प्रसादक ड्यूटी लगाओल गेल अछि। बलाइन, रामनगर, परजुआर जटियाही, नगवास, करही, चतरा, नवटोली हनुमान चौक, धकजरी, अरेर पूर्वारी टोल, विशनपुर, नरही, अकुली, जरेल स्थायी, नागदह आ भदुली परकौली सहित अन्य स्थान पर सेहो संबंधित विभागक अधिकारी- कर्मचारीक संग पुलिस पदाधिकारी तैनात रहताह।

# भारत-नेपालक संबंध अटूट, एकरा केओ तोड़ि नहि सकैत अछि : ए.के. चौधरी

जनकपुरधाम, समदिया



भारत आ नेपालक संबंध अटूट अछि। एकरा केओ तोड़ि नहि सकैत अछि। त्रेतायुग सं भारत आ नेपालक बीच रोटी-बेटीक संबंध रहल अछि। ई बात अवकाशप्राप्त लेफ्टिनेंट जनरल ए.के. चौधरी मधेश प्रदेशकस्पीकर रामाशीष यादव सं भेंट कयलाक बाद पत्रकार सभ सं कहलनि। ओ कहलनि जे भारत आ नेपाल भले अलग-अलग राष्ट्र हो, मुदा भौगोलिक आ सांस्कृतिक दृष्टिकोण सं दुनू एक राष्ट्र जकां छथि। दुनूदेशक भाषा, रहन-सहन, खानपान आ रीति-रिवाज मे बहुत समानता अछि। नेपाली गोरखा सेना अपन बहादुरी लेल विश्वविख्यात अछि। भारतीय राष्ट्रीय रक्षा अकादमी मे नेपालक छात्र सेहो सेनाक अधिकारी बनेबाक प्रशिक्षण लैत छथि। लेफ्टिनेंट जनरल कहलनि जे हुनका संग प्रशिक्षण लेनिहार नेपालकअधिकारी बाद मे नेपाली सेनाक सेनाध्यक्ष सेहो बनलाह। ओ कहलनि जे नेपाल मे विनाशकारी बाढ़ि आबय वा भूकंप, भारतीय सेना नेपाली सेनाक संग कन्हा सं कन्हा मिलाकऽ बचाव अभियान मे काज कयने अछि। भारत सरकार नेपाल कें शिक्षा, स्वास्थ्य सहित अन्य क्षेत्र मे सेहो सहायता कए रहल अछि।लेफ्टिनेंट जनरल अपन धर्मपत्नी संग जनकपुरधाम स्थित जानकी मंदिर मे पूजा-अर्चना करबाक लेलपहुंचल छलाह। जनकपुरधाम बौद्धिक समाजक अध्यक्ष राघवेंद्र साह आ अखिल भारतीय हिंदू परिषदकअंतरराष्ट्रीय प्रचारक भोगेंद्र कर्ण हुनकर आगमन पर मिथिलाक परंपराक अनुसार स्वागत कयलनि।जानकी मंदिर मे दर्शन कयलाक बाद ओ मधेश प्रदेशक स्पीकर रामाशीष यादव सं हुनकर आवास पर भेंटकयलनि। एहि अवसर पर हुनका गार्ड ऑफ ऑनर देल गेल। स्पीकर अंगवस्त्र आ रुद्राक्षक माला पहिराकए लेफ्टिनेंट जनरल आ हुनकर धर्मपत्नी कें स्वागत कयलनि। दुनू पक्षक बीच राजनीतिक आ धार्मिकविषय पर चर्चा भेल। स्पीकर रामाशीष यादव हुनका प्रदेश सभा आ पुस्तकालयक सेहो भ्रमण करौलनि।लेफ्टिनेंट जनरल सीतामढ़ीक पुनौराधाम होइत जनकपुरधाम पहुंचल छलाह। ओ कहलनि जे पुनौराधाम मे सीता माताक भव्य मंदिरक निर्माण भए रहल अछि। पुनौराधाम आबयवला पर्यटक निश्चित रूप संजनकपुरधाम आबि जानकी मंदिर मे दर्शन करय चाहताह। एहि सं भारत आ नेपाल दुनू देश मे पर्यटनक्षेत्रक विकास कें बढ़ावा भेटत।

# विलोपित मतदाताक नाम सत्यापन लेल 11 अक्टूबर सं 11 नवंबर धरि विशेष अभियान

बेनीपट्टी, समदिया



मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर )क दौरान सूची सं विलोपित मतदाताक नामक सत्यापन लेल 11 अक्टूबर सं 11 नवंबर धरि विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि अभियानकअंतर्गत बूथ स्तरीय पदाधिकारी (बीएलओ) घर-घर जा कए विलोपित मतदाताक नामक सत्यापन कएरहल छथि। एहि संबंध मे 32-बेनीपट्टी विधानसभा निर्वाचन क्षेत्रक विभिन्न राजनीतिक दलकप्रतिनिधिसभक संग निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी सह अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेयकअध्यक्षता मे बैसार भेल। बैसार मे एसडीओ राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभ सं सत्यापन अभियान मे सहयोग करबाक अपील कयलनि, जाहि सं कोनो योग्य व्यक्ति मतदाता सूची मे नाम जुड़बाक अवसर सं वंचित नहि रहथि। एसआईआरक समय विलोपित नाम सभ मे मृत, स्थायी रूप सं स्थानांतरित आअनुपस्थित मतदाताक नामक फेर सं सत्यापन बीएलओ द्वारा कयल जा रहल अछि। सत्यापनक दौरानजे व्यक्ति वर्तमान मे अपन ठाम पर उपस्थित भेटताह, हुनकर नाम प्रपत्र-6 भरि मतदाता सूची मे जोड़ल जा सकत। एसडीओ कहलनि जे 18 बरख वा ताहि सं बेसी आयुक एहन व्यक्ति, जिनकर नाम एखन धरि मतदाता सूची मे दर्ज नहि अछि, ओहो नाम जुड़बाक लेल आवेदन कए सकैत छथि। ओ राजनीतिक दल सभ कें अपन-अपन बूथ स्तरीय एजेंट (बीएलए) के सक्रिय करबाक निर्देश देलनि। बीएलए आ बीएलओ आपस मे समन्वय बना काज करथि, जाहि सं 32-बेनीपट्टी विधानसभा क्षेत्रक एको योग्य मतदाताक नामसूची मे जुड़बाक अवसर नहि छुटय। एसडीओ जानकारी देलनि जे एहि अभियानक अंतर्गत मतदान केंद्रसभ पर चारि दिन विशेष शिविर लगाओल जायत। शिविर मे बीएलओ उपस्थित रहताह आ मतदाता सभ सं आवश्यक प्रपत्र जमा करताह। शिविर 18 अक्टूबर, 25 अक्टूबर, 1 नवंबर आ 8 नवंबर कें आयोजितहोयत। बैसार मे जय सुंदर मिश्र, बचनू मंडल, विजय यादव, आनंद कुमार झा, अजित कुमार ठाकुर, कालिश्चंद्र झा, ओम प्रकाश यादव, प्रेम शंकर राय, भोगेंद्र यादव आ प्रदीप कुमार झा बासु उपस्थित छलाह।

# सीएम साइंस कॉलेज मे टेबल टेनिस खेलाड़ीक ट्रायल आयोजित

**सत्र 2026-27 लेल लनामिविक पुरुष आ महिला टीमक होयत गठन**

दरभंगा, समदिया



भेद-महाविद्यालय टेबल टेनिस (पुरुष आ महिला) प्रतियोगिताक लेल दक्ष खेलाड़ीक चयनक उद्देश्य सं शुक्रदिन सीएम साइंस कॉलेजक कामेश्वर भवन मे ट्रायल आयोजित कयल गेल। एहि ट्रायलका आधार परसत्र 2026-27 लेल ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगाक पुरुष आ महिला टेबल टेनिस टीमक गठन कयल जाएत। चयन समिति मे महाविद्यालयक क्रीड़ा पदाधिकारी सह आयोजन सचिव डॉ.आदित्य नाथ मिश्र सदस्यक रूप मे शामिल छलाह। हुनका अतिरिक्त एमएलएसएम कॉलेजक सेवानिवृत्त पीटीआइ डॉ. विजय शंकर झा आ विश्वविद्यालयक खेल एवं संस्कृति विभागक सेवानिवृत्त खेल सहायक चंद्रकांत झा सेहो चयन समितिक सदस्यक रूप मे खेलाड़ीक प्रदर्शनक आकलन केलनि। एहि अवसर पर डॉ. आदित्य नाथ मिश्र खेलक महत्व पर प्रकाश दैत युवा सभ कें देशक प्रतिनिधित्वकरबाक लेल अपना कें तैयार करबाक प्रेरणा देलनि। ओ कहलनि जे कठिन परिश्रम, अनुशासन आ निरंतरअभ्यासक माध्यम सं खेलाड़ी अपन लक्ष्य प्राप्त कए सकैत छथि। कार्यक्रम मे महाविद्यालयक बर्सर डॉ.यूके दास, डॉ. एसके चौधरी, डॉ. वी.डी. त्रिपाठी, डॉ. रश्मि रेखा, डॉ. रवि रंजन, डॉ. आशुतोष कुमार सिंह, डॉ. पंकज चौधरी, डॉ. संतोष कुमार, डॉ. युगेश्वर साह, डॉ. अवध बिहारी यादव, डॉ. सत्येंद्र कुमार झा, डॉ. ऋचा कुमारी आ डॉ. ओसैद आलम सहित अन्य शिक्षक उपस्थित छलाह। आयोजनक सफलता मे श्री कुमार राजर्षिक महत्वपूर्ण भूमिका रहल।

# कुशेश्वरस्थान मे गाजा-बाजाक संग निकलल बेल न्योतीक शोभायात्रा

कुशेश्वरस्थान, समदिया



शारदीय नवरात्रिक षष्ठी तिथि पर शुक्रदिन कुशेश्वरस्थान बाजार मे श्रद्धा आ उल्लासक संग बेल न्योतीक अनुष्ठान संपन्न भेल। एहि अवसर पर विभिन्न दुर्गापूजा समितिसभक दिस सं गाजे-बाजेक संगशोभायात्रा निकालल गेल। मां भगवतीक जयकारा सं पूरा बाजार भक्तिमय भए उठल। बेल न्योती लेलसभ सं पहिने पुरान दुर्गा स्थान, तकर बाद सम्राट चौक स्थित मां भवानी पूजा समिति आ अंत मे मांवैष्णवी पूजा पंडालक दिस सं जुलूस निकालल गेल। शोभायात्रा मे शामिल श्रद्धालु पारंपरिक रीति-रिवाजक संग बेल गाछ लग पहुंचलाह। ओतय पुरोहित सभ वैदिक मंत्रोच्चारक बीच बेल न्योतीक विधि पूरा करौलनि। एहि धार्मिक अनुष्ठान मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु भाग लेलनि। षष्ठी तिथि पर श्रद्धालु सभ मां दुर्गाक छठम स्वरूप मां कात्यायनीक विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चना कयलनि। मंदिर आ पूजा पंडालसभ मे दर्शन लेल भक्तसभक भीड़ जुटल रहल। पंडित आचार्य राजनारायण झा कहलनि जे महिषासुरकअत्याचार सं मुक्ति दिअयबाक लेल देवतासभक प्रार्थना पर त्रिदेवक तेज सं मां कात्यायनीक प्राकट्य भेलछलनि। महर्षि कात्यायनक आश्रम मे जन्म लेबाक कारण हुनकर नाम कात्यायनी पड़लनि। धार्मिक मान्यताक अनुसार, मां कात्यायनीक आराधना सं रोग, शोक आ भय दूर होइत अछि आ सुख- समृद्धिक प्राप्ति होइत अछि। नवरात्रिक एहि पावन अवसर पर श्रद्धालु सभ भक्तिभाव सं मां भगवतीक आराधना मे लीन रहलाह।

# योजनाक नाम पर अवैध राशि निकासीक विरोध मे वार्ड सदस्य सभ रोकलनि काज

मनीगाछी, समदिया

राघोपुर पश्चिमी पंचायतक वार्ड संख्या 1 मे पूर्व सं बनल नालाक मरम्मतिक नाम पर नव योजना बनाराशि निकासी कयल जाएबाक आरोप लगबैत वार्ड सदस्य सभ विरोध जतौलनि अछि। एहि संबंध मे वार्डसदस्य सभ जिला पंचायत राज अधिकारी सहित अन्य वरीय अधिकारी सभ कें विस्तृत आवेदन दैत कारबाइक मांग केने छथि। आवेदन मे कहल गेल अछि जे पंचायतक मुखिया, पंचायत सचिव आ अधिकारी सभक कथित मिलीभगत सं योजनाक क्रियान्वयन मे अनियमितता कयल जा रहल अछि। एहि संबंध मे पूर्वो मे आवेदन देल गेल छल, मुदा अधिकारी सभ एहि पर कोनो संज्ञान नहि लेलनि। वार्ड संख्या 11 की सदस्य इंदु देवी आ वार्ड संख्या 1 के सदस्य मो. हकीम कहलनि जे नालाक मरम्मतिक नाम पर ओकरढक्कन पर रंग-रोगन कए नव योजना देखबैत सरकारी राशि निकालल जा रहल अछि। एहि अनियमितताक विरोध करैत ओ सभ योजनाक काज रोकि देलनि। वार्ड सदस्य सभ चेतावनी देलनि जेयदि अधिकारी सभ पंचायतक योजनाक जांच नहि करैत छथि, तं प्रखंड मुख्यालय मे धरना सहित अन्यविरोधात्मक कार्यक्रम कयल जाएत। एहि स्थितिक जिम्मेदारी प्रशासनक होयत।

# शांतिपूर्ण मनाउ दुर्गापूजा, कोनो हालति मे नहि बाजत डीजे : एसएचओ

बेनीपट्टी, समदिया




दुर्गापूजा शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ सुरक्षित माहौल मे संपन्न करयबाक लेल शुक्रदिन बेनीपट्टी थाना परिसर मे शांति समितिक बैसार आयोजित कयल गेल। अध्यक्षता एसएचओ इंस्पेक्टर अनुप कुमारकयलनि। बैसार मे बीडीओ महेश्वर पंडित, अंचलाधिकारी अभिषेक आनंद सहित जनप्रतिनिधि, सामाजिककार्यकर्ता आ विभिन्न दुर्गापूजा समितिक सदस्य उपस्थित छलाह।बैसार मे अधिकारी सभ पूजा समिति सभ सं निर्धारित नियम आ प्रशासनिक निर्देशसभक सख्तीपूर्वकपालन करैत पर्व मनयबाक अपील कयलनि। एसएचओ स्पष्ट कहलनि जे दुर्गापूजाक दौरान कोनो हालतमे डीजे नहि बाजत। एहि प्रतिबंधक पालन सभ पूजा समितिक लेल अनिवार्य होयत। अधिकारी सभचेतावनी देलनि जे सामाजिक सौहार्द बिगाड़य, अफवाह फैलाबय वा विधि-व्यवस्था भंग करबाक प्रयासकरयवला लोकसभक विरुद्ध सख्त कारबाइ कयल जायत। ओ लोक सभ सं कोनो तरहक अफवाह परध्यान नहि देबाक आ संदिग्ध गतिविधिक जानकारी तुरंत प्रशासन वा पुलिस कें देबाक अपील कयलनि।पूजा समिति सभ कें पंडालक आसपास पर्याप्त सतर्कता रखबाक आ कार्यकर्ता सभ कें मुस्तैद रहबाक निर्देश देल गेल। पंडालक आसपास बिजलीक तार सभ कें दुरुस्त रखबाक संग सुरक्षा संबंधी आवश्यक सावधानी बरतबाक लेल कहल गेल। कोनो समस्या वा अप्रिय स्थिति उत्पन्न होयला पर तत्काल संबंधितपदाधिकारी कें सूचना देबाक निर्देश सेहो देल गेल, जाहि सं समय रहैत आवश्यक कारबाइ कयल जासकय।अधिकारी सभ कहलनि जे पर्वक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखब प्रशासनक प्राथमिकता अछि। एहिमामिला मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत। ओ सभ सं आपसी भाईचारा, सामाजिक समरसता आ सौहार्दक संग दुर्गापूजा आ दशहरा मनयबाक अपील कयलनि। बैसार मे जदयू प्रखंड अध्यक्ष प्रदीप झा बासु, कांग्रेस प्रखंड अध्यक्ष कालिशचंद्र झा कन्हैया, मुखिया अमरेंद्र मिश्रा सुगन, सरपंच संतोष झा, परवेज आलम, मुखिया मोहम्मद जिलानी, मुरारी झा, दिलीप मुखिया, घूरन साह, महेंद्र साह आ संजीत कुमार झा सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

**विद्यार्थी सभ काव्य-पाठ सं देखौलनि प्रतिभा, शुद्ध उच्चारण आ भावाभिव्यक्ति पर देल गेल जोर**

# महात्मा गांधी शिक्षण संस्थान मे हिंदी कविता पाठ प्रतियोगिता आयोजित

दरभंगा, समदिया



लहेरियासराय स्थित महात्मा गांधी शिक्षण संस्थान मे हिंदी कविता पाठ प्रतियोगिताक आयोजन उत्साह आ हर्षोल्लासक संग कयल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ विद्यालयक प्रधानाचार्या श्रावणी शिखा आ निर्णायकमंडलक सदस्य आरती तथा सरिता दीप प्रज्वलित कए कयलनि। प्रतियोगिता मे विद्यार्थी सभ विभिन्न हिंदी कविताक प्रभावशाली पाठ प्रस्तुत कए अपन प्रतिभा, उच्चारण-कौशल, भावाभिव्यक्ति आ आत्मविश्वासक परिचय देलनि। हुनकर प्रस्तुति सभ हिंदी भाषाक सुंदरता, साहित्यक समृद्धि आ कविताकभावनात्मक शक्तिक प्रदर्शन कयलक। एहि अवसर पर प्रधानाचार्या श्रावणी शिखा कहलनि जे हिंदी मात्रएकटा भाषा नहि, बल्कि हमर संस्कृति, संवेदना आ पहचानक प्रतीक अछि। कविता पाठ सं विद्यार्थी सभ मे शुद्ध उच्चारण, प्रभावशाली अभिव्यक्ति, आत्मविश्वास आ साहित्यक प्रति रुचिक विकास होइत अछि। ओ विद्यार्थी सभ कें नियमित अभ्यास करबाक आ कविताक भाव कें नीक जकां बुझि ओकर प्रस्तुतिदेबाक लेल प्रेरित कयलनि। संगहि हिंदी शिक्षकसभक प्रयासक सराहना करैत ओ कहलनि जे एहि तरहक प्रतियोगिता विद्यार्थीसभक सर्वांगीण विकास लेल महत्वपूर्ण अछि। कार्यक्रमक अंत मे विद्यालयक सीसीए प्रभारी पलक मिश्रा धन्यवाद ज्ञापन कयलनि। ओ प्रधानाचार्या, निर्णायक मंडल, हिंदी विभाग, शिक्षक आविद्यार्थीसभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। प्रतियोगिताक सफल आयोजन सं विद्यार्थी सभ मे हिंदीभाषा आ साहित्यक प्रति रुचि बढ़ेबाक संग अपन अभिव्यक्ति-कौशल निखारबाक अवसर भेटल।

# नवरात्रिक छठम दिन कलश शोभायात्रा सं भक्तिमय बनल दरभंगा

दरभंगा, समदिया

**शहर सं गाम धरि मां भगवतीक आराधना मे लीन रहलाह श्रद्धालु**



शारदीय नवरात्रिक छठम दिन बृहस्पतिदिन दरभंगा शहर सं लए ग्रामीण क्षेत्र धरि मां भगवतीक पूजा-अर्चना आ भक्तिक माहौल बनल रहल। विभिन्न पूजा समितिसभक दिस सं भव्य कलश शोभायात्रानिकालल गेल। एहि शोभायात्रा सभ मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु शामिल भए पूरा वातावरण कें भक्तिमयबना देलनि। कलश शोभायात्रा मे शामिल श्रद्धालु भक्ति गीत आ जयकारा लगबैत विभिन्न मार्ग संगुजरलाह। मां दुर्गाक जयकारा सं पूरा क्षेत्र गुंजायमान होइत रहल। कतेको स्थान पर श्रद्धालु सभ पारंपरिक रीति-रिवाजक संग कलश यात्रा निकालि मां भगवतीक प्रति अपन आस्था प्रकट कयलनि। शहरक विभिन्न पूजा पंडाल सभ मे भोरे सं श्रद्धालुक भीड़ जुटय लागल। ओतहि ग्रामीण क्षेत्र सभ मे सेहो पूजा समितिसभक दिस सं धार्मिक अनुष्ठान आयोजित कयल गेल। कलश शोभायात्रा मे महिला आयुवतीसभक भागीदारी आयोजनक भव्यता कें आरो बढ़ा देलक। नवरात्रिक छठम दिन मां दुर्गाक छठम स्वरूप मां कात्यायनीक विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चना कयल गेल। श्रद्धालु सभ परिवारक सुख-समृद्धि, शांति आ कल्याणक कामना कयलनि। पूजा समितिसभक दिस सं श्रद्धालुसभक सुविधा आ आयोजन कें व्यवस्थित रखबाक लेल आवश्यक व्यवस्था कयल गेल छल। नवरात्रिक अवसर पर पूरा जिला मे भक्तिमय वातावरण देखल गेल। शहर सं गाम धरि लोक मां भगवतीक आराधना मे लीन रहलाह।

# माकपा जिला सचिव मंडल सदस्य बाबूलाल महतो पर जानलेवा हमला

मधुबनी, समदिया

भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी) केर मधुबनी जिला सचिव मनोज कुमार यादव प्रेस विज्ञप्ति जारी कए कहलनि जे माकपा के जिला सचिव मंडल सदस्य बाबूलाल महतो पर 12 अक्टूबर 2026 के जानलेवाहमला कयल गेल। ओ औसी जीरो माइल चौक सं सांझ करीब 7:30 बजे मोटरसाइकिल सं अपन घरखिखड़ीपट्टी जा रहल छलाह। एहि क्रम मे धेपुरा चौक लग घात लगौने अपराधी सभ हुनका पीछाकयलक आ रस्ता मे दर्जनों अपराधी लोहाक छड़, हथियार आ लाठी-डंडा सं जान मारबाक नीयत सं हमला कए देलक। एहि हमला मे बाबूलाल महतो गंभीर रूप सं घायल भए बेहोश भए गेलाह। घटनाक सूचनाभेटलाक बाद



112 नंबरक औसी पुलिस मौका पर पहुंचलक आ घायल बाबूलाल महतो कें बिस्फी अस्पताल मे भर्ती करौलक, जतय हुनकर उपचार चलि रहल अछि। हुनकर माथ पर लोहाक छड़ सं गंभीरचोट लगबाक बात कहल गेल अछि। हुनकर स्थिति गंभीर बनल अछि आ ओ जीवन-मृत्यु सं संघर्ष कएरहल छथि। माकपा जिला सचिव मनोज कुमार यादव, दिलीप झा, बिंदु यादव, ललित कुशवाहा आ अरुणयादव एहि घटनाक कड़ी निंदा कयलनि। पार्टी नेता सभ अविलंब प्राथमिकी दर्ज कए हमलावर अपराधीसभक विरुद्ध कड़गर कारबाइ करबाक मांग कयलनि। माकपा नेताक कहब छलनि जे मधुबनी सहित पूरा बिहार मे अपराधी सभक मनोबल बहुत बढ़ि गेल अछि। मधुबनीक प्रशासन अपराधी सभ कें पकड़य मे विफल साबित भए रहल अछि। सामाजिक कार्यकर्ता आ राजनीतिक नेता सभ कें निशाना बनाकऽ हमला कयल जा रहल अछि, जे अत्यंत निंदनीय अछि। नेता सभ जिला प्रशासन सं मांग कयलनि जे हमलावर सभक विरुद्ध अविलंब कड़गर कारबाइ कयल जाए। ओ चेतावनी देलनि जे जं प्रशासन अपराधी सभक विरुद्ध प्रभावकारी कारबाइ नहि करैत अछि, तं प्रशासनक विरुद्ध आंदोलन तेज कयल जाएत।

# नगर परिषद क्षेत्र मे लागत 143 उच्च रिजोल्यूशन एआइ कैमरा

## तेसर आंखि राखत झंझारपुर शहर पर नजरि

झंझारपुर, समदिया

नगर परिषद क्षेत्रक सुरक्षा आ यातायात व्यवस्था के आधुनिक बनेबाक काज तेज भए गेल अछि। शहरक दू थाना क्षेत्र मे कुल 143 स्थान पर उच्च रिजोल्यूशन एआइ कैमरा लगाओल जाएत। एहि स अपराध परलगाम लगेबाक संग यातायात नियम तोड़यवला लोकक तुरंत पहचान कयल जा सकत। नगर विकास आ आवास विभागक निर्देश पर हैदराबादक एलएंडटी कंपनीक दू सदस्यीय दल शहर मे सर्वे कए रहल अछि। दल चौक-चौराहा, मुख्य सड़क, सरकारी कार्यालय, बस पड़ाव, रेल परिसर आ बेसी भीड़भाड़वला इलाकाक सर्वे पूरा कए लेने अछि। सर्वेक आधार पर कैमरा लगेबाक स्थान सभ कें अंतिम




रूप देल जा रहल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार, झंझारपुर थाना क्षेत्र मे 75 आ झंझारपुर आरएस ओपी क्षेत्र मे 68 स्थान पर कैमरा लगाओल जाएत। ई साधारण कैमरा नहि होयत। एआइ तकनीक सं लैस उच्च रिजोल्यूशन कैमरा रातिक अन्हारो मे गाड़ीक नंबर प्लेट स्पष्ट रूप सं कैद कए सकत। तेज गति, बिना हेलमेट, तीन सवारी आ फर्जी नंबर प्लेट जेकां मामिला सभ कें कैमरा अपने चिन्हित कए लेत आ स्वचालित रूप सं ई-चालानकाटल जाएत। एहि योजना के लए शुक्रदिन अनुमंडल कार्यालय मे एसडीएम टोनी कुमारी समीक्षा बैसार केलनि। बैसार मे मुख्य पार्षद प्रतिनिधि बबलू शर्मा, नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी मनोज कुमार, स्वच्छता पदाधिकारी दीपक कुमार आ संबंधित एजेन्सीक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह। एसडीएम टोनी कुमारी कहलनि जे नगर परिषद अपन स्तर सं सर्वे कराकऽ विस्तृत परियोजना प्रतिवेदन (डीपीआर)तैयार कए विभाग कें पठौने छल। ओहि प्रतिवेदनक आधार पर विभाग एजेन्सी मार्फत सर्वे शुरू करौलक अछि। ओ कहलनि जे कैमरा लगलाक बाद शहरक सुरक्षा व्यवस्था मे व्यापक बदलाव होयत आ शहरक प्रत्येक गतिविधि पर तेसर आंखिक नजरि रहत। शीघ्रे सर्वे प्रतिवेदन विभाग कें पठाओल जाएत। तकर बाद कैमरा लगयबाक काज शुरू होयत।

# बालिकाक शिक्षा, सुरक्षा आ सशक्तीकरण प्रशासनक प्राथमिकता : डीएम

## अंतर्राष्ट्रीय बालिका दिवस पर प्रतिभाशाली छात्रा सभ सम्मानित

मधुबनी, समदिया

अंतर्राष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर 16 अक्टूबर कें मधुबनीक डीआरडीए परिसर मे जिला स्तरीय कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर बालिकाक शिक्षा, सुरक्षा, सम्मान आ लैंगिक समानताक संगहि बाल विवाह उन्मूलन लेल जागरूकता बढ़यबाक आह्वान कयल गेल। कार्यक्रमक माध्य मे ई संदेश देल गेल जे सशक्त बालिके सशक्त आ विकसित समाजक आधार छथि। कार्यक्रमक शुभारंभ अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए कयलनि। जिला मिशन समन्वयक, जिला हब फॉर एमपावरमेंट ऑफ वुमेन, मधुबनी, अंजनी कुमार झा कार्यक्रमक संचालन कयलनि। वक्ता सभ




कहलनि जे प्रत्येक बालिका कें शिक्षा, स्वास्थ्य, पोषण, सुरक्षा आ समान अवसर उपलब्ध करेनाइ परिवार, समाज आ प्रशासनक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। जिला प्रोग्राम पदाधिकारी, आइसीडीएस बालिकासभक समुचित पोषण, स्वास्थ्य आशिक्षाक महत्व पर प्रकाश देलनि। पुलिस उपाधीक्षक रश्मि कुमारी बालिकासभक सुरक्षा, अधिकार संरक्षण आ बाल विवाह रोकबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। असैनिक शल्य चिकित्सक बालिकासभक शारीरिक आ मानसिक विकास लेल उचित पोषण, स्वच्छता आ स्वास्थ्य सेवाक महत्व बतौलनि। बालिकासभक रचनात्मकता आ आत्मविश्वास बढ़ेबाक उद्देश्य सं मेहंदी, गायन आ पेंटिंग प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। मेहंदी प्रतियोगिता मे संध्या कुमारी प्रथम, रागिनी कुमारी द्वितीय आ प्रतिज्ञा कुमारी तृतीय स्थान प्राप्त कयलनि। गायन मे संध्या कुमारी आ साक्षी संयुक्त रूप सं प्रथम, निवेदिता कुमारी द्वितीय आ मनीषा कुमारी तृतीय स्थान पर रहलथि। पेंटिंग प्रतियोगिता मे निधि कुमार प्रथम, सुमन कुमारी द्वितीय आ सुहाना तथा अनामिका कुमारी संयुक्त रूप सं तृतीय स्थान प्राप्त कयलनि। विजेता छात्रा सभ कें प्रमाण-पत्र आ मोमेंटो प्रदान कए सम्मानित कयल गेलनि। कार्यक्रम मे बाल विवाह रोकबाक, बालिकासभक पढ़ाइ जारी रखबाक आ हुनका आत्मनिर्भर बनेबाक लेल सामूहिक प्रयास पर बल देल गेल। अंत मे अंजनी कुमार झा धन्यवाद ज्ञापन कयलनि।कार्यक्रम मे विभिन्न विभागक पदाधिकारी, शिक्षक, अभिभावक, सामाजिक कार्यकर्ता, छात्रा आ मीडियाप्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

# भैरवस्थान मे 468 लीटर देसी शराब जब्त, टेंपू चालक गिरफ्तार

झंझारपुर, समदिया

शुक्रदिन भैरवस्थान थाना पुलिस अवैध शराबक विरुद्ध कारबाइ करैत 468 लीटर देसी शराबक संग एक तस्कर कें गिरफ्तार कयलक। पुलिस शराब लदल टेंपू सेहो जब्त कयने अछि। थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारीकहलनि जे गुप्त सूचना भेटल छल जे नील रंगक ढाला बला टेंपू मे अवैध शराब लए बिदेश्वर स्थान संउजान दिस जाइत अछि। एहि सूचनाक आधार पर पुलिस बिदेश्वर स्थान मंदिर सं करीब 150 मीटरदक्षिण वाहन जांच शुरू कयलक। पुलिस कें देखिते टेंपू चालक गाड़ी छोड़ि भागय लागल, मुदा पुलिस बल ओकरा खदेड़ि कए पकड़ि लेलक। पूछताछ मे चालक टेंपू मे शराब लदल रहबाक बात स्वीकार कयलक।तलाशी लेबाक क्रम मे टेंपूक ढाला सं 13 टा करिया रंगक प्लास्टिक बोरा मे राखल 52 कार्टून शराबबरामद भेल। प्रत्येक कार्टून मे 30 टा बोतल छल। एहि तरहें कुल 1560 बोतल अर्थात् 468 लीटर मामाश्री ब्रांडक देसी शराब जब्त कयल गेल। घटनास्थल सं विवो कंपनीक एकटा मोबाइल फोन सेहो जब्तकयल गेल। गिरफ्तार तस्करक पहचान फुलपरास थाना क्षेत्रक फुलकाही, वार्ड संख्या 14 निवासी श्यामकुमार चौपालक रूप मे भेल अछि। पूछताछ मे ओ पुलिस कें बतौलक




जे नेपाल सीमा सं शराब लए कएआएल छल आ उजान मे कोनो व्यक्ति कें आपूर्ति करबाक लेल जा रहल छल। थानाध्यक्ष कहलनि जे पुलिस अवर निरीक्षक सोनाली सिंहक आवेदन पर प्राथमिकी दर्ज कए आगूक कारबाइ कयल जा रहल अछि।

# शराब भरल मोटरसाइकिल छोड़ि भागल आरोपी गिरफ्तार

अलीनगर, समदिया

शराबबंदी कानूनक उल्लंघनक मामिला मे अलीनगर थाना पुलिस एकटा नामजद आरोपित कें गिरफ्तार कयलक अछि। आरोपित पुलिस कें देखि शराब भरल मोटरसाइकिल छोड़ि फरार भए गेल छल। गिरफ्तारआरोपितक पहचान अलीनगर थाना क्षेत्रक गरौल गाम निवासी परमेश्वर मुखियाक करीब 23 वर्षीय पुत्रसरोज मुखियाक रूप मे भेल अछि। ई कारबाइ थानाध्यक्ष रंजीत कुमार शर्माक नेतृत्व मे कयल गेल। जानकारीक अनुसार, 4 अक्टूबर कें अलीनगर थाना मे पदस्थापित पुलिस पदाधिकारी रामनरेश महतोपुलिस बलक संग सांझक गश्ती आ वाहन जांच पर निकलल छलाह। एहि दौरान राति करीब 9 बजेघमसाइन चौक पर सूचना भेटल जे गरौल मलाह टोला मे एकटा युवक काल्ह रंगक प्लेटिना मोटरसाइकिलक डिक्की मे शराब राखि नशाक हालत मे हंगामा कए रहल अछि। सूचना भेटिते पुलिस टीमघटनास्थल दिस रवाना भेल। राति करीब 9 बजकर 20 मिनट पर पुलिसक पहुंचैत युवक भीड़ आअन्हारक फायदा उठा मोटरसाइकिल छोड़ि फरार भए गेल। पुलिस ओकर पीछा कयलक, मुदा ओ संकीर्णगलीसभक रास्ते भागय मे सफल रहल। तखन पुलिस मोटरसाइकिल अपन कब्जा मे लए डिक्की तलाशीलेलक। एहि दौरान दू लीटर वाली स्प्राइटक बोतल



मे दू लीटर आ एक लीटर वाली बिसलेरीक बोतल मेएक लीटर देसी चुलाई शराब बरामद भेल। पुलिस कुल तीन लीटर शराब आ मोटरसाइकिल जब्त कएगवाहसभक मौजूदगी मे जब्ती सूची तैयार कयलक। एहि मामिला मे अलीनगर थाना कांड संख्या 147/26, बिहार मद्यनिषेध आ उत्पाद अधिनियमक धारा 30(ए) के अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कयल गेल छल। घटनाक बाद सं आरोपित फरार छल। पुलिस कारबाइ करैत आखिरकार सरोज मुखिया कें गिरफ्तार कएलेलक। पुलिसक कहब अछि जे आरोपितक विरुद्ध नियमानुसार आगांक कानूनी कारबाइ कयल जा रहलअछि।

# केविके सुखेत मे विश्व खाद्य दिवस पर जागरूकता कार्यक्रम

## महिला सभ कें देल गेल पोषणक जानकारी

झंझारपुर, समदिया

डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय, पूसाक अधीन संचालित कृषि विज्ञान केंद्र (केवीके), सुखेत,मधुबनी मे विश्व खाद्य दिवसक अवसर पर एकदिवसीय जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।एहि कार्यक्रम मे ग्रामीण महिला सभ कें पोषण सुरक्षा, स्वास्थ्य आ आत्मनिर्भरता के विषय मे जागरूक कयल गेल। कार्यक्रमक शुरुआत केंद्रक वरीय वैज्ञानिक सह प्रधान डॉ. एसके गंगवार कयलनि। ओ महिलासभ कें विश्व खाद्य दिवसक बधाइ दैत पोषण वाटिका, मशरूम उत्पादन आ दुग्ध उत्पादक महत्व पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे कम सं कम रसायनक उपयोग कए उपजाओल गेल फसल मानव स्वास्थ्य आ पर्यावरण दुनू लेल लाभदायक



होइत अछि। कार्यक्रमक संचालन मत्स्य विशेषज्ञ डॉ. जगपाल कयलनि। ओ पशुपालन आ मत्स्य पालनक माध्यम सं पोषणक जरूरत पूरा करबाक संग आमदनी बढ़ेबाक विभिन्नउपायसभक जानकारी देलनि। पौध संरक्षण वैज्ञानिक डॉ. राहुल सिंह पोषण वाटिका आ फसिल मे कीट-व्याधि प्रबंधन लेल नीमास्त्र, ब्रह्मास्त्र आ दशपर्णी अर्क जेकां प्राकृतिक उपायसभक जानकारी देलनि। एहि दौरान ओ जीवामृत, बीजामृत आ केंचुआ खाद बनेबाक विधि सेहो साझा कयलनि। समापन सत्र मे गृह विज्ञान वैज्ञानिक डॉ. गीता देवी यादव महिला सभ कें केला आ मशरूमक अचार, पपिता सं फ्रूटी आ कैंडीजेकां खाद्य उत्पाद घर पर बनेबाक व्यावहारिक जानकारी देलनि। ओ महिला सभ कें कम परिरक्षककउपयोग कए एहि तरहक उत्पाद तैयार करबाक आ ओकरा अपन उपयोग मे अनबाक संग आमदनी बढ़ेबाक लेल प्रेरित कयलनि।

# स्वच्छता चैलेंज प्रतियोगिताक पंजीकरण आब 25 अक्टूबर धरि

» प्रथम पुरस्कार 25 हजार टाका, विजेता सभक सम्मान 30 अक्टूबर कें होयत

मधुबनी, समदिया

मधुबनी जिला प्रशासन द्वारा शुरू कयल गेल स्वच्छता चैलेंज प्रतियोगिताक पंजीकरण आ पुरस्कार वितरणक तिथि बढ़ा देल गेल अछि। दुर्गा पूजाक सार्वजनिक अवकाश कें देखैत ई निर्णय लेल गेल अछि।आब प्रतियोगिता मे भाग लेबाक इच्छुक नागरिक, समूह आ संगठन 25 अक्टूबर 2026 धरि पंजीकरण करा सकैत छथि। प्रतियोगिताक विजेता सभ कें 30 अक्टूबर कें जिला मुख्यालय मे आयोजित समारोह मेसम्मानित कयल जायत। प्रतियोगिता मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवला तीन प्रतिभागी कें आकर्षक पुरस्कारदेल जायत। प्रथम विजेता कें 25 हजार टाका, दोसर विजेता कें 15 हजार टाका आ तेसर विजेता कें 10हजार टाका पुरस्कारस्वरूप देल जायत। प्रतियोगिता मे भाग लेबाक इच्छुक लोक एहि लिंक पर जा कए पंजीकरण करा सकैत छथि। एहि प्रतियोगिताक उद्देश्य आम लोक कें अपन आसपासक नदी, पोखरि आ अन्य जलस्रोतक साफ-सफाइ आ संरक्षण लेल प्रेरित करब तथा स्वच्छता अभियान मे जनभागीदारी बढ़ायब अछि। प्रतिभागी अपन स्वच्छता संबंधी प्रयासक फोटो अथवा वीडियो साझा कए अपन सहभागिताप्रस्तुत कए सकैत छथि। जिला प्रशासन इच्छुक नागरिक, समूह आ संगठन सभ सं अपील कयने अछि जेओ सभ निर्धारित समयसीमाक भीतर पंजीकरण कराबथि आ स्वच्छता तथा पर्यावरण संरक्षणक एहिअभियान मे सक्रिय भागीदारी निभाबथि। एहि पहल कें जनआंदोलनक रूप देबाक उद्देश्य सं लोक सभ कंअपन आसपासक जलस्रोत स्वच्छ रखबाक लेल आगू एबाक आह्वान कयल गेल अछि।

## पेंटिंगक माध्यम सं विद्यार्थी सब देलनि स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षणक संदेश

# जलस्रोतक संरक्षण आ स्वच्छता अभियान मे विद्यार्थी निभाबथि सक्रिय भूमिका : डीएम

मधुबनी, समदिया

स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रमक अंतर्गत चलाओल जा रहल विशेष अभियानक अंतर्गत जिला गंगा समिति, नमामि गंगे, मधुबनीक तत्वावधान मे सलहा स्थित उत्क्रमित उच्च माध्यमिक विद्यालय मे छात्र-छात्रासभक बीच स्वच्छता, जल आ पर्यावरण संरक्षण विषय पर पेंटिंग प्रतियोगिताक आयोजन कयल गेल। प्रतियोगिता मे विद्यार्थीसब उत्साहपूर्वक भाग लेलनि आ अपन कलाकृतिक माध्यम सं स्वच्छता, जलसंरक्षण आ पर्यावरण सुरक्षाक संदेश देलनि। प्रतियोगिता मे सोनी कुमारी पहिल, ज्योति कुमारी दोसर आ सरिता कुमारी तेसर स्थान प्राप्त कयलनि। सफल प्रतिभागीसब कें प्रमाणपत्र आ पदक दए पुरस्कृत



कयल गेलनि। ओतहि, तीन अन्य प्रतिभागीक सराहनीय पेंटिंग लेल हुनका सभ कें प्रोत्साहन पुरस्कार देलगेलनि।कार्यक्रम मे निर्णायकक रूप मे दुर्गानंद मंडल, चंदा कुमारी आ धर्मदेव रमण महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत विद्यालयक प्रधानाध्यापिका डॉ. मीनाक्षी कहलनि जे स्वच्छता, जल आपर्यावरण संरक्षण मात्र कोनो एक व्यक्ति वा संस्थाक जिम्मेवारी नहि, बल्कि ई हम सभक सामूहिकदायित्व अछि। बच्चा सभ मेक मे उम्र सं स्वच्छताक आदति विकसित करब आ प्राकृतिक संसाधनकसंरक्षणक प्रति संवेदनशील बनायब आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे पेंटिंग जेकां रचनात्मक गतिविधि विद्यार्थीसब कें अपन कल्पनाशीलता आ प्रतिभा देखयबाक अवसर देबाक संग सामाजिक सरोकार सं सेहो जोड़ैत अछि। ओ विद्यार्थीसब सं अपन दैनिक जीवन मे स्वच्छता अपनयबाक, पानिक बर्बादी रोकबाक, गाछ-बिरिछक देखभाल करबाक आ आन लोक कें पर्यावरण संरक्षणक प्रति जागरूक करबाक आह्वान कयलनि। एहि संबंध मे जिलाधिकारी कहलनि जे स्वच्छता, जल आ पर्यावरण संरक्षण कें जन-अभियान बनाबय मे विद्यार्थीक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। पेंटिंग जेकां रचनात्मक गतिविधिक माध्यम सं एहि विषयसभक संदेश समाज धरि प्रभावकारी ढंग सं पहुंचाओल जा सकैत अछि। जिलाधिकारी विद्यार्थीसब सं अपन घर, विद्यालय आ आसपासक क्षेत्र कें स्वच्छ आ सुंदर रखबाक संग जलस्रोतक संरक्षण मे सक्रिय भागीदारी निभयबाक अपील कयलनि।

# संतोष साह बिहार प्रदेश युवा जदयू महासचिव मनोनीत

## जयनगरक संतोष साह कें भेटल नव जिम्मेदारी, समर्थक सभ देलनि बधाइ

जयनगर, समदिया

जयनगर निवासी संतोष साह कें बिहार प्रदेश युवा जनता दल यूनाइटेड (जदयू) के महासचिव मनोनीत कयल गेलनि अछि। हुनकर मनोनयन पर जिला भरिक सामाजिक आ राजनीतिक कार्यकर्ता सभ खुशीव्यक्त करैत बधाई देलनि अछि। युवा जदयू के प्रदेश अध्यक्ष डॉ. नीतीश पटेल हुनका प्रदेश महासचिवकजिम्मेदारी सौंपलनि। पार्टी सं जुड़ल लोकसभक अनुसार, संगठनक प्रति सक्रियता आ राजनीतिक अनुभव कें देखैत संतोष साह कें ई जिम्मेदारी देल गेलनि। ओ



कतेको बरख सं सक्रिय राजनीति मे छथि। ओ युवा जदयू के जिलाध्यक्षक रूप मे कई बेर जिम्मेदारी निभा चुकल छथि। एकरा अतिरिक्त, ओ दरभंगाजिला संगठन प्रभारी आ प्रदेश सचिवक पद पर सेहो काज कयने छथि। संगठनक विभिन्न पद पर काजकरैत ओ कार्यकर्तासभक बीच सक्रिय रहल छथि। हुनका प्रदेश स्तर पर नव जिम्मेदारी भेटला सं पार्टीकसंगठनात्मक गतिविधि कें आगू बढ़ेबा मे सहयोग भेटबाक आशा कार्यकर्ता सभ व्यक्त कयलनि। संतोष साहक मनोनयन पर समर्थक आ पार्टी कार्यकर्ता सभ जदयू के राष्ट्रीय अध्यक्ष, बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा, स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार, प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा, युवा जदयू के प्रदेश अध्यक्ष डॉ. नीतीश पटेल आ प्रदेशमहासचिव रंजीत कुमार झा के प्रति आभार व्यक्त कयलनि। बधाई देनिहार लोक सभ मे जयनगरकमुख्य पार्षद कैलाश पासवान, अतिपिछड़ा प्रकोष्ठक प्रदेश सचिव रामबाबू कामत, जदयू प्रखंड अध्यक्ष राजकुमार सिंह, सांसद प्रतिनिधि विनय सिंह, सुधीर गुप्ता, दीपक गुप्ता आ मनोज सिन्हा सहित अन्यलोक शामिल छथि। संतोष साह कें प्रदेश महासचिव बनाओल गेला सं स्थानीय राजनीतिक आ सामाजिक कार्यकर्ता सभ मे प्रसन्नताक माहौल अछि।

# संपूर्ण मिथिलाक आस्था आ तंत्र-साधनाक प्रमुख केंद्र थिक महिषीक मां उग्रतारा

## सप्तमी, अष्टमी आ नवमी कें विशेष पूजाक विधान, दूर-दूर सं अबैत छथि श्रद्धालु आ साधक

सहरसा, राजीव झा





सहरसा जिलाक महिषी गाम स्थित सिद्धपीठ भगवती उग्रतारा मंदिर शारदीय नवरात्रक दौरान श्रद्धा, भक्ति आ तंत्र-साधनाक प्रमुख केंद्र बनल रहैत अछि। मिथिलांचलक धार्मिक परंपरा सं जुड़ल ई प्राचीन मंदिर मां एकजटा नील सरस्वतीक उपासनास्थल के रूप मे प्रसिद्ध अछि। नवरात्र मे एतय पूजापाठ लेल श्रद्धालुसभक भीड़ जुटैत अछि। खास कए सप्तमी, अष्टमी आ नवमीक पूजा तंत्र-साधना सं जुड़ल साधकसभ लेल महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। धार्मिक मान्यताक अनुसार, मां उग्रतारा कें महर्षि वशिष्ठ द्वाराआराधित ताराक स्वरूप मानल जाइत अछि। कहल जाइत अछि जे महर्षि वशिष्ठ कठोर तपस्या कए देवीतारा कें प्रसन्न कयने छलाह। लोककथा सभ मे देवी आ महर्षि वशिष्ठक साधना तथा तपस्या सं जुड़लकतेको कथा प्रचलित अछि। एहि मान्यताक कारण महिषीक उग्रतारा स्थान उपासना आ साधनाक दृष्टि सं विशिष्ट पहचान रखैत अछि। तंत्र-साधनाक अछि विशेष महत्वस्थानीय आचार्य, पुजारी आ साधक सभक अनुसार, तारा उपासनाक परंपरा मे मां उग्रताराक विशेष स्थानअछि। ब्रह्मानंदगिरि रचित तारा-रहस्य मे देवी तारा कें शीघ्र सिद्धि देनिहार आ धर्म, अर्थ, काम तथामोक्षक दात्री बताओल गेल अछि। धार्मिक मान्यता मे तारा आ भगवान शिवक एकाकार स्वरूपक सेहोवर्णन भेटैत अछि। साधक विभिन्न मनोकामनाक पूर्ति आ आध्यात्मिक उन्नतिक लेल देवीक आराधना करैत छथि। तारा तंत्र सं संबंधित ग्रंथ आ शोध-अध्ययन मे देवीक विभिन्न स्वरूप आ साधना-पद्धतिक उल्लेख अछि। उग्रतारा कें देवी ताराक उग्र स्वरूप मानल जाइत अछि। हालांकि, सिद्धि आ चमत्कार सं जुड़ल दावा धार्मिक मान्यताक विषय थिक। नवरात्रक सप्तमी, अष्टमी आ नवमी कें विशेष अनुष्ठानकपरंपरा मंदिरक तांत्रिक पहचान कें मजबूत करैत अछि।आस्था सर्किट सं धार्मिक पर्यटनक संभावनामहिषी स्थित उग्रतारा मंदिरक धार्मिक महत्व कें देखैत एहि क्षेत्र मे पर्यटनक संभावना बढ़ल अछि। मधुबनीक उच्चैठ भगवती स्थान आ महिषीक उग्रतारा स्थान कें सड़क मार्ग सं जोड़बाक पहल कें आस्था सर्किटक दृष्टि सं महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। कोसी क्षेत्र मे सड़क संपर्क आ पुल निर्माण सं आवागमन नीक बनेबाक प्रयास सेहो भेल अछि। नीक सड़क संपर्क सं श्रद्धालु सभ कें मंदिर धरि पहुंचय मे सुविधा भेटबाक संगहि स्थानीय पर्यटन गतिविधि कें बढ़ावा भेटबाक उम्मीद अछि। मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत,लोकविश्वास आ प्राचीन साधना-परंपरा कें समेटने मां उग्रतारा मंदिर आइयो श्रद्धालुसभक आस्थाक प्रमुखकेंद्र बनल अछि। नवरात्रक अवसर पर एतय दूर-दराज सं श्रद्धालु आ तंत्र-साधक पहुंचैत छथि।

» उच्चैठ भगवती स्थान सं उग्रतारा स्थान कें सड़क मार्ग सं जोड़बाक पहल सं धार्मिक पर्यटन कें भेटत बढ़ावा

# पीएम राहत योजना सं सड़क दुर्घटनाक पीड़ित कें 1.5 लाख टका धरि कैशलेस इलाज

## नेक बटोही कें 25 हजार धरि पुरस्कार

सहरसा, समदिया



सड़क दुर्घटना मे घायल लोक सभ कें त्वरित आ गुणवत्तापूर्ण चिकित्सा सुविधा उपलब्ध करेबाक उद्देश्य सं केंद्र सरकार प्रधानमंत्री राहत योजना शुरू कयने अछि। एहि योजनाक अंतर्गत पात्र सड़क दुर्घटना पीड़ित सभ कें अधिकृत अस्पताल मे अधिकतम 7 दिन धरि 1.5 लाख टका तक कैशलेस उपचारक सुविधा देबाक प्रावधान अछि। एकर मुख्य उद्देश्य दुर्घटनाक बादक महत्वपूर्ण समय, अर्थात् गोल्डन ऑवरमे इलाज सुनिश्चित कए घायल व्यक्तिक जान बचायब अछि। जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमारबरनवाल जिलावासि सभ सं दुर्घटना मे घायल व्यक्तिसभक मदद करबाक अपील कयलनि। ओ कहलनिजे दुर्घटनाक बाद प्रत्येक मिनट महत्वपूर्ण होइत अछि। एहन स्थिति मे घायल कें शीघ्र अस्पताल पहुंचायब आ आवश्यकता पड़ला पर आपातकालीन सेवा कें सूचना देब आवश्यक अछि। जिलाक कतेको अस्पताल मे उपचारक सुविधा जिला परिवहन कार्यालय सं प्राप्त जानकारीक अनुसार, जिला अस्पताल सहरसा, अनुमंडल अस्पताल सिमरी बख्तियारपुर, सूर्या अस्पताल, प्रांजल श्री अस्पताल, लॉर्ड बुद्धा कोसी मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल, श्री नारायण मेडिकल संस्थान, एसआरबी अस्पताल, महावीर सबलाइम हॉस्पिटल, नयन ज्योति नेत्र चिकित्सा केंद्र आ सभ प्रखंड स्तरीय सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे एहि योजनाक अंतर्गत उपचारकसुविधासंबंधी जानकारी उपलब्ध अछि।नेक राहगीर कें भेटत प्रोत्साहनसड़क दुर्घटना मे घायल व्यक्ति कें अस्पताल पहुंचा कए हुनकर जान बचयबा मे मदद करयवला पात्रनेक राहगीरसब कें निर्धारित दिशा-निर्देशक अनुसार 25 हजार टका धरि पुरस्कार देल जा सकैत अछि।हुनका सभ कें 15 अगस्त आ 26 जनवरी कें जिला स्तर पर सम्मानित करबाक प्रावधान सेहो अछि।डीटीओ सुजीत कुमार बरनवाल कहलनि जे सड़क दुर्घटना होइते तुरंत 112 नंबर पर फोन करबाक चाही। घायल व्यक्ति कें अस्पताल पहुंचय मे देरी नहि करबाक चाही आ कागजात वा पाइक अभाव मे आपातकालीन उपचार बाधित नहि होमय देबाक चाही। ओ वाहन चालक सभ सं हेलमेट आ सीट बेल्ट लगयबाक, निर्धारित गति सीमाक पालन करबाक आ यातायात नियमक अनुसार वाहन चलयबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे सड़क सुरक्षा सभ नागरिकक सामूहिक जिम्मेवारी अछि। दुर्घटना मे घायल व्यक्ति कें समय पर सहायता देब आ सुरक्षित यातायात सुनिश्चित करब सभक कर्तव्य अछि।

# दुर्गा पूजा कें लए भुतही थाना पुलिस निकाललक फ्लैग मार्च

## असामाजिक तत्व पर रहत कड़गर नजरि

सीतामढ़ी, समदिया



दुर्गा पूजा कें शांतिपूर्ण आ सद्भावपूर्ण वातावरण मे संपन्न करयबाक लेल भुतही थाना पुलिस सतर्क अछि। एहि क्रम मे थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त कुमारक नेतृत्व मे थाना क्षेत्रक विभिन्न गाम मे फ्लैग मार्चनिकालल गेल। फ्लैग मार्चक माध्यम सं पुलिस आम लोक कें शांति आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाकसंदेश देलक।फ्लैग मार्च मे अपर थानाध्यक्ष रणवीर कुमार, पुलिस अवर निरीक्षक विवेक कुमार, उमेश रजक, राज दीपक सहित थाना अन्य पुलिसकर्मी शामिल छलाह। पुलिस बल भुतही, विशनपुर, लोहखर, मधेसरा, लक्ष्मीपुर, फतहपुर सहित थाना क्षेत्रक विभिन्न गाम मे भ्रमण कए सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेलक। एहि अवसर पर थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त कुमार कहलनि जे दुर्गा पूजा आस्था, श्रद्धा आ आपसी भाइचाराक पर्व अछि। सभलोक एहि पर्व कें शांतिपूर्ण आ सद्भावपूर्ण वातावरण मे मनाबथि। ओ आम नागरिक आ पूजा समिति सभ सं अपील कयलनि जे पूजाक दौरान प्रशासन द्वारा निर्धारितनियमक पालन करथि आ शांति-व्यवस्था बनौने रखबा मे पुलिस कें सहयोग करथि। कोनो अफवाह पर ध्यान नहि देथि आ बिना पुष्टि कयने भ्रामक सूचना नहि फैलाबथि। सोशल मीडिया पर प्रसारितहोमयवला भ्रामक आ भड़काउ सूचना सभ सं सेहो सतर्क रहबाक आवश्यकता अछि। थानाध्यक्ष स्पष्टकयलनि जे पर्वक दौरान शांति भंग करबाक, सामाजिक सद्भाव बिगाड़बाक अथवा विधि-व्यवस्था प्रभावितकरबाक प्रयास करयवला लोक पर पुलिसक पैनी नजरि रहत। एहन तत्वसभक विरुद्ध नियमानुसारकारबाइ कयल जाएत। ओ लोक सभ सं कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी तुरंत पुलिस कें देबाक अपीलसेहो कयलनि।

# महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स मे गहना खरीदला पर 40% धरि छूट

» गांधी बाजार राजनगर मे उपलब्ध अछि आकर्षक कलेक्शन

## सोना आ हीराक आभूषण पर विशेष ऑफर

राजनगर, समदिया




पर्व-त्योहार आ शादी-विवाहक अवसर पर गहनाक खरीदारी कें खास बनेबाक लेल राजनगरक गांधी बाजारस्थित महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स द्वारा विशेष छूट देल जा रहल अछि। प्रतिष्ठानक अनुसार,सोनाक गहनाक मेकिंग चार्ज पर 40% धरि आ हीराक गहनाक मूल्य पर 25% धरि छूट उपलब्ध अछि।प्रतिष्ठान मे 916 हॉलमार्क सोनाक गहना, चानी आ हीराक आभूषणक आकर्षक रेंज उपलब्ध अछि।पारंपरिक मिथिला डिजाइन सं लए आधुनिक आ दुल्हिनक विशेष कलेक्शन धरि विभिन्न विकल्प ग्राहकसभक लेल राखल गेल अछि। उचित मूल्य, पारदर्शी व्यवहार आ ग्राहकक विश्वास प्रतिष्ठानक प्रमुख विशेषता बताओल गेल अछि। प्रतिष्ठानक प्रोपराइटर अमरनाथ प्रसाद व्यापारिक गतिविधिक संगसामाजिक कार्यो मे सक्रिय रहैत छथि। हुनकर कहब छनि जे ग्राहकसभक विश्वास प्रतिष्ठानक सभ संपैघ पूंजी अछि। पुरान सोनाक उचित मूल्यांकन आ पारदर्शी वापसी सुविधापर सेहो विशेष ध्यान देलजाइत अछि। प्रतिष्ठानक अनुसार, मधुबनी सहित आसपासक जिला आ दूर-दराजक क्षेत्र सं ग्राहक गहनाखरीदबाक लेल राजनगर अबैत छथि। पर्व-त्योहारक एहि अवसर पर ग्राहक विशेष छूटक लाभ उठा अपन पसिनाक आभूषण खरीद सकैत छथि।

# निर्दलीय प्रत्याशी भूषण कुमार झाक समर्थन मे जनसंपर्क अभियान

सीतामढ़ी, समदिया



तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं निर्दलीय प्रत्याशी भूषण कुमार झाक समर्थन मे मदरसा डेवलपमेंट ऑर्गेनाइजेशनक प्रदेश मीडिया प्रभारी अरमान अली शिक्षक मतदाता सभ सं मतदान करबाक अपीलकयलनि। ओ कहलनि जे 23 अक्टूबर कें शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक मतदाता मतपत्र मे क्रम संख्या 10 पर प्रथम वरीयताक मत दए भूषण कुमार झा कें विजयी बनबथि। अरमान अली कहलनि जे शिक्षक निर्वाचनक्षेत्रक चुनाव शिक्षकसभक हित, समस्या आ भविष्य सं जुड़ल अछि। एहन स्थिति मे मतदाता सभ केंसोचि-समझि अपन मताधिकारक प्रयोग करबाक चाही आ अपन प्रतिनिधिक चयन मे सक्रिय भूमिका निभेबाक चाही। ओ तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक सभ सम्मानित शिक्षक मतदाता सभ सं अपीलकयलनि जे चुनाव मे एकजुट भए निर्दलीय प्रत्याशी भूषण कुमार झाक पक्ष मे मतदान करथि। ओ विशेषरूप सं कहलनि जे मतपत्र मे क्रम संख्या 10 पर प्रथम वरीयताक मत दए भूषण कुमार झा कें विजयीबनाबय मे अपन योगदान देथि। अरमान अली मतदाता सभ सं मतदानक दिन अनिवार्य रूप सं अपनमताधिकारक प्रयोग करबाक आग्रह कयलनि। ओ कहलनि जे मतदानक समय क्रम संख्या 10 पर विशेष ध्यान दैत भूषण कुमार झाक पक्ष मे प्रथम वरीयताक मत देथि। ओ सभ शिक्षक मतदाता, समर्थक आ शुभचिंतक सभ सं चुनाव मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निभेबाक अपील कयलनि।

# फतहपुर मे 251 कन्या सभ निकाललनि कलश शोभायात्रा

सोनबरसा, समदिया



शारदीय नवरात्रक अवसर पर सोनबरसा प्रखंडक फतहपुर गाम मे भक्ति आ आस्थाक अनुपम संगम देखय लेल भेटल। नवयुवक दुर्गा पूजा समितिक तत्वावधान मे भव्य कलश शोभायात्रा निकालल गेल,जाहि मे 251 कन्या सभ भाग लेलनि। धार्मिक अनुष्ठानक संग निकलल एहि यात्रा सं पूरा गामभक्तिमय वातावरण मे सराबोर भए गेल। कलश शोभायात्रा मे शामिल कन्या सभ फुलकाहा मोड़ स्थितलखनदेई नदी लग पहुंचलथि, जतय विधि-विधानपूर्वक कलश मे जल भरल गेल। तकर बाद सभ कन्या कलश लए पूजा स्थल पर वापस अयलीह। यात्राक दौरान श्रद्धालुसभक जयकारा आ पारंपरिक वाद्ययंत्रक गूंज सं पूरा इलाका गुंजायमान रहल। शोभायात्रा मे पैघ संख्या मे ग्रामीण आ श्रद्धालु सभ भाग लेलनि। पारंपरिक संगीतक बीच निकलल एहि यात्रा सं धार्मिक उत्साह आ बढ़ि गेल। श्रद्धालु सभ एहि आयोजनकें धार्मिक आस्थाक संग सामाजिक एकता आ आपसी सद्भावक प्रतीक बतौलनि।एहि अवसर पर नवयुवक दुर्गा पूजा समितिक अध्यक्ष कैलाश राउत, सचिव महेंद्र साह, राष्ट्रपति पुरस्कारसं सम्मानित शिक्षक राजकिशोर राउत, पूर्व मुखिया सदरे आलम खान, शत्रुघ्न बैठा, अशोक साह, पैक्सअध्यक्ष अभिमन्यु साह, भाजपा नेता मनोज बैठा, पंचायत समिति सदस्य सुहागो देवी, विजय महतो, सत्यनारायण साह, गगनदेव राउत, तेजनारायण राउत, रवि कुमार, शिव कुमार, मन्नुलाल साह, संजयपासवान आ राघो पासवान सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

# आगि लगला सं चारि परिवार कें लाखोक नोकसान, पूर्व विधायक पठौलनि राहत सामग्री



सीतामढ़ी, समदिया

बैरगनिया प्रखंडक चकवा पंचायत अंतर्गत तकिया टोला, वार्ड संख्या 05 मे बिति गेल राति आगि लगला सं चारि परिवारक घर मे भारी नोकसान भेल। एहि अगलगी मे देवेंद्र राम, हरेंद्र राम, कमालुद्दीन मंसूरीआ समुल्ला मंसूरीक घर मे राखल संपत्ति जरि कए राख भए गेल। घटनाक सूचना स्थानीय लोक सभ पूर्व विधायक अमित कुमार टुन्ना कें देलनि। सूचना भेटिते ओ अपन पैघ भाइ योगेंद्र सिंहक माध्यम संपीड़ित परिवारसभक बीच चाउर, त्रिपाल आ नगद राशि उपलब्ध करौलनि, जाहि सं संकट सं गुजरि रहलपरिवार सभ कें किछु राहति भेटि सकय। राहत सामग्री उपलब्ध करयबाक संगहि योगेंद्र सिंह पीड़ित परिवार सभ कें भरोस देलनि जे एहि संकटपूर्णघड़ी मे हुनका सभक हरसंभव सहायता करबाक प्रयास कयल जाएत। पीड़ित परिवार सभ कें राहति उपलब्ध करयबाक दौरान संतोष पासवान, प्रखंड अध्यक्ष, कासिम मंसूरी, शेख सद्दाम, अरसद, दानिश खान, इस्लाउल खातून सहित कतेको स्थानीय लोक उपस्थित छलाह।

# प्रशांत रोड दुर्गा मंदिर मे 1974 सं चलि रहल अछि पूजाक परंपरा

## महाष्टमी सं चारि दिन धरि लगत मेला, कोलकाताक कलाकार बना रहल छथि पंडाल

सहरसा, समदिया



सहरसाक प्रशांत रोड स्थित दुर्गा मंदिर मे 1974 सं मां दुर्गाक पूजाक परंपरा निरंतर चलि रहल अछि। शुरुआती दौर मे टीनक छतवला झोपड़ीनुमा घर बनाकए मां दुर्गाक तस्वीर स्थापित कए पूजापाठ शुरूकयल गेल छल। रेलवे स्टेशन आ बस स्टैंड लग होयबाक कारण शुरूए सं एतय श्रद्धालु आ आमलोकसभक भीड़ जुटैत रहल अछि। धीरे-धीरे पूजाक स्वरूप बदलल आ मां दुर्गाक तस्वीरक स्थान पर माटिक प्रतिमा स्थापित कयल जाय लागल। एकर संग मेले सेहो आयोजित होमय लागल। 1980क दशकमे मंदिरक पक्का निर्माण शुरू भेल। तकर बाद 1990 सं पक्का मंदिर मे मां दुर्गाक भव्य प्रतिमा स्थापित कए पूजापाठ कयल जाय लागल। समयक संग एहि पूजाक आकर्षण बढ़ैत गेल आ प्रशांत रोड दुर्गा मंदिर शहरक प्रमुख पूजा स्थलक रूप मे स्थापित भए गेल। प्रतिमाक भव्यता आ विशालता श्रद्धालुसभक खास आकर्षण रहैत अछि।

**- महाष्टमी सं चारि दिन धरि लागत मेला** मंदिर परिसर मे महाष्टमी सं चारि दिन धरि मेलाक आयोजन होइत अछि। एहि दौरान पैघ संख्या मेश्रद्धालु मां दुर्गाक दर्शन लेल पहुंचैत छथि। भीड़ कें देखैत नव दुर्गा पूजा समितिक तरफ सं तैयारी केंआखरी रूप देल जा रहल अछि। पूजाक व्यवस्थित संचालन लेल समिति गठित अछि। कोलकाताक कलाकार बना रहल छथि भव्य पंडाल एहि बेर सेहो मंदिर मे मां दुर्गाक भव्य प्रतिमा स्थापित करबाक तैयारी अछि। कोलकाताक कलाकार आकर्षक पंडाल बना रहल छथि। समिति सदस्य मनोज गुप्ता बतौलनि जे पंडाल कें भव्य आ आकर्षक रूप देल जा रहल अछि। मूर्तिकार दिनेश कुमार मां दुर्गाक प्रतिमा बना रहल छथि। हुनकर परिवारक सदस्य पहिने सं एतय प्रतिमा निर्माण करैत आबि रहल छथि। एहि कारण प्रतिमा बनेबाक परंपरा सेहोवर्षों सं जारी अछि।समिति सदस्य तैयारी मे जुटलनव दुर्गा पूजा समितिक अध्यक्ष डॉ. अनुज कुमार यादव, उपाध्यक्ष वेदप्रकाश झा आ बालकृष्ण निराला, सचिव रुद्रनाथ गुप्ता, उपसचिव सोनलाल साह, मीडिया प्रभारी शशिशेखर झा सम्राट, कोषाध्यक्ष वीरेंद्र यादव आ उपकोषाध्यक्ष रामकुमार शर्मा व्यवस्थाक देखरेख कए रहल छथि। निगरानी समिति मे राजकुमार भगत, मोहन भगत, भगवान देव गुप्ता, लोचन शर्मा, चंद्र ठाकुर, संजीत भगत, दीपनारायण शर्मा, टीपू झा आ मनोज गुप्ता सहित अन्य सदस्य शामिल छथि। पंडित वेदानंद झाकनिर्देशन मे पूजाक तैयारी चलि रहल अछि। पांच दशक सं बेसी पुरान ई पूजा परंपरा शहरक धार्मिक आ सांस्कृतिक विरासतक महत्वपूर्ण हिस्सा बनि गेल अछि। श्रद्धालु सभ कें एहि बेर सेहो मां दुर्गाक भव्यप्रतिमा, आकर्षक पंडाल आ मेलाक बेसब्री सं प्रतीक्षा अछि।

# गंगा सागर छठ पूजा समितिक नवनिर्वाचित पदाधिकारी सभ कें देल गेल प्रमाणपत्र

## निवर्तमान अध्यक्ष हरि नारायण गुप्ता माला आ अबीर लगा कए देलनि बधाइ

जनकपुरधाम, समदिया



जनकपुरधामक चर्चित गंगा सागर छठ पूजा समितिक नवनिर्वाचित पदाधिकारी सभ कें निर्वाचन पदाधिकारी दिनेश शर्माक हाथे प्रमाणपत्र हस्तांतरित कयल गेलनि। समितिक कार्यालय मे आयोजितकार्यक्रम मे नवनिर्वाचित अध्यक्ष सतीश कुमार कर्ण, उपाध्यक्ष रामचंद्र पंजियार, सचिव मोहन राय आसहसचिव महेश मंडल खतवे कें प्रमाणपत्र देल गेलनि। एहि दौरान समितिक सदस्य बसंत वाग्ले, केशव शर्मा आ महेंद्र खतवे कें सेहो प्रमाणपत्र प्रदान कयल गेलनि। समितिक निवर्तमान अध्यक्ष हरि नारायण गुप्ता नवनिर्वाचित पदाधिकारी सभ कें माला पहिरा आ अबीर लगाकऽ बधाई देलनि। ओ सभ नवनिर्वाचित पदाधिकारीसभक सफल कार्यकालक कामना करैत आशा व्यक्त कयलनि जे नव नेतृत्वसमितिक काज कें आगू बढ़ेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभायत। कार्यक्रम मे गंगा सागर छठ पूजा समितिक कतेको पूर्व पदाधिकारी सेहो उपस्थित छलाह।

# धर्मांतरण, जाति आ आरक्षणक महासंग्राम!

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर भारत मे धर्मक स्वतंत्रता, सामाजिक न्याय आ आरक्षणक संवैधानिक व्यवस्थाक बीच चलैत आबि रहल बहस 15 अक्टूबर 2026 कें एकटा महत्त्वपूर्ण मोड़ पर पहुंचल। उच्चतम न्यायालय तमिलनाडु सरकारक याचिका खारिज करैत मद्रास उच्च न्यायालयक ओहि फैसला कें बरकरार रखलक, जाहि मे इस्लाम स्वीकार करयबला व्यक्ति सभ कें हुनकर पुरान जातिगत अथवा सामाजिक वर्गक आधार पर स्वतः पिछड़ा वर्ग (मुस्लिम) आरक्षण देबाक सरकारी आदेश कें असंवैधानिक ठहराओल गेल छल। एहि फैसलाक मूल संदेश ई अछि जे मात्र धर्म परिवर्तन कयला सं कोनो व्यक्ति अपन पुरान जाति अथवा सामाजिक श्रेणीक आधार पर दोसर अधिसूचित पिछड़ा मुस्लिम समुदायक सदस्य स्वतः नहि बनि जाइत अछि। मुदा एकर अर्थ इहो नहि जे कोनो धर्मक व्यक्ति कें कोनो परिस्थिति मे पिछड़ा वर्गक आरक्षण नहि भेटि सकैत अछि। वास्तविक प्रश्न ई अछि जे संबंधित समुदाय कें कानूनक अंतर्गत मान्यता प्राप्त अछि वा नहि आ आरक्षणक दाबी निर्धारित संवैधानिक आ कानूनी शर्त पूरा करैत अछि वा नहि।

## विवादक मूल की अछि?

एहि मामिलाक नाम द सेक्रेटरी टू गवर्नमेंट बनाम समीर अहमद आ अन्य अछि। ई विशेष अनुमति याचिका (सिविल) संख्या 25507/2026क रूप मे उच्चतम न्यायालय मे दर्ज छल। विवादक जड़ि मद्रास उच्च न्यायालयक मदुरै पीठक 25 जून 2026क निर्णय छल। उच्च न्यायालय तमिलनाडु सरकारक 9 मार्च 2024क सरकारी आदेश कें असंवैधानिक घोषित कयने छल। तकर बाद राज्य सरकार उच्चतम न्यायालय मे चुनौती देलक, मुदा 15 अक्टूबर 2026 कें ओकर याचिका खारिज भए गेल। तमिलनाडु सरकारक पिछड़ा वर्ग, अति पिछड़ा वर्ग आ अल्पसंख्यक कल्याण विभाग 9 मार्च 2024 कें सरकारी आदेश संख्या 31 जारी कयने छल।

पिछड़ा वर्ग आयोगक 6 फरवरी 2024क अनुशंसाक आधार पर व्यवस्था कयल गेल छल जे पिछड़ा वर्ग, अति पिछड़ा वर्ग, विमुक्त समुदाय अथवा अनुसूचित जाति सं संबंधित व्यक्ति इस्लाम स्वीकार कयलाक बाद सात अधिसूचित पिछड़ा मुस्लिम समुदाय मे सं कोनो एकटाक प्रमाणपत्र प्राप्त कए सकैत छथि। सरकारक तर्क छल जे पहिने आरक्षणक लाभ पाबि रहल लोक कें मात्र धर्म परिवर्तनक कारण एहि सुविधा सं वंचित नहि कयल जेबाक चाही। मुदा कानूनी प्रश्न ई उठल जे की सरकार प्रशासनिक आदेशक माध्यम सं कोनो व्यक्ति कें एहन मुस्लिम समुदाय कें सदस्य घोषित कए सकैत अछि, जाहि सं हुनकर वास्तविक सामाजिक अथवा सामुदायिक संबंध प्रमाणित नहि अछि।



## सात मुस्लिम समुदाय आ आरक्षणक पात्रता

तमिलनाडुक अधिसूचित पिछड़ा मुस्लिम समुदाय सभ मे अंसार, दक्खिनी मुस्लिम, दुबेकुला, लब्बाई (रौथर आ मरक्कायर सहित), मापिला, शेख आ सैयद शामिल छथि। एहि समुदाय सभ कें राज्यक आरक्षण कानूनक अंतर्गत मान्यता प्राप्त अछि। उच्च न्यायालयक कहब छल जे मात्र इस्लाम स्वीकार कयला सं कोनो व्यक्ति कें एहि सात समुदाय मे सं ककरो सदस्य मानि लेब कानूनी रूप सं उचित नहि अछि। कार्यपालिका सरकारी आदेश जारी कए पहिने देल गेल न्यायिक निर्णय कें निष्प्रभावी नहि बना सकैत अछि।

## संविधानक अनुच्छेद 16(4) की कहैत अछि?

भारतीय संविधानक अनुच्छेद 16 सार्वजनिक रोजगार मे अवसरक समानता सं संबंधित अछि। एकर उपखंड (4) राज्य कें ओहि पिछड़ा नागरिक वर्गक पक्ष मे नियुक्ति अथवा पद पर आरक्षण देबाक अनुमति दैत अछि, जकर सरकारी सेवा मे पर्याप्त प्रतिनिधित्व नहि अछि। अर्थात आरक्षण मात्र धर्मक आधार पर भेटयबला सुविधा नहि, बल्कि सामाजिक पिछड़ापन, समुदाय कें कानूनी मान्यता आ संवैधानिक शर्त सं जुड़ल व्यवस्था अछि। एतय ई अंतर बुझब आवश्यक अछि जे अनुच्छेद 16(4) मे एहन कोनो सीधा प्रावधान नहि अछि जे धर्म परिवर्तन करिते प्रत्येक प्रकारक आरक्षण समाप्त भए जाइत अछि। वर्तमान मामिला मे विवाद पुरान जातिगत दर्जाक आधार पर नव अधिसूचित मुस्लिम पिछड़ा वर्ग मे स्वतः प्रवेश पाबि आरक्षण लेबाक दावा सं संबंधित छल।

## अनुसूचित जाति आ धर्मांतरणक प्रश्न

संविधान (अनुसूचित जाति) आदेश, 1950 मे अनुसूचित जातिक दर्जा लेल धर्म संबंधी विशेष शर्त निर्धारित अछि। वर्तमान कानूनी व्यवस्थाक अंतर्गत हिंदू, सिख आ बौद्ध धर्मावलंबी निर्धारित अन्य शर्त पूरा कयलापर अनुसूचित जातिक सदस्य मानल जा सकैत छथि। इस्लाम अथवा ईसाई धर्म स्वीकार करयबला व्यक्ति कें मात्र पूर्व अनुसूचित जाति पहिचानक आधार पर ई दर्जा प्राप्त नहि रहैत अछि। मुदा अनुसूचित जातिक दर्जा आ अन्य पिछड़ा वर्गक दर्जा अलग-अलग कानूनी श्रेणी अछि। तमिलनाडुक वर्तमान विवाद मुख्य रूप सं पिछड़ा मुस्लिम वर्गक आरक्षण लेल प्रमाणपत्र जारी करबाक व्यवस्था सं संबंधित छल।

## दोसर राज्य सभ पर सेहो पड़ि सकैत अछि असर

एहि निर्णयक प्रभाव तमिलनाडु धरि सीमित रहबाक संभावना नहि अछि। दोसर राज्य सभ मे सेहो धर्मांतरण, समुदाय प्रमाणपत्र आ आरक्षणक पात्रता सं संबंधित विवाद मे एकर हवाला देल जा सकैत अछि। मुदा एकर अर्थ ई नहि जे मुस्लिम अथवा ईसाई समुदाय लेल उपलब्ध सभ प्रकारक आरक्षण स्वतः समाप्त भए जायत। जं कोनो समुदाय राज्यक वैध पिछड़ा वर्ग सूची मे शामिल अछि आ संबंधित व्यक्ति निर्धारित पात्रता पूरा करैत छथि, तं हुनकर स्थिति अलग भए सकैत अछि।

## सामाजिक न्याय आ कानूनी पात्रता

अंततः एहि निर्णयक मूल प्रश्न ई अछि जे धर्म परिवर्तनक बादो व्यक्तिक सामाजिक आ आर्थिक पिछड़ापन बनल रहि सकैत अछि आ तकरा कोन संवैधानिक प्रक्रिया सं मान्यता देल जाए। एक पक्षक तर्क अछि जे मात्र धार्मिक पहिचान बदलला सं सामाजिक वंचना समाप्त नहि होइत अछि। दोसर दिस, आरक्षण लेल अधिसूचित समुदाय मे कानूनी सदस्यता आ निर्धारित शर्तक पालन आवश्यक अछि। तमिलनाडु सरकार वंचित लोक कें आरक्षणक लाभ सं वंचित होयबा सं बचेबाक उद्देश्य सं आदेश जारी कयने छल। मुदा न्यायालय स्पष्ट कयलक जे कल्याणकारी उद्देश्य सेहो कानूनक निर्धारित सीमाक भीतर लागू होयबाक चाही। एहि प्रकार, 15 अक्टूबर 2026क निर्णय धर्मांतरणक स्वतंत्रता आ आरक्षणक पात्रताक बीचक अंतर कें स्पष्ट करैत अछि। पुरान जातिगत अथवा सामाजिक श्रेणीक आधार पर दोसर अधिसूचित पिछड़ा मुस्लिम समुदाय मे स्वतः शामिल भए आरक्षण पेबाक अधिकार नहि बनैत अछि। तथापि वास्तविक सामाजिक पिछड़ापन, धर्मक स्वतंत्रता आ आरक्षणक पात्रता पर व्यापक संवैधानिक विमर्श जारी रहत। आगू ई निर्णय समुदाय प्रमाणपत्र, सामाजिक न्याय आ आरक्षणक कानूनी आधार पर होयबला बहस कें प्रभावित कए सकैत अछि।

# युद्धक दौर मे नवी पिल्लईक शांति-संदेश

अरुण नैथानी

विश्व जाहि समय कतेको मोर्चा पर युद्धक संकट सं जूझि रहल अछि, ओहि समय कोनो सुपात्र व्यक्तित्व कें शांतिक नोबेल पुरस्कार भेटब एकटा पैघ संदेश अछि। भारत लेल ई गौरवक क्षण अछि, कारण एहि वर्षक ई पुरस्कार भारतीय मूलक एकटा बेटी कें भेटल अछि। 85 वर्षीया नवी पिल्लई जटिल सं जटिल मामिला कें शांतिपूर्वक सोझरेबाक लेल जानल जाइत छथि। ओ शक्तिशाली देश आ व्यक्ति सभ कें जवाबदेह बनेबाक संग पीड़ित सभ कें सुरक्षा देबा मे अंतरराष्ट्रीय कानूनक भूमिका कें रेखांकित कयलनि। शांतिक नोबेल पुरस्कार प्राप्त करबाक पूर्व नवी पिल्लई अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायालय आ संयुक्त राष्ट्रक मानवाधिकार उच्चायुक्तक पद पर सफलतापूर्वक काज कयने छलीह। ओ दक्षिण अफ्रीकाक उच्च न्यायालय आ रवांडाक अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायाधिकरण मे सेहो महत्त्वपूर्ण भूमिका निभा चुकल छथि। इस्राइलक कब्जाबला फिलिस्तीनी क्षेत्र सभ मे संयुक्त राष्ट्रक जांच आयोगक अध्यक्षता सेहो ओ कयने छलीह। म्यांमार मे नरसंहारक मामिलाक जांच करयबला अंतरराष्ट्रीय न्यायालय मे ओ न्यायाधीश छथि। बलात्कार आ यौन हिंसा कें मानवताक विरुद्ध युद्ध अपराधक रूप मे मान्यता दियेबा मे नवी पिल्लईक महत्त्वपूर्ण योगदान रहल अछि। ओतहि, सोशल मीडियाक एकटा वर्ग द्वारा दुष्प्रचारक माध्यम सं हिंसा भड़केबाक मामिला मे कठोर कानूनी कारबाइ सुनिश्चित करबा मे सेहो हुनकर भूमिका रहल अछि। एहि योगदानक लेल नवी पिल्लई कें वर्ष 2026क शांतिक नोबेल पुरस्कार भेटब वैश्विक शांति, मानवाधिकार आ अंतरराष्ट्रीय कानूनक जीतक प्रतीक मानल जा रहल अछि। एहन समय मे, जखन विश्वक कतेको क्षेत्रक लोक युद्धक अमानवीय त्रासदी झेलि रहल छथि आ युद्धरत महाशक्ति मानवता कें अनदेखी कए अंतरराष्ट्रीय कानूनक उपहास कए रहल अछि, तखन पिल्लई कें शांतिक नोबेल पुरस्कार भेटबाक गंभीर निहितार्थ अछि। दक्षिण अफ्रीका मे शोषण, अन्याय आ रंगभेदक जे त्रासदी हुनकर परिवार झेललक, से नवी पिल्लई कें संघर्ष करबाक संबल देलक। कहल जा सकैत अछि जे शांति आ कानूनक शासनक प्रति हुनकर प्रतिबद्धताक मूल मे अपन भोगल यथार्थक पैघ भूमिका रहल अछि। भारतीय सभ लेल नवी पिल्लई कें शांतिक नोबेल पुरस्कार भेटब विशेष उपलब्धि अछि, कारण भारत सं हुनकर ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक संबंध रहल अछि। ब्रिटिश औपनिवेशिक शासनकाल मे हुनकर पितामह कें 1890 मे बंधुआ मजदूरक रूप मे दक्षिण अफ्रीका लए जायल गेल छलनि। रंगभेदक शासनकाल मे डरबनक एकटा तमिल मूलक परिवार मे 23 सितंबर 1941 कें जन्म लेलनि। बाल्यावस्थे सं हुनका मोन मे अन्याय आ अमानवीय व्यवस्थाक विरुद्ध प्रतिरोधक भावना पनपय लागल। ओ कानून पढ़बाक संकल्प लेलनि आ कानूनक माध्यम सं मानवता कें गरिमा प्रदान करबाक बाट चुनलनि। हुनकर पितामह खेत मे बंधुआ मजदूरक रूप मे काज करैत छलाह। बाद मे एकटा दुर्घटना मे हुनकर दुनू हाथ नष्ट भए गेलनि। पारिवारिक विवशताक कारण हुनकर पिता नारायणसामी नायडू कें आठ वर्षक अवस्था मे विद्यालय छोड़य पड़लनि। ई त्रासदी सभ नवी पिल्लईक मोन मे असंतोष आ अन्यायक विरुद्ध प्रतिरोधक भावना जगौलक। परिवारक भरण-पोषण लेल एक समय हुनकर पिता कें बस चलाबय पड़लनि। आठ भाइ-बहिनबला परिवार मे नवी पांचम संतान छलीह। एहन कठिन परिस्थितियो मे हुनकर पिता बच्चा सभक पढ़ाइ जारी रखबाक हरसंभव प्रयास कयलनि। आगू चलि नवी दक्षिण अफ्रीकाक नेटाल विश्वविद्यालय सं 1963 मे स्नातक आ 1965 मे कानूनक डिग्री प्राप्त कयलनि। तकर बाद अमेरिका जा 1982 मे हार्वर्ड लॉ स्कूल सं कानून मे स्नातकोत्तर आ 1988 मे कानून मे डॉक्टरेटक उपाधि हासिल कयलनि। मुदा उच्च शिक्षा प्राप्त कयलाक बादो कोनो विधि प्रतिष्ठान हुनका नोकरी देबाक लेल तैयार नहि भेल। अंततः ओ नेटाल प्रांत मे अपन विधि प्रतिष्ठान शुरू कयलनि। ओहि क्षेत्र मे विधि प्रतिष्ठान खोलयबाली पहिल महिला अधिवक्ता बनलीह। तकरबाद ओ रंगभेदक विरुद्ध अपन संघर्ष तेज कयलनि। ओ रंगभेदक विरोध करबाक संग नरसंहारक दोषी सभ कें सजाय दियेबा मे सेहो महत्त्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। हुनकर प्रयास सं राजनीतिक बंदी सभ कें वकीलक सहायता लेबाक अधिकार भेटलनि। एहि बंदी सभ मे रॉबेन आइलैंड जेल मे बंद नेल्सन मंडेला सेहो शामिल छलाह। आगू चलि नवी पिल्लई उच्च न्यायालयक पहिल अश्वेत महिला न्यायाधीश बनलीह। अंतरराष्ट्रीय आपराधिक न्यायालय मे अध्यक्षक रूप मे हुनकर भूमिका महत्त्वपूर्ण रहल, मुदा विश्वस्तर पर हुनकर चर्चा मुख्य रूप सं रवांडा नरसंहारक अपराधी सभ कें सजाय दियेबाक लेल भेल। 1994 मे रवांडा मे भेल नरसंहार मे तुत्सी समुदायका लाखो लोक मारल गेल छलाह। अपराधी सभ कें दंडित करबाक लेल संयुक्त राष्ट्र अंतरराष्ट्रीय रवांडा न्यायाधिकरणक गठन कयलक, जाहि मे नवी पिल्लई न्यायाधीश नियुक्त भेलीह। हुनकर दूटा निर्णयक उदाहरण आइयो देल जाइत अछि। ओ पराजित समुदायक महिला सभक संग भेल सामूहिक बलात्कार कें नरसंहारक हिस्सा माननलि। ओहि तीन न्यायाधीश सभ मे नवी पिल्लई सेहो शामिल छलीह, जे ताबा नगरक मेयर जीन-पॉल अकायेसू कें नरसंहारक लेल दोषी ठहरौलनि।



# अरब संघर्ष : परिणाम सं नहि बांचि सकैत अछि पाकिस्तान

मानवेंद्र सिंह

लगभग छह दशक बाद पाकिस्तानक एक सैन्य अधिकारी अरब देश सभक आपसी विवाद मे एक पक्ष लेलनि। आब ओहि पद पर हुनकर उत्तराधिकारी सेहो पश्चिम एशियाक आर्थिक दृष्टि सं अत्यंत महत्वपूर्ण संघर्ष मे हस्तक्षेप केने छथि। समाचारक अनुसार, पाकिस्तानी वायुसेनाक लड़ाकू विमान सऊदी अरब आ यमनक सीमापार हूती विद्रोही सभक बढ़ैत प्रभाव पर हमला कयलक। पाकिस्तानी सैनिक हालहि मे भेल तीन देशक मक्का संयुक्त रक्षा समझौताक अंतर्गत सऊदी अरब मे तैनात अछि। मानल जाइत अछि जे ओतय जेएफ-17 लड़ाकू विमानक एक स्क्वाड्रन सेहो तैनात अछि। मक्का समझौता मे शामिल तेसर देश तुर्कीक सैनिक अथवा सैन्य उपकरण सऊदी अरब मे उपसथित रहबाक कोनो सूचना नहि अछि। पाकिस्तानक नेशनल असेंबलीक स्वीकृति लेल बिना फील्ड मार्शल आसिम मुनीर एक ब्रिगेड सं बेसी सैनिक आ वायुसेनाक शक्ति तैनात कए देलनि। पाकिस्तानक राष्ट्रपति सैद्धांतिक रूप सं सशस्त्र सेनाक सर्वोच्च सेनापति छथि, मुदा नवंबर 2025 मे भेल संवैधानिक संशोधनक बाद स्वयं फील्ड मार्शल बनल मुनीर तीनू सेना पर पूर्ण नियंत्रण रखैत छथि। 27म संवैधानिक संशोधनक अंतर्गत चीफ ऑफ डिफेन्स फोर्सेजक पद बनाओल गेल आ ज्वाइंट चीफ्स ऑफ स्टाफक नाममात्रक पद समाप्त कए देल गेल। एहि कारणें वायुसेना सेहो मुनीरक नियंत्रण मे अछि। यमन मे हूती विद्रोही सभक ठिकाना पर हवाई हमला कए मुनीर आब पाकिस्तानक पूर्व सेनाध्यक्ष जनरल जिया-उल-हकक पांति मे आबि गेल छथि। जिया-उल-हक सेहो अरब देशसभक बीच चलि रहल संघर्ष मे हस्तक्षेप केने छलाह। तानाशाह जिया-उल-हक जखन ब्रिगेडियर छलाह, तखन ओ जॉर्डनक राजशाहीक विरुद्ध फिलिस्तीनी विद्रोह दबेबा मे महत्त्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह। ओतहि वर्तमान फील्ड मार्शल एक डेग आगू बढ़ि यमन मे रियादक हठी पड़ोसी सभक विरुद्ध लड़ाकू भूमिका मे पाकिस्तानी सैन्य शक्तिक उपयोग कयलनि। संयोग मात्र ई अछि जे पाकिस्तान सेनाक दुनू अधिकारी, जे एहि तरहक हस्तक्षेपक लेल चर्चित भेलाह, जालंधर सं जुड़ल छथि। मुदा दुनूक समानता एतहि समाप्त भए जाइत अछि। सितंबर 1970 मे जॉर्डन मे कुख्यात ब्लैक सितंबर नरसंहार भेल छल। ओहि समय ब्रिगेडियर जिया-उल-हक जॉर्डन मे सैन्य सलाहकारक रूप मे तैनात छलाह। ई घटना हुनकर तीन वर्षक कार्यकालक अंतिम चरण मे भेल छल। जॉर्डन सं ओ विसाम अल-इस्तिकलाल नामक सम्मान-पदक लए कए घुरल छलाह, जाहि नामक अर्थ विचित्र रूप सं स्वतंत्रताक आदेश होइत अछि। ई पदक हुनका एहन दायित्वक निर्वहन लेल देल गेल छल, जे हुनकर सलाहकारक भूमिका सं बहुत आगू छल। हुनका एतय धरि फिलिस्तीनी सभक कसाइ कहल जाए लागल छल। मानल जाइत अछि जे एहि अनुभवक कारणें 1976 मे सेनाध्यक्ष चुनल जाइत काल ओ अपना सं कतेको वरिष्ठ अधिकारी सभ कें पछाड़ि देलनि। फील्ड मार्शल मुनीर कें आब आगू कोनो पैघ पद प्राप्त करबाक लेल एहन उपलब्धिक आवश्यकता नहि अछि, कारण पाकिस्तानक सैन्य संरचना मे अखन हुनका लेल एहि सं ऊपर कोनो पद उपलब्ध नहि अछि। मुदा एहि पैघ क्षेत्रीय संघर्ष मे पाकिस्तानक सेना कें ओ एहन स्थिति मे पहुंचा देने छथि, जतए सं बाहर निकलबाक सहज बाट नहि देखाइत अछि। अरब देश सभक आपसी संघर्ष मे, ताहू मे सांप्रदायिक आधार पर बंटल पक्ष सभक बीच, एक पक्ष चुनबाक निर्णय इस्लामाबाद, रावलपिंडी अथवा ओहि ठाम लेल नीक संकेत नहि अछि, जतय नव चीफ ऑफ डिफेन्स फोर्सेज अपन मुख्यालय बनेबाक निर्णय लेत। पाकिस्तान विश्व मे दोसर सभ सं बेसी शिया आबादी बला देश अछि। ओतय शिया समुदाय सं आबयवला बहुत रास लोक सशस्त्र सेना मे सेहो सेवा दैत छथि। पाकिस्तानी सेनाक भीतर एहि तरहक सांप्रदायिक तनाव बढ़बाक कोनो स्पष्ट उदाहरण एखन धरि सोझां नहि आयल अछि। सामान्यतः सेना मे पेशेवर दृष्टिकोण हावी रहल अछि। मुदा सऊदी अरब मे दीर्घकाल धरि सैनिक तैनात रखबाक दौरान रावलपिंडी कें अत्यंत सावधानी सं संतुलन बनौने रहय पड़ल अछि। 1980क दशक मे, जनरल जिया-उल-हकक शासनकाल मे, जखन सऊदी अरब मे पाकिस्तानी सैनिक सभक तैनाती चरम पर छल, तखन रियाद पाकिस्तान सं स्पष्ट रूप सं कहलक जे सऊदी भूमिपर ड्यूटी करयबला शिया अधिकारी आ सैनिक सभ कें हटा लेल जाए। पाकिस्तानक एक मजबूत बख्तरबंद ब्रिगेड सेहो सऊदी अरब मे तैनात छल। जनरल जिया एहि मांग कें तुरंत अस्वीकार नहि कयलनि, मुदा जखन ई प्रस्ताव पाकिस्तानी सेनाक कोर कमांडर सभक सोझां राखल गेल, तखन एकर विरोध भेल। कतेको वरिष्ठ अधिकारी एहि निर्णयक विरोध करैत कहलनि जे एहन डेग सं पाकिस्तानी सशस्त्र सेनाक एकता गंभीर रूप सं प्रभावित भए सकैत अछि। हुनका सभक तर्क छल जे एहि नीति कें चुपचाप लागू करब संभव नहि अछि। सेनाक पूरा टुकड़ी कें एकजुट बटालियनक रूप मे तैनात कयल जाइत अछि। एहन स्थिति मे किछु सैनिक कें मात्र हुनकर संप्रदायक आधारपर हटा देबा सं सैन्य इकाइ सभक एकता आ सामूहिक मनोबल पर प्रतिकूल प्रभाव पड़त। ओहि बख्तरबंद ब्रिगेडक तैनाती लड़ाइ क्षेत्र सं बहुत दूर तबूक मे छल आ ओ कोनो सैन्य अभियान सं कतेको मील दूर छल। मुदा वर्तमान तैनाती पश्चिम एशियाक संघर्षक सर्वाधिक संवेदनशील क्षेत्र मे अछि।



# विदेशी फंडिंगक आरोप : सनसनी नहि, सबूत सं तय होयबाक चाही असलियत

सौरभ वार्ष्णेय

बिना प्रमाण गंभीर आरोप लगायब लोकतंत्र, राजनीतिक विमर्श आ सार्वजनिक विश्वसनीयताक लेल कतेक उचित अछि? ई सवाल अपने आप मे प्रश्नचिह्न ठाढ़ करैत अछि। अंतरराष्ट्रीय राजनीति मे कोनो देशक आंतरिक मामिला मे विदेशी हस्तक्षेपक आशंका कें पूरा तरह खारिज नहि कयल जा सकैत अछि। विश्वक कतेको देश मे राजनीतिक गतिविधि, चुनावी प्रक्रिया आ जनआंदोलन पर बाहरी प्रभाव कें लए समय-समय पर सवाल उठैत रहल अछि। मुदा कोनो आशंका कें प्रमाणित तथ्यक रूप मे प्रस्तुत करब आ कोनो राजनीतिक दल पर विदेश सं धन लए देश मे अशांति पसारबाक आरोप लगायब, दुनू अलग-अलग बात अछि। जिम्मेदार पत्रकारिता, निष्पक्ष राजनीतिक विमर्श आ लोकतांत्रिक मूल्यक आधार एहि अंतर पर टिकल अछि। हालहि मे अमेरिकी गायिका आ अभिनेत्री मैरी मिलबेनक नाम सं सोशल मीडिया पर प्रसारित एकटा बयान मे भारत मे सक्रिय एकटा राजनीतिक दल कें अमेरिका सं भारी आर्थिक सहायता भेटबाक आरोप लगाओल गेल अछि। एहि दावा मे इहो कहल गेल अछि जे विदेशी धनक उपयोग भारतक आंतरिक शांति भंग करबाक, सामाजिक विद्वेष बढ़ेबाक आ केंद्र सरकारक काजकाज मे बाधा उत्पन्न करबाक लेल कयल जा रहल अछि। आरोपक समर्थन मे किछु व्यक्ति आ कथित वित्तीय समूहक नाम सेहो लेल गेल अछि। एतेक गंभीर आरोप सोझां अयलाक बाद सभ सं महत्त्वपूर्ण सवाल ई अछि जे एहि दावाक समर्थन मे ठोस सबूत की अछि? की कोनो बैंक खाताक विवरण सोझां आयल अछि? की वित्तीय लेन-देनक दस्तावेज उपलब्ध अछि? की संबंधित एजेन्सी एहि मामिलाक जांच कयने अछि? की कोनो विश्वसनीय जांच प्रतिवेदन अथवा आधिकारिक दस्तावेज मे एहि आरोपक पुष्टि भेल अछि? जं एहि प्रश्न सभक उत्तर उपलब्ध नहि अछि, तं एहन बयान कें प्रमाणित समाचारक रूप मे प्रस्तुत करब उचित नहि होयत। कोनो राजनीतिक दल कें विदेशी धन भेटबाक आरोप सामान्य राजनीतिक टिप्पणी नहि, बल्कि गंभीर मामिला अछि। एकर संबंध देशक संप्रभुता, राजनीतिक पारदर्शिता आ कानूनक पालन सं अछि। जं कोनो दल अथवा संगठन कें अवैध विदेशी वित्तीय सहायता भेटल अछि, तं निष्पक्ष जांच होयबाक चाही। दोष सिद्ध भेलापर कानूनक अनुसार कारबाइ सेहो होयबाक चाही। मुदा जांच सं पहिनहि कोनो संगठन कें देशविरोधी गतिविधि मे शामिल घोषित कए देब न्यायसंगत नहि अछि। राजनीति मे आरोप लगायब सहज अछि, मुदा ओकरा प्रमाणित करब कठिन। तें आरोप लगाबयबला व्यक्ति कें अपन दावाक समर्थन मे विश्वसनीय दस्तावेज, वित्तीय अभिलेख अथवा अन्य सत्यापन योग्य सबूत प्रस्तुत करबाक चाही। मात्र सोशल मीडिया पोस्ट, राजनीतिक बयान अथवा कोनो विदेशी नागरिकक टिप्पणी अपने आप मे गंभीर आरोपक प्रमाण नहि बनि सकैत अछि। उपलब्ध विवरणक आधार पर मैरी मिलबेनक नाम सं प्रसारित आरोपक स्वतंत्र पुष्टि नहि मानल जा सकैत अछि। जाबत धरि विश्वसनीय सबूत सोझां नहि अबैत अछि, ताबत धरि एकरा आरोप अथवा दावा मात्र कहल जेबाक चाही, स्थापित तथ्य नहि। लोकतंत्र मे राजनीतिक दलसभक बीच मतभेद स्वाभाविक अछि। सत्तापक्ष आ विपक्ष दुनू कें अपन विचारधारा रखबाक, सरकारक नीतिक आलोचना करबाक आ जनताक सोझां अपन पक्ष रखबाक अधिकार अछि। मुदा जखन राजनीतिक विरोध कें विदेशी षड्यंत्र, देशविरोधी गतिविधि अथवा राष्ट्रीय सुरक्षाक संकट सं जोड़ल जाइत अछि, तखन ई देखब आवश्यक भए जाइत अछि जे एहन निष्कर्ष कोन तथ्यक आधार पर निकालल गेल अछि। अपुष्ट आरोप कें बारंबार प्रसारित कए कोनो दल कें बदनाम करबाक प्रयास जनता कें भ्रमित कए सकैत अछि। दोसर दिस, जं विदेशी धनक माध्यम सं वास्तव मे गैरकानूनी गतिविधि चलाओल जा रहल अछि, तं ओकरा अनदेखा करब सेहो उचित नहि अछि। तें प्रत्येक आरोप कें राजनीतिक षड्यंत्र कहि खारिज करब आ प्रत्येक आरोप कें सत्य मानि लेब, दुनू गलत अछि। भारत एकटा संप्रभु लोकतांत्रिक देश अछि। एतय राजनीतिक गतिविधि, संगठन आ विदेशी अंशदान सं संबंधित मामिला मे कानून लागू होइत अछि। विदेशी योगदान विनियमन अधिनियम सहित अन्य संबंधित कानूनी प्रावधानक अंतर्गत पात्र संस्था सभ कें भेटयबला विदेशी अंशदानक नियमन आ निगरानीक व्यवस्था अछि। कोनो खास मामिला मे कोन कानून लागू होयत, ई संबंधित संस्था, धनक स्रोत, प्राप्तकर्ता आ लेन-देनक प्रकृति पर निर्भर करैत अछि। जं विदेशी संस्था अथवा व्यक्ति द्वारा भारतीय कानूनक उल्लंघन कए धन देबाक सबूत भेटैत अछि, तं सक्षम एजेन्सी कें जांच करबाक चाही। मुदा विदेशी नागरिकक राजनीतिक टिप्पणी कें अपने आप मे विदेशी फंडिंगक सबूत नहि मानल जा सकैत अछि। तहिना, कोनो राजनीतिक दलक सरकार विरोधी गतिविधि सं मात्र ई निष्कर्ष नहि निकालल जा सकैत अछि जे ओकरा पाछां विदेशी धन अछि। भारतक संप्रभुताक रक्षा जतेक आवश्यक अछि, ओतेके आवश्यक इहो अछि जे एहि विषयक उपयोग राजनीतिक प्रतिद्वंद्वी सभ पर बिना प्रमाण आरोप लगेबाक लेल नहि हो। मैरी मिलबेन पहिनहुं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ भारतक किछु नीतिक समर्थन मे अपन विचार व्यक्त कयने छथि। किसान आंदोलनक दौरान कृषि सुधार पर हुनकर रुख आ बीबीसीक वृत्तचित्र इंडिया : द मोदी क्वेश्चन पर हुनकर टिप्पणी सार्वजनिक विमर्शक हिस्सा रहल अछि। मुदा कोनो सरकारक समर्थन करब अथवा कोनो नीतिक पक्ष मे बाजब, हुनकर नव आरोपक सत्यताक प्रमाण नहि बनि सकैत अछि। राजनीतिक समर्थन आ तथ्यात्मक प्रमाण दू अलग विषय अछि। कोनो व्यक्तिक प्रतिष्ठा, अंतरराष्ट्रीय पहचान अथवा कोनो नेताक प्रति प्रशंसाक आधार पर हुनकर प्रत्येक दावा कें सही नहि मानल जा सकैत अछि। तहिना, हुनकर राजनीतिक विचार सं असहमत रहबाक कारण हुनकर प्रत्येक कथन कें गलत ठहरायब सेहो उचित नहि अछि। प्रत्येक दावाक जांच ओकर सबूतक आधार पर होयबाक चाही। आइ सोशल मीडियाक युग मे सनसनीखेज दाबा बहुत तेजी सं पसरैत अछि। कतेको बेर आकर्षक शीर्षक दए कोनो बयान कें एना प्रसारित कयल जाइत अछि जे पाठक आरोप आ असली अंतर बिसरि जाइत छथि। एहि प्रवृत्ति सं लोकतांत्रिक संवाद प्रभावित होइत अछि आ समाज मे अनावश्यक अविश्वास बढ़ैत अछि। समाचार माध्यमक दायित्व अछि जे कोनो गंभीर आरोप प्रकाशित करबाक पहिने ओकर स्रोत, संदर्भ आ प्रमाणक पड़ताल करथि। संबंधित दल अथवा व्यक्तिक पक्ष लेलथि, आधिकारिक अभिलेख जांचथि आ जतय पुष्टि नहि भेल हो, ओतय स्पष्ट लिखथि जे दावाक स्वतंत्र पुष्टि नहि भेल अछि। राष्ट्रहितक अर्थ मात्र कोनो सरकार अथवा राजनीतिक दलक समर्थन करब नहि अछि। एकर अर्थ सत्य, कानून, पारदर्शिता आ लोकतांत्रिक संस्थाक प्रति प्रतिबद्धता सेहो अछि। जं भारत मे कोनो राजनीतिक दल अथवा संगठन कें अवैध विदेशी आर्थिक सहायता भेटबाक ठोस प्रमाण अछि, तं ओकरा सार्वजनिक कयल जेबाक चाही आ कानूनक अनुसार जांच होयबाक चाही। मुदा जं आरोप मात्र बयानबाजी आ अपुष्ट दावा पर आधारित अछि, तं ओकरा तथ्यक रूप मे प्रचारित करब जनता कें भ्रमित करबाक समान होयत। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक समर्थक सभ कें अपन नेताक पक्ष मे विचार रखबाक पूरा अधिकार अछि। विपक्षी दल सभ कें सरकारक आलोचना करबाक सेहो समान लोकतांत्रिक अधिकार अछि। दुनू लेल एकहि कसौटी होमक चाही - तथ्य आ प्रमाण। भारतक प्रतिष्ठा कोनो सनसनीखेज बयान सं बनबाक अथवा बिगड़बाक विषय नहि होयबाक चाही। देशक प्रतिष्ठा निष्पक्ष जांच, पारदर्शी व्यवस्था, स्वतंत्र पत्रकारिता आ न्यायपूर्ण कारबाइ सं मजबूत होइत अछि। तें विदेशी फंडिंगक एहि कथित मामिला मे भावनात्मक प्रतिक्रिया देबाक बदला प्रमाण प्रस्तुत करबाक मांग होयबाक चाही। लोकतंत्र मे आरोप लगायब अधिकार भए सकैत अछि, मुदा आरोप कें सत्य मानबा सं पहिने प्रमाण मांगब जनताक अधिकार आ पत्रकारिताक दायित्व अछि।



# बसपाक प्रचार अभियान कें धार देताह आकाश, यूपीक 5 सीट सभक संग पंजाब आ उत्तराखंड मे सेहो करताह रैली

बसपा मे चारिम बेर वापसीक बाद आकाश आनंद एक बेर फेर चुनावी मैदान मे उतरे जा रहल छथि। पार्टी प्रमुख मायावती हुनका उत्तर प्रदेश, पंजाब आ उत्तराखंड मे जनसभा करबाक जिम्मेदारी सौंपलनि अछि। अगिला दू महीना मे आकाशक 7 जनसभा प्रस्तावित अछि। एकर अतिरिक्त कतेको विधानसभा क्षेत्रक प्रत्याशी सेहो अपन क्षेत्र मे हुनकर सभा करयबाक मांग कए रहल छथि। एहन स्थिति मे 2027क विधानसभा चुनाव सं पहिने आकाश आनंदक सक्रियता बढ़बाक संकेत भेटि रहल अछि। बसपाक राष्ट्रीय संयोजक आकाश आनंदक कार्यक्रम पार्टीक केंद्रीय कार्यालय दिस सं जारी कयल गेल अछि।

एकरा अनुसार, 28 अक्टूबर कें बुलंदशहरक अनूपशहर, 2 नवंबर कें सहारनपुरक नकुड़, 20 नवंबर कें अयोध्याक बीकापुर, 22 नवंबर कें आगरा आ 29 नवंबर कें कानपुरक बिल्हौर मे जनसभा होयत। एकर अतिरिक्त 26 नवंबर कें पंजाब आ 6 दिसंबर कें उत्तराखंडक हरिद्वार मे सभा प्रस्तावित अछि। पंजाब मे सभाक स्थान एखन तय नहि भेल अछि।

### मायावती फेर जतौलनि भरोस

आकाश आनंद कें पार्टी मे वापस लेलाक बाद मायावती हुनका राष्ट्रीय संयोजकक जिम्मेदारी देने छलीह। एहि सं पहिने हुनका पार्टी सं बाहर कय देल गेल छलनि। वापसीक बाद 9 अक्टूबर कें कांशीरामक पुण्यतिथि पर आयोजित कार्यक्रम मे सेहो आकाश आनंद मायावतीक संग नजरि आयल छलाह। एहि दौरान ओ मायावतीक प्रति सम्मान व्यक्त कयने छलाह। आब लगातार जनसभाक कार्यक्रम तय होयबाक बाद संकेत भेटि रहल अछि जे मायावती 2027क चुनाव मे आकाश आनंद कें महत्वपूर्ण भूमिका देबाक तैयारी कए रहल छथि।



पार्टीक भीतर हुनकर समर्थक आ विरोधी सभक बीच बहुत समय सं चलि रहल चर्चाक बीच एहि कार्यक्रम कें महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। पार्टी सं फेर बाहर कयल जेबाक पहिने आकाश आनंद हाथरसक सादाबाद आ नोएडा मे जनसभा कयने छलाह। सादाबादक सभा कें लए' कए देशभरि चर्चा भेल छल। आब पार्टी मे वापसीक बाद हुनका फेर अलग-अलग क्षेत्र मे भेजबाक तैयारी अछि। बसपा मे प्रत्याशी सभ दिस सं आकाश आनंदक सभाक मांग सेहो सामने आबि रहल अछि। पार्टीक प्रयास अछि जे हुनकर सभाक माध्यम सं कार्यकर्ता सभ मे सक्रियता बढ़य आ चुनाव सं पहिने जनसंपर्क मजबूत हो। 2027क चुनाव सं पहिने बसपाक सामने अपन पारंपरिक सभा आयोजित कए पार्टी दोसर राज्य सभ मे सेहो संगठन कें सक्रिय करबाक प्रयास कए रहल अछि। आकाश आनंदक आखिरी प्रस्तावित सभा 6 दिसंबर कें हरिद्वार मे होयत। एहि दिन डॉ. भीमराव आंबेडकरक महापरिनिर्वाण दिवस मनाओल जाइत अछि। बसपा लेल ई तिथि वैचारिक आ

### मायावती मैदान मे उतारलनि

दलित जनाधार कें मजबूत रखबाक संग दोसर सामाजिक वर्ग सभ मे समर्थन बढ़ेबाक चुनौती अछि। अनूपशहर, नकुड़, बीकापुर, आगरा आ बिल्हौर मे प्रस्तावित सभा एहि दृष्टि सं महत्वपूर्ण अछि। पार्टी एहि कार्यक्रमसभक माध्यम सं अलग-अलग क्षेत्र मे अपन उपस्थिति मजबूत करबाक प्रयास कए सकैत अछि। पश्चिमी यूपी मे सैनी समाजक मतदाता आ दोसर पिछड़ा वर्ग तक पहुंच बनायब सेहो बसपाक रणनीतिक हिस्सा भए सकैत अछि।

ओतहि, पंजाब आ उत्तराखंड मे संगठनात्मक रूप सं महत्वपूर्ण अछि। एहन मे हरिद्वारक सभा मे आंबेडकरवादी विचारधारा, सामाजिक न्याय आ संगठन कें मजबूत करबाक मुद्दा प्रमुख रहि सकैत अछि। एहि बीच, आजाद समाज पार्टीक अध्यक्ष चंद्रशेखर आजादक पार्टी सेहो 26 नवंबर कें संविधान दिवस पर लखनऊक रमाबाई आंबेडकर मैदान मे कार्यक्रम आयोजित करबाक योजना बनौने अछि। दलित राजनीति मे अलग-अलग दलक बढ़ैत सक्रियताक बीच बसपाक कार्यक्रम सभ पर सेहो नजरि रहत।

# पंजाब मे बिना सीएम चेहराक चुनाव लड़त कांग्रेस सचिन पायलट बता देलनि पार्टीक योजना

पंजाब मे अगिला साल होय बला विधानसभा चुनाव सं पहिने कांग्रेस जीतक दावा कयने अछि। पंजाब कांग्रेसक प्रभारी आ अखिल भारतीय कांग्रेस कमेटीक महासचिव सचिन पायलट कहलनि जे राज्य मे अगिला सरकार 100 प्रतिशत कांग्रेसक बनत। ओ भरोसा जतौलनि जे जनता बदलाव चाहैत अछि आ पार्टी लग चुनाव जीतेबाक लेल मजबूत टीम अछि। पायलट पंजाब कांग्रेसक अध्यक्ष परगट सिंह कें 'सभके संग लए' कए चलय बला कप्तान' बतबैत कहलनि जे पार्टीक सभ नेता आ कार्यकर्ता मिलि कए चुनाव लड़ताह। पायलट स्पष्ट कयलनि जे कांग्रेस पंजाब मे मुख्यमंत्री पद लेल कोनो एकटा चेहरा कें आगू कए चुनाव नहि लड़त। ओ कहलनि जे जनता के जनादेश भेटलाक बाद कार्यकर्ता, नेता आ विधायकसभक राय सुनल जाएत। तकर बादे तय कयल जाएत जे राज्यक नेतृत्व के करत। पायलट कहलनि जे जखन कांग्रेस विपक्ष मे रहैत अछि, तखन नेता प्रतिपक्ष, प्रदेश अध्यक्ष आ वरिष्ठ नेता मिलि कए चुनावक तैयारी करैत छथि। सामान्य रूप सं कोनो एकटा नेता कें मुख्यमंत्री पदक घोषित चेहरा नहि बनाओल जाइत अछि। सत्ता मे रहबाक स्थिति मे वर्तमान मुख्यमंत्री स्वाभाविक रूप सं चुनाव अभियानक नेतृत्व कए सकैत छथि।



**चुनावी चुनौती कें क्रिकेट सं जोड़लनि :** चुनावी चुनौती के क्रिकेट सं जोड़ैत पायलट कहलनि जे जं जीतबाक इरादा हो, तं' हर मैच जीतल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे चाहे एक ओवर मे 13 रन बनेबाक हो वा 14, जीतबाक संभावना बनल रहैत अछि। हुनकर कहबाक अनुसार, पंजाब कांग्रेसक कार्यकर्ता खाली चुनाव जीतेबाक लेल नहि, बल्कि राज्य कें वर्तमान दिशा सं बाहर निकालबाक लेल सेहो एकजुट भए कए काज कए रहल छथि। पायलट कहलनि जे पंजाब मे अकाली दल-बीजेपी गठबंधन आ आम आदमी पार्टीक सरकार रहल अछि, जखनकि कांग्रेस आतंकवादक सामना करबा, विकास काज करबा आ राज्य मे निवेश अनबा मे भूमिका निभौने अछि। ओ विश्वास जतौलनि जे जनता कांग्रेस कें एकटा आओर मौका द' सकैत अछि।

**परगट सिंह कें कहलनि 'मजबूत टीमक कप्तान' :** पंजाब कांग्रेस अध्यक्ष परगट सिंहक प्रशंसा करैत पायलट कहलनि जे पूर्व भारतीय हॉकी कप्तान राज्यक लगभग सभ नेता सं भेंट कए चुकल छथि आ हुनका पार्टीक भीतर समर्थन भेटल अछि। ओ कहलनि जे कोनो टीमक मजबूती खाली ओकर कप्तान पर निर्भर नहि करैत अछि, बल्कि खेलाड़ी, कोच आ मैनेजर समेत सभ सदस्यक योगदान सं जीत भेटैत अछि। पायलट आम आदमी पार्टी पर निशाना साधैत कहलनि जे ओ मुख्यमंत्री भगवंत मान पर बेसी निर्भर देखाइत अछि, जखनकि कांग्रेस सामूहिक नेतृत्व मे विश्वास करैत अछि।

# पश्चिमी यूपी सं सपा मे पैघ संख्या मे शामिल भेलाह नेता

समाजवादी पार्टी प्रमुख अखिलेश यादव लखनऊ मे प्रेस कॉन्फ्रेंस कए भारतीय जनता पार्टी आ चुनाव आयोग पर तीखा हमला कयलनि। एहि दौरान पश्चिमी उत्तर प्रदेशक कतेको पैघ नेता सपा मे शामिल भेलाह। राजपाल सैनी, हरबीर मलिक समेत आन नेतासभक सपा मे स्वागत कयल गेल। सपा प्रेस कॉन्फ्रेंस मे बीजेपीक 'पापक करिया घड़ा' रखलक, जाहि पर वोट चोरी आ भ्रष्टाचार लिखल छल। अखिलेश आरोप लगौलनि जे चुनाव आयोग बीजेपीक संग मिलि वोट चोरीक साजिश रचि रहल अछि। ओ फर्जी आ डुप्लीकेट वोटरक पदार्फाश करबाक दावा करैत 2027क चुनाव मे जीत हासिल करबाक संकल्प व्यक्त कयलनि।



> चुनाव सं पहिने अखिलेश यादव 'सुपर एक्टिव'

**पश्चिमी यूपीक दर्जनो नेता सपा मे शामिल :** सपाक प्रेस कॉन्फ्रेंस मे पश्चिमी उत्तर प्रदेशक नेतासभक जमघट देखल गेल। पूर्व प्रत्याशी सिवान सैनी, राजपाल सैनी, पवन सैनी, बीजेपी प्रदेश कार्यसमिति सदस्य हरबीर मलिक, शुभेंद्र आचार्य, संजीव प्रधान, राजेंद्र मलिक, विजेंद्र मलिक, शुभम मलिक आ राजनेंद्र सिंह सपा मे शामिल भेलाह। सांसद इकरा हसन सेहो ओतय मौजूद छलीह। सपा सांसद हरेंद्र मलिक अपन संबोधन मे कहलनि जे पीडीए वर्गक युवा आ परेशान किसान अखिलेश यादव दिस तकि रहल छथि। ओ दावा कयलनि जे उत्तर प्रदेश मे सपा सरकार बनला पर किसानसभक गन्नाक भुगतान 24 घंटा मे कयल जाएत आ सपा कें पैघ सफलता भेटय जा रहल अछि। बीजेपीक घड़ाक जवाब मे सपा सेहो प्रेस कॉन्फ्रेंस मे करिया मटका रखलक, जाहि पर वोट चोरी, मंदिर मे चोरी आ जीएसटी बंदी लिखल छल। अखिलेश कहलनि जे भाजपाइसभक पापक मटका भरि गेल अछि आ आब टैंकर आओत। ओ आरोप लगौलनि जे चुनाव आयोग आ बीजेपी मिलि वोट चोरी कए रहल अछि। अखिलेश यादव विकास यादव नामक एकटा युवा कें सामने अनैत दावा कयलनि जे ओकर नाम पर 10 फर्जी वोट बना देल गेल अछि। विकास एकटा वोट देत, जखनकि बीजेपी बाकी 9 वोटक माध्यम सं हेराफेरी करत। ओ तंज कसैत कहलनि जे ई चुनाव आयोग नहि, बल्कि 'मुचवा' बनि गेल अछि, जे पैघ गलती सभ कें नुकाबि रहल अछि। सपा अध्यक्ष कहलनि जे बीजेपी अपन साजिश मे नाकाम रहबाक बाद आब एसएसआर कराबय जा रहल अछि, जाहिक उल्टा आरएसएस होयत। वन नेशन वन इलेक्शन पर हमला करैत ओ कहलनि जे बीजेपी एके बेर मे चोरी करय चाहैत अछि। ओ चेतावनी देलनि जे पीडीएक प्रहरी बीजेपी आ चुनाव आयोगक साजिश सभ कें सफल नहि होमय देत।

# संसद मार्ग थानाक बाहर यूथ कांग्रेसक प्रदर्शन प्रदर्शनकारी सभ कें पुलिस हिरासत मे लेलक

संसद मार्ग थानाक बाहर प्रदर्शन कए रहल इंडियन यूथ कांग्रेसक कार्यकर्ता सभ कें दिल्ली पुलिस शुक्रदिन भोर करीब 4 बजे हिरासत मे लए' लेलक। कांग्रेस नेता बीवी श्रीनिवास कहलनि जे दिल्ली पुलिस एखन एतेक डरल अछि जे एफआईआर दर्ज करबा सं बचि रहल अछि। पूरा दुनिया देखलक जे पुलिस बसक भीतर हमर महिला सभक संग कोन व्यवहार कयलक, ओ अथिरा आ रितुक संग कोना पेश आयल आ थाना के भीतर सेहो हुनका सभ कें पीटलनि। सरकार ज्ञानेश कुमार लेल लोकतंत्र कें ताक पर राखि रहल अछि। मुदा हम कांग्रेसक कार्यकर्ता डरे बला नहि छी। हम लड़ब आ जीतब।



इंडियन यूथ कांग्रेसक प्रमुख उदय भानु चिब कहलनि जे पुलिस शांतिपूर्ण प्रदर्शनकारी सभ पर हमला कयलक आ हिंसा कयलक। दिल्ली पुलिसक जाहि अधिकारी सभ ई काज कयलनि, हुनका सभक विरुद्ध एफआईआर दर्ज होयबाक चाही। हम पूरा राति एतहि बैसल रही, मुदा कोनो एफआईआर दर्ज नहि भेल। एकर बदला आब ओ हमरा सभ कें हिरासत मे लए' रहल छथि। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे दिल्ली पुलिस समझौता कए लेने अछि। ओ समझौताक अंतर्गत काज कए रहल अछि आ देशक युवा आ छात्र सभ कें पीटि रहल अछि।

### जंतर-मंतर पर सुरक्षा कड़ा

दिल्ली मे जंतर-मंतर पर सुरक्षा कड़ा कए देल गेल अछि। कॉकरोच जनता पार्टीक संस्थापक अभिजीत दिपके दिस सं आहूत ह्यलहरा दो तिरंगाह्ल विरोध प्रदर्शन सं पहिने सेंट्रल पार्क आ कनॉट प्लेसक आसपास सुरक्षा बल तैनात कयल गेल अछि। ओतहि, दिल्ली ट्रैफिक पुलिस 16 अक्टूबर कें सेंट्रल पार्क, कनॉट प्लेस मे किछु समूह सभक जुटबाक आह्वान कें देखैत यातायात परामर्श जारी कयने अछि। दुपहर 3 बजे सं कतेको सड़क पर यातायात प्रभावित भए सकैत अछि आ जरूरतक अनुसार मार्ग परिवर्तन लागू कयल जाएत।

### सीजेपीक मार्च, ट्रैफिक पुलिस जारी कयलक परामर्श

प्रभावित होयबाक संभावना बला सड़क सभ मे संसद मार्ग, बाबा खड़क सिंह मार्ग, शहीद भगत सिंह मार्ग, पंचकुइयां रोड, बसंत लेन, चेम्सफोर्ड रोड, मिंटो रोड, बाराखंबा रोड, कस्तूरबा गांधी मार्ग, जनपथ, रेल भवन, रफी मार्ग, सी-हेक्सागोन, मंडी हाउस, पटेल चौक, विंडसर प्लेस, गोल डाक खाना, अशोक रोड (जीपीओ सं सी-हेक्सागोन तक), तिलक मार्ग, टॉल्स्टॉय रोड आ सिकंदरा रोड शामिल अछि।

### यात्री सभ कें देल गेल ई सलाह

यात्री सभ कें सलाह देल गेल अछि जे ओ अपन यात्रा पहिने योजना बना लेथि, अतिरिक्त समय लए' कए चलथि, जतय तक संभव हो सार्वजनिक परिवहनक उपयोग करथि, घटनास्थल पर तैनात ट्रैफिक कर्मी सभक निर्देश मानथि आ सड़कक कात मे गाड़ी पार्क नहि करथि। दिल्ली ट्रैफिक पुलिस एकटा दोसर अलर्ट मे बतौलक जे रिंग रोड पर सराय काले खां सं आईटीओक बीच एकटा ट्रक दुर्घटनाग्रस्त भए गेल अछि। क्रेन सं ओकरा हटाओल नहि जा सकल आ भोर 10 बजे के बाद हटेबाक संभावना अछि। ट्रैफिक स्टाफ घटनास्थल पर मौजूद अछि आ यातायात नियंत्रित कए रहल अछि। यात्री सभ कें एहि अनुसार अपन यात्रा योजना बनेबाक सलाह देल गेल अछि।

# जन संवाद मे डीएम सुनलनि आम नागरिकक समस्या

## संबंधित पदाधिकारी सभ कें शिकायतक त्वरित निष्पादन करबाक देलनि निर्देश

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुरक जिलाधिकारी रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे आइ जन संवाद कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं आयल आम नागरिक सभ अपन समस्या आ शिकायत जिलाधिकारीक समक्ष रखलनि। जिलाधिकारी एक-एक कए फरियादीसभक समस्या सुनलनि आ संबंधितपदाधिकारी सभ कें प्राप्त आवेदनक गंभीरतापूर्वक जांच कए नियमानुसार त्वरित कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। जन संवाद कार्यक्रमक दौरान जिलाधिकारी कहलनि जे आम नागरिकसभक समस्याक समाधान जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि। एहि लेल सभ संबंधित पदाधिकारी प्राप्त शिकायतसभक समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करथि। प्रत्येक



मामिला मे नियमानुसार आवश्यक कारबाइ करबाक संगहि आवेदकसभ कें कयल गेल कारबाइक जानकारी देब आवश्यक अछि। जिलाधिकारी संबंधित विभागक पदाधिकारीसभ कें निर्देश देलनि जे जन शिकायतसभक निष्पादन मे कोनो तरहक अनावश्यक देरी नहि होबाकचाही। जाहि मामिला मे स्थलीय जांच आवश्यक अछि, ताहि मे संबंधित पदाधिकारी स्थल निरीक्षण कए वास्तविक स्थितिक जांच करथि आ स्पष्ट प्रतिवेदन उपलब्ध कराबथि। ओतहि, जाहि मामिलाक समाधान विभागीय स्तर पर संभव अछि, तकर निष्पादन निर्धारित प्रक्रियाक अनुरूप शीघ्र सुनिश्चित कयल जाए।ओ कहलनि जे जन संवादक मुख्य उद्देश्य आम नागरिक आ जिला प्रशासनक बीच सीधा संवाद स्थापित करब, लोकसभक समस्या बुझब आ ओकर समाधानक लेल प्रभावकारी कारबाइ करब अछि। एहि तरहककार्यक्रम सं नागरिक सभ कें अपन समस्या प्रशासनक समक्ष रखबाक अवसर भेटैत अछि। जिलाधिकारी सभ पदाधिकारी कें जनहित सं जुड़ल मामिला मे संवेदनशीलता आ जवाबदेहीक संग काज करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी स्पष्ट कयलनि जे शिकायतसभक निष्पादन निर्धारित नियम आ प्रक्रियाक अनुरूप होबाक चाही। संबंधित पदाधिकारी एहि बात पर ध्यान देथि जे आवेदन पर आवश्यक कारबाइ समय पर हो आ आवेदक कें ओकर जानकारी भेटय। जाहि मामिला मे स्थल निरीक्षण जरूरी हो, ताहि मे वास्तविकस्थितिक जांच कयला बिना प्रतिवेदन नहि देल जाए। एहि अवसर पर जिला प्रशासन, समस्तीपुर आम नागरिक सभ सं अपील कयलक जे ओ अपन समस्या आ शिकायतक समाधानक लेल निर्धारित प्रक्रियाक अंतर्गत आवेदन प्रस्तुत करथि, जाहि सं संबंधित विभागक माध्यम सं हुनकर समस्याक नियमानुसार निष्पादन कयल जा सकय।

# दुर्गापूजा कें लए ताजपुर मे प्रशासन सतर्क, संयुक्त फ्लैग मार्च निकालल गेल



समस्तीपुर, समदिया

आगामी दुर्गापूजा कें देखैत ताजपुर शहर मे शुक्रदिन प्रशासनक दिस सं संयुक्त फ्लैग मार्च निकालल गेल। सप्तमी, महाअष्टमी, महानवमी आ विजयादशमीक अवसर पर श्रद्धालुसभक संभावित भारी भीड़ कें ध्यान मे राखि ई मार्च आयोजित कयल गेल। एहि दौरान शहरक विधि-व्यवस्था, यातायात प्रबंधन आ सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा लेल गेल। फ्लैग मार्चक नेतृत्व अनुमंडल पदाधिकारी राकेश कुमार कयलनि। एहि दौरान अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, ट्रैफिक डीएसपी सहित अन्य पुलिस आ प्रशासनिक अधिकारी उपस्थित छलाह। अधिकारी सभ शहरक विभिन्न प्रमुख मार्ग, चौक-चौराहा आ भीड़भाड़ बला स्थानसभकभ्रमण कय सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा कयलनि। फ्लैग मार्चक दौरान अनुमंडल पदाधिकारी राकेश कुमार शहरक कतेको पूजा पंडालक निरीक्षण सेहो कयलनि। ओतय पूजा समिति सभ द्वारा कयल गेल तैयारी आ व्यवस्थाक जानकारी लेलनि। आगामी पूजा अवसर पर श्रद्धालुसभक संभावित भीड़ कें देखैत सुरक्षा, भीड़ नियंत्रण आ यातायात व्यवस्थापर विशेष ध्यान देबाक निर्देश देल गेल। प्रशासनक एहि पहल सं शहर मे सुरक्षा व्यवस्था कें लए सक्रियता देखल गेल। फ्लैग मार्चक माध्यम सं आम नागरिक आ श्रद्धालु सभकें सुरक्षित वातावरण उपलब्ध करयबाक संगहि शांतिपूर्ण ढंग सं पूजा संपन्न करयबाक तैयारी कयल जारहल अछि। प्रशासनक अनुसार, दुर्गापूजाक सभ प्रमुख अवसर पर शांति, सौहार्द आ कानून-व्यवस्था बनौने रखब प्राथमिकता अछि। श्रद्धालु सभ कें पूजा पंडाल धरि सुरक्षित आ सुगम आवागमनक सुविधा देबाक लेल संबंधित अधिकारी सभ कें सतर्क रहबाक निर्देश देल गेल अछि।

# सिंघिया मे चोरी कांडक उद्भेदन चोरायल गहना बरामद आ दू गिरफ्तार

रोसड़, समदिया

सिंघिया थाना क्षेत्रक कैना गाम मे घरक ताला तोड़ि गहना, नगदी आ अन्य सामान चोरयबाक मामिलाक पुलिस उद्भेदन कय दू आरोपित कें गिरफ्तार कयने अछि। गिरफ्तार आरोपित मे कैना गाम निवासीगौरव कुमार झा उर्फ गौरव झा आ चोरायल गहना खरीदबाक आरोप मे दरभंगा जिलाक बहेड़ी थानाक्षेत्रक आभूषण दुकानदार शिवेंद्र कुमार साह शामिल अछि। पुलिस आरोपितसभक निशानदेही पर चोरायलगहना आ चोरीक घटना मे इस्तेमाल कयल जाइत रहल कतेको औजार सेहो बरामद कयने अछि। एहि मामिला मे शामिल एकटा आन फरार आरोपितक गिरफ्तारी लेल छापेमारी जारी अछि। रोसड़ा एसडीपीओ संजय कुमार




सिन्हा प्रेस विज्ञप्ति जारी कए कहलनि जे कैना गाम निवासी अरुण कुमार झा 11 अक्टूबर कें सिंघिया थाना मे लिखित आवेदन देने छलाह। आवेदनक अनुसार, 8 अक्टूबरक राति हुनकर घरकताला तोड़ि गहना, नगदी आ अन्य सामान चोरा लेल गेल छल। एहि संबंध मे सिंघिया थाना कांड संख्या247/26 दर्ज कय पुलिस जांच शुरू कयने छल। मामिलाक गंभीरता देखैत थानाध्यक्ष श्याम कुमार मेहताकनेतृत्व मे विशेष पुलिस टीम गठित कयल गेल। एहि टीम मे अनुसंधानकर्ता मिथुन पासवानक अतिरिक्तराजवंश कुमार, कृष्णा कुमार आ प्रीति कुमारी शामिल छलथि। टीम वैज्ञानिक आ मानवीय अनुसंधानकआधार पर त्वरित कारबाइ करैत पहिने गौरव कुमार झा कें गिरफ्तार कयलक। पूछताछ आ हुनकर निशानदेही पर चोरायल गहना खरीदबाक आरोप मे आभूषण दुकानदार शिवेंद्र कुमार साह कें सेहो गिरफ्तार कयल गेल। पुलिसक अनुसार, बरामद सामान मे सोनाजेकां धातुक टूटा समान नथुनी, एकटाअन्य नथुनी, गलाओल सोनाजेकां धातुक एकटा गोल-चपटा टुकड़ा आ एकटा अन्य चपटा टुकड़ा शामिलअछि। एकर अतिरिक्त एकटा लोहेक हथौड़ी, दू प्रकारक छेनी, एकटा लोहेक खंती आ एकटा लोहेक पाइपसेहो बरामद कयल गेल अछि। एसडीपीओ संजय कुमार सिन्हा कहलनि जे एहि कांड मे शामिल एकटा अन्य फरार आरोपितक गिरफ्तारी लेल पुलिस लगातार छापेमारी कए रहल अछि। फिलहाल मामिलाक अनुसंधान जारी अछि।

# विधान परिषद चुनाव मे एनडीएक जीत लेल भाजपाक रणनीति तैयार

दरभंगा, समदिया

दरभंगा स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक विधान परिषद चुनाव मे एनडीएक प्रत्याशीसभक जीतसुनिश्चित करबाक लेल बुधदिन भाजपा क्षेत्रीय कोर कमिटीक महत्वपूर्ण बैसार दरभंगा स्थित भाजपाजिला कार्यालय मे भेल। बैसार मे दरभंगा पूर्वी, दरभंगा पश्चिमी, मधुबनी आ झंझारपुर क्षेत्रक पार्टी पदाधिकारी आ जनप्रतिनिधि सभ भाग लेलनि। एहि दौरान चुनावी रणनीति, संगठनात्मक समन्वय आ मतदाता संपर्क अभियान पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। बैसार कें संबोधित करैत भाजपाक राष्ट्रीय मंत्री सह बिहार प्रदेश सह-प्रभारी रोहन



गुप्ता कार्यकर्ता सभ सं एकजुट भए चुनावी तैयारी मे जुटबाक आह्वान कयलनि। ओ कहलनि जे स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक प्रत्याशीक जीत लेल बूथ स्तर परप्रभावकारी चुनाव प्रबंधन आ मतदाता सभ सं सीधा संपर्क जरूरी अछि। भाजपाक राष्ट्रीय मंत्री सह बिहार प्रदेश सह-प्रभारी संगीता यादव संगठनक एकजुटता आ कार्यकर्तासभक सक्रियता कें पार्टीक सब सं पैघ ताकत बतौलनि। ओ एनडीए सरकारक उपलब्धि आ विकास कार्य सभ कें मतदाता सभ धरि पहुंचयबाक जरूरत पर जोर देलनि। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे दुनू प्रत्याशीक जीत पार्टीक सामूहिक लक्ष्य अछि। केंद्रीय मंत्री गिरिराज सिंह प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे देश मे भए रहल विकास कार्यसभक चर्चा करैत एनडीए प्रत्याशीक पक्ष मे व्यापक जनसंपर्क अभियान चलयबाक अपील कयलनि। बैसारक संचालन प्रदेशउपाध्यक्ष सह क्षेत्रीय प्रभारी पवन जायसवाल कयलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन प्रदेश महामंत्री सहसंभाग प्रभारी धनराज शर्मा कयलनि। एहि अवसर पर सांसद गोपाल जी ठाकुर, अशोक यादव, बिहारसरकारक मंत्री नीतीश मिश्रा आ रामचंद्र प्रसाद सहित विधायक, विधान पार्षद, जिलाध्यक्ष आ पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# मतदाता सूची लेल विशेष शिविर संपन्न बीडीओ कयलनि बूथक निरीक्षण

## पात्र मतदाताक नाम जोड़बाक आ त्रुटि सुधारबाक लेल प्रपत्र-6, 7 आ 8 मे लेल गेल आवेदन

शिवाजीनगर, समदिया

भारत निर्वाचन आयोगक निर्देशानुसार मतदाता सूची कें अद्यतन आ त्रुटिरहित बनेबाक उद्देश्य सं शिवाजीनगर प्रखंडक सभ मतदान केंद्र पर आयोजित दू दिवसीय विशेष शिविर शुक्रदिन संपन्न भए गेल। शिविरक दोसर आ आखरी दिन बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह विभिन्न मतदान केंद्रक निरीक्षण कय निर्वाचनसंबंधी काजक प्रगतिक जायजा लेलनि। एहि दौरान ओ संबंधित बीएलओ आ सुपरवाइजर कें आवश्यकनिर्देश दैत निर्धारित समय-सीमाक भीतर काज पूरा करबाक कहलनि। 15 आ 16 अक्टूबर कें आयोजित एहि विशेष शिविर मे मतदाता सूची मे नव मतदाताक नाम जोड़बाक, अपात्र आ मृत व्यक्तिक नामनियमानुसार



हटेबाक तथा नाम, पता आ अन्य विवरण मे भेल त्रुटिक सुधार लेल आवेदन लेल गेल। एहिलेल प्रपत्र-6, प्रपत्र-7 आ प्रपत्र-8क माध्यम सं आवश्यक कारबाइ कयल गेल। निरीक्षणक दौरान बीडीओकर्मी सभ कें अपन-अपन निर्धारित मतदान केंद्र पर उपस्थित रहि पूरा जिम्मेदारी आ गंभीरताक संग निर्वाचन संबंधी काज करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे मतदाता सूची अद्यतन करब निर्वाचन प्रक्रियाक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। एहि काज मे कोनो स्तर पर लापरवाही नहि होबाक चाही। सभ पात्रनागरिकक नाम मतदाता सूची मे शामिल करब सुनिश्चित कयल जाए, जाहि सं कोनो योग्य मतदाताअपन मताधिकार सं वंचित नहि रहथि। बीडीओ बीएलओ कें अपन-अपन क्षेत्र मे घर-घर जा सत्यापनकरबाक आ एहन पात्र नागरिकसभक पहचान करबाक निर्देश देलनि, जिनकर नाम कोनो कारण संमतदाता सूची मे दर्ज नहि भए सकल अछि। एहन लोक सभ सं आवश्यक दस्तावेजक संग प्रपत्र-6 प्राप्त कए नियमानुसार नाम जोड़बाक कारबाइ करबाक कहलनि। ओतहि, मतदाता सूची सं नाम हटेबाक लेल प्रपत्र-7 आ नाम, पता तथा अन्य प्रविष्टि मे संशोधन लेल प्रपत्र-8क माध्यम सं आवेदन लेबाक निर्देश देलनि। आवेदनसभक निर्धारित प्रक्रिया अनुसार सत्यापन करब सेहो आवश्यक बताओल गेल। बीडीओ कहलनि जे प्रत्येक आवेदनक सावधानीपूर्वक जांच होयबाक चाही, जाहि सं मतदाता सूची शुद्ध, अद्यतन आ त्रुटिरहित बनाओल जा सकय। शिविर मे प्राप्तआवेदनसभक समुचित अभिलेख रखबाक आ निर्धारित समय-सीमाक भीतर आवश्यक कारबाइ पूराकरबाक निर्देश सेहो देलनि।शिविरक दुनू दिन प्रखंडक विभिन्न मतदान केंद्र पर बीएलओ आ सुपरवाइजर सक्रिय रहलाह। एहि अवसर पर शांति भूषण, मृत्युंजय कुमार राय, प्रदीप कुमार, प्रमोद कुमार सिंह, नीलू कुमारी, पारस महाराज, संतोषकुमार, राजकुमार राय, उमेश प्रसाद राय, रतन राय, राजेश कुमार, बिहारी दास, सुनील कुमार राय, बबलूकुमार साहू, सुदर्शन कुमार राम, कल्याण मंडल, रामकुमार माझी, रामनाथ पंडित सहित अन्य बीएलओ आसुपरवाइजर उपस्थित छलाह।

# गुरु शांति धाम मे 1051 कलशक विशेष पूजा




बेनीपुर, समदिया

बेनीपुर स्थित प्रसिद्ध आध्यात्मिक स्थल गुरु शांति धाम मे शारदीय नवरात्रिक पंचमी तिथि पर बृहस्पति कें 1051 कलशक विशेष पूजा-अर्चना वैदिक मंत्रोच्चारक बीच श्रद्धापूर्वक कयल गेल। धामक महामंडलेश्वर स्वामी लक्ष्मणानंद सरस्वती जी महाराजक पावन सान्निध्य मे आयोजित एहि धार्मिकअनुष्ठान मे श्रद्धालु पूरा भक्तिभाव सं शामिल भए रहल छथि। धाम परिसर मे बनाओल गेल विशेषपूजा मंडप मे अखंड दीप निरंतर प्रज्वलित अछि। ई दीप श्रद्धालुसभक आस्था आ श्रद्धाक प्रमुख केंद्रबनल अछि। पूजा मंडप मे प्रवेश लेल विशेष नियम निर्धारित कयल गेल अछि। श्रद्धालु सभ केंपारंपरिक धोती-कुर्ता धारण करबाक आ माथ पर पाग पहिरबाक बादे प्रवेशक अनुमति देल जा रहलअछि। एहि व्यवस्था सं पूरा आयोजन मे प्राचीन वैदिक परंपरा आ मिथिलाक सांस्कृतिक विरासतक अनुपम झलक देखबा मे आबि रहल अछि। पूजा मंडप मे विद्वान पंडित सभ द्वारा निरंतर दुर्गा सप्तशतीक पाठ कयल जा रहल अछि। ओतहि, श्रद्धालु मंडपक परिक्रमा कए सुख-समृद्धि आ कल्याणककामना कए रहल छथि। पारंपरिक विधि-विधान सं भए रहल एहि कलश पूजाक चर्चा पूरा मिथिला क्षेत्र मेभए रहल अछि। शारदीय नवरात्रिक पहिल दिन गुरु शांति धाम सं 1051 कलशक भव्य शोभायात्रानिकालल जाइत अछि। एहि शोभायात्रा मे शामिल होयबाक लेल बिहारक विभिन्न जिलाक अतिरिक्तदेशक अलग-अलग भाग आ पड़ोसी देश नेपाल सं सेहो पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचैत छथि। श्रद्धालु पूरामनोयोग आ श्रद्धाभाव सं पूजा-अर्चना सहित विभिन्न धार्मिक कार्यक्रम मे भाग लैत छथि। एहि धार्मिक महोत्सव कें सफल बनेबाक लेल स्वामी सदानंद सरस्वती, स्वामी दिव्यानंद सरस्वती, शंकर कुमार सहित धामक अन्य सेवादार दिन-राति जुटल छथि।

### सिनेमा चौक पर यातायात नियम तोड़निहार 7 वाहन चालकक कटल चालान

# नवरात्रि मे जाम सं निपटबाक लेल बाजार मे पुलिस तैनात

## वाहन चालक सभ सं 6 हजार जुर्माना वसूल

समस्तीपुर, समदिया

शारदीय नवरात्रिक दौरान रोसड़ा बाजार मे जामक समस्या दूर करबाक आ श्रद्धालुसभक सुविधा कें ध्यानमे रखैत प्रशासन यातायात व्यवस्था कें सख्त कय देने अछि। बाजारक विभिन्न चौक-चौराहा आ प्रमुखस्थान सभ पर पुलिस बलक संग नगर परिषदक कर्मीसभक प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि। प्रतिनियुक्तकर्मी सभ कें यातायात व्यवस्था सुचारु रखबाक आ सड़क पर अनावश्यक रूप सं गाड़ी ठाढ़ कएनिहारचालकसभक विरुद्ध कारबाइ करबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि। बृहस्पति राति अनुमंडल पदाधिकारी पूजाकुमारी आ अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी बाजारक विभिन्न पूजा पंडालसभक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान अधिकारी सभ पूजा-पाठक तैयारी,



श्रद्धालुसभक सुरक्षा आ बाजार मे लगैबला जामक स्थितिकजायजा लेलनि। अधिकारी सभ यातायात व्यवस्था दुरुस्त रखबाक आ पूजा-अर्चनाक दौरान लोक सभ केंआवागमन मे कोनो परेशानी नहि हो, एहि लेल आवश्यक निर्देश देलनि। जामक समस्या पर नियंत्रण पयबाक लेल सिनेमा चौक पर यातायात नियमक उल्लंघन कएनिहार 7 वाहन चालकक विरुद्ध चालान काटबाक कारबाइ कयल गेल। एहि दौरान कुल 6 हजार टाका जुर्माना वसूल कयल गेल। ओमप्रकाश आबड़का बाबू राकेश कुमार पूर्वे बतौलनि जे बाजार मे अवैध अतिक्रमणक विरुद्ध सेहो कारबाइ कयल गेल अछि। बाजार मे यातायात व्यवस्थाक निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ बड़का दुर्गा स्थान पर पूजाक तैयारीक सेहो जायजा लेलनि। नवरात्रिक दौरान पूजा पंडाल सभ मे श्रद्धालुसभक भीड़ आ वाहनक बढ़ैतदबाव कें देखैत छोट आ पैघ वाहनसभक परिचालन लेल वैकल्पिक मार्गक व्यवस्था कयल जायत। एहिव्यवस्था सं पूजा पंडालक आसपास अनावश्यक भीड़ आ जामक स्थिति उत्पन्न होयब रोकब आसानहोयत। प्रशासनक उद्देश्य नवरात्रिक दौरान श्रद्धालु सभ कें सुगम आवागमनक सुविधा देब आ बाजारकयातायात व्यवस्था कें व्यवस्थित बनौने रखब अछि। एहि लेल पुलिस आ नगर परिषदक कर्मी सभ कैंसतर्क रहबाक आ यातायात नियमक पालन सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल अछि।

# माउंट समर मे बच्चा सभ डांडिया नृत्य सं बान्हलनि समां

## नारी शक्ति, महिला सशक्तीकरण आ एकताक देलनि संदेश

दरभंगा, समदिया

दुर्गापूजाक अवसर पर माउंट समर कॉन्वेंट स्कूल परिसर मे भव्य सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कयलगेल। एहि कार्यक्रम मे विद्यालयक नन्हा-नन्हा बच्चा सभ मनमोहक डांडिया नृत्य प्रस्तुत कए उपस्थित लोकसभक मोन मोह लेलनि। बच्चासभक आकर्षक प्रस्तुति सं विद्यालय परिसर भक्तिमय आउल्लासपूर्ण भए उठल। कार्यक्रमक माध्यम सं महिला सशक्तीकरण, नारी शक्तिक सम्मान, आपसी एकताआ सद्भावक संदेश देल गेल। विद्यालयक निदेशक राघवेंद्र कुमार बच्चा सभ कें संबोधित करैत कहलनिजे दुर्गापूजा असत्य पर सत्यक विजय आ नारी शक्तिक सम्मानक प्रतीक अछि। ओ बच्चा सभ कें संस्कारवान आ सशक्त नागरिक बनेबाक लेल प्रेरित कयलनि। उपप्राचार्य



नीतीश कुमार अनुशासन, नैतिक मूल्य आ सांस्कृतिक परंपराक महत्व पर प्रकाश दैत कहलनि जे एहि तरहक आयोजन सं बच्चा सभ मेआत्मविश्वास आ रचनात्मकताक विकास होइत अछि। ब्लॉक 'बी'क प्रभारी अभिषेक प्रभात कहलनि जेसांस्कृतिक कार्यक्रम विद्यार्थी सभ मे उत्साह, सहयोग आ सकारात्मक सोच विकसित करैत अछि।कार्यक्रमक सफल आयोजन मे शुभम मिश्रा आ अभिनव कुमारक महत्वपूर्ण योगदान रहल। ओतहि,शिक्षिका पूजा भंडारी, शशि चौधरी आ काजल प्रियाक बच्चासभक प्रतिभा निखारबा मे महत्वपूर्ण भूमिकारहल। चित्रकला आ नृत्यक माध्यम सं शिक्षिका सभ बच्चासभक कलात्मक प्रतिभा कें आगू बढ़ेलनि।संगहि, बच्चा सभ कें मां दुर्गाक नौ स्वरूप सं प्रेरणा लेबाक सीख देलनि। कार्यक्रमक समापन राष्ट्रगान आ मां दुर्गाक आरतीक संग भेल। एहि अवसर पर उपस्थित अभिभावक आ अतिथि सभ बच्चासभक प्रस्तुतिक प्रशंसा कयलनि आ विद्यालयक एहि प्रयास कें सराहलनि।

# दुर्गोत्सव पर डीपीएस बोकारो मे देखायल भक्ति, कला आ सांस्कृतिक उल्लासक संगम

बोकारो,समदिया

शारदीय नवरात्रिक चहुं ओर छाएल उमंग आ भक्तिमय माहौलक बीच दिल्ली पब्लिक स्कूल (डीपीएस), बोकारो मे दुर्गापूजा उत्सव हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल। उत्सवमय वातावरण मे आयोजित विशेष कार्यक्रमसभक दौरान विद्यार्थी सभ श्रद्धा, भक्ति, कला आ रचनात्मकताक अनूठा संगम प्रस्तुत कयलनि। विद्यालयक प्राइमरी आ सीनियर, दूनू इकाइसभक छात्र-छात्रा सभ विभिन्न सांस्कृतिक प्रस्तुतिक जरिए अपन अद्भुत प्रतिभाक प्रदर्शन कयलनि। प्राइमरी विंग मे विशेष प्रार्थना सभाक शुरुआत कक्षा दू के विद्यार्थी सभ मां दुर्गाक भावपूर्ण भक्तिगान सं कयलनि। तकर बाद कक्षा तीनक बच्चा सभ ऊर्जावान नृत्य प्रस्तुतिक माध्यम सं देवी दुर्गाक महिमा आ महिषासुर-मर्दनक जीवंत प्रस्तुतिक

**▪ हे जगजननी भव भयहारिणी माता**

संग बुराई पर अच्छाई के जीतक संदेश देलनि। एहि दौरान छोट-छोट बच्चा सभ मां दुर्गा के विभिन्न स्वरूपक रूप-सज्जा सं सभहक मन मोहि लेलनि। अंत मे सभ विद्यार्थी गरबा नृत्य प्रस्तुत कय समृद्ध भारतीय संस्कृति आ परंपरासभक बहुरंगी छटा बिखेरलनि। डांडिया मे शिक्षक सभ सेहो बच्चासभक संग दक हुनक उत्साह आ मनोबल बढ़ओलनि। एहि सं पूर्व, नर्सरी के बच्चा सभ मनभावन दुर्गा आरती प्रस्तुत कयलक, तं एहि कक्षाक शिवांश कुमार लाल के हारमोनियम पर भजन गेनाइ सभ कें अचंभितक गेल। सांस्कृतिक प्रस्तुतिसभक अलावा बच्चा सभ दुर्गापूजा सं संबंधित भांति-भांतिक आकर्षक कलाकृति सभ सेहो



बनओलक। ओतहि, सीनियर विंग के विशेष सभा मे छात्रा आर्या झा विजयादशमी पर एकटा संक्षिप्त आ प्रेरणादायी आख्यान प्रस्तुत कयलनि, जखनकि अनुष्का शर्मा आजुक दुर्गा शीर्षक कविताक माध्यम सं नारी शक्तिक महत्ता आ एकर विविध रूप पर प्रकाश देलनि। तकर बाद विद्यार्थीसभक सुरीला टोली मनभावन दुर्गास्तुति-हे जगजननी भव भयहारिणी माता... के प्रस्तुति सं संपूर्ण वातावरण के भक्ति-भावना सं सराबोरक देलक। मां दुर्गा के नवरूपसभकें दर्शबैत आकर्षक नृत्य-प्रस्तुति सेहो सभ कें मंत्रमुग्धक देलक। एहि अवसर पर दुर्गापूजाक थीम पर आधारित विद्यालय परिसरक साज-सज्जा सेहो बेहद आकर्षक बनल रहल। एहि क्रम मे विद्यालयक प्राचार्य डॉ. ए. एस. गंगवार एवं अन्य वरीय शिक्षक सभ विद्यालय के रावी सदन के गृह-पत्रिका - डीपीएस बोकारो क्रॉनिकल्स के अक्टूबर संस्करणक विमोचन सेहो कयलनि। विद्यार्थीसभक एहि उत्कृष्ट प्रस्तुतिसभक प्रशंसा करैत प्राचार्य डॉ. ए. एस. गंगवार कहलनि जे एहि प्रकारक आयोजनसभक मुख्य उद्देश्य बच्चासभकें अपन भारतीय संस्कृतिक जड़ि सभ सं जोड़नाइ अछि। हमर नवका पीढ़ी संस्कारवान आ चरित्रवान बनय, एहि लेल इ अत्यंत आवश्यक अछि जे हुनका सभ कें अपन सांस्कृतिक आ पारंपरिक विरासत सं जोड़िकय राखल जाए। ओ कहलनि जे दुर्गापूजा मात्र एकटा पर्व नहि, बल्कि बुराई पर अच्छाई, भय पर साहस आ असत्य पर सत्यक शाश्वत विजयक प्रतीक थिक। नवरात्रि शक्ति-आराधनाक इ पावन पर्व हमरासभक आत्मशक्तिक जागरणक संग-संग शौर्य, आत्मविश्वास आ दृढ़-निश्चयक गहीर सीख दैत अछि।

# शांति बनौने रखबाक लेल बोकारो स्टील प्रबंधन कएलक फेर अपील

बोकारो,समदिया

विस्थापित समूह सभ द्वारा चलाओल जा रहल आंदोलनक क्रम मे बोकारो स्टील प्रबंधन द्वारा पहिने कएल गेल अपीलक बावजूद काल्हि संयंत्रक गेट संख्या 9 आ 10 कें बाधित कयल जेबाइ अत्यंत दुर्भाग्यपूर्ण अछि। ई दुनू गेट संयंत्रक परिचालन लेल आवश्यक सामग्रीसभक आपूर्ति आ उत्पादित इस्पात तथा अन्य सामग्रीसभक प्रेषण लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। एहन स्थिति मे, एहि गेट सभ पर बहुत समय धरि अवरोध बनल रहला सं संयंत्रक उत्पादन आ प्रेषण गतिविधि गंभीर रूप सं प्रभावित भए सकैत अछि। एहि तरहे, संयंत्रक अन्य प्रवेश द्वार सभ कें बाधित करबाक प्रयास सेहो कोनो दृष्टि सं उचित नहि अछि। एहि सं ने मात्र संयंत्रक सामान्य परिचालन प्रतिकूल रूप सं प्रभावित भए सकैत अछि, बल्कि राष्ट्रीय संपत्ति आ औद्योगिक गतिविधि सभ कें सेहो क्षति पहुंचबाक आशंका अछि। बोकारो स्टील प्लांट मात्र एकटा औद्योगिक इकाई नहि, बल्कि राष्ट्रक अमूल्य संपत्ति आ गौरव अछि। ई संयंत्र दशक सभ सं राष्ट्र निर्माणक नींव कें मजबूत करैत आबि रहल अछि आ राष्ट्र तथा समाजक विकास मे निरंतर प्रत्यक्ष योगदान दैत रहल अछि। एहि सं हजारो परिवारक आजीविका आ पूरा क्षेत्रक समृद्धि जुड़ल अछि। एहन स्थिति मे, संयंत्र कें होमय बला कोनो क्षति मात्र बोकारो स्टीलक नहि, बल्कि पूरा राष्ट्र आ हम सभक साझा क्षति होयत, जाहि कें प्रतिकूल असर देशक समग्र विकास पर पड़त। बोकारो स्टील प्रबंधन संविदाक आधार पर अप्रेंटिससभक नियोजनक दिशा मे अपन प्रयास कें आओर तेज करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। संगहि, प्रबंधन एहि विषय सं जुड़ल सभ मुद्दाक समाधान सकारात्मक आ रचनात्मक संवादक माध्यम सं निकालबाक लेल तत्पर अछि आ संबंधित पक्षसभक संग वार्ता लेल सदिखन उपलब्ध अछि। अतः प्रबंधन विस्थापित समूह सभ सं एक बेर फेर अपील करैत अछि जे ओ सभ औद्योगिक शांति आ संयंत्रक निर्बाध परिचालन कें ध्यान मे रखैत अवरोधक बाट छोड़ि संवाद आ आपसी सहयोगक बाट अपनाबथि। आपसी सहमति आ वार्ताक माध्यम सं सभ संबंधित मुद्दाक स्थायी आ सौहार्दपूर्ण समाधान सुनिश्चित कएल जा सकैत अछि।

# रूपी सोरेनक श्राद्ध-कर्म मे 14 आईपीएस, 42 डीएसपी 2300 अतिरिक्त जवान रामगढ़ सं नेमरा धरि तैनात

रांची,समदिया

झारखंड मे दू टा प्रमुख कार्यक्रम कें ध्यान मे रखैत 10 हजार सं बेसी जवान आ अधिकारी सभक अतिरिक्त भारतीय प्रशासनिक सेवा आ राज्य प्रशासनिक सेवाक बहुत रास अधिकारी सभक तैनाती कयल गेल अछि। एकटा कार्यक्रम रामगढ़ जिलाक नेमरा मे मुख्यमंत्री हेमंत सोरेनक माता रूपी सोरेनक संस्कार भोज मेवीआईपी सं लए कय आम लोक तक भारी भीड़ जुटबाक संभावना कें देखैत विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक अछि। दोसर कार्यक्रम राज्य मे नवरात्र के दौरान पूजा पंडाल सभ मे उमड़य बला लाखो श्रद्धालु सभक सुरक्षा सं जुड़ल अछि। एहि दुनू कार्यक्रम कें ध्यान मे रखैत पुलिस-प्रशासनक जवान आ अधिकारी सभ सुरक्षा व्यवस्था लेल तैयार छथि। पूरा राज्य मे जगह-जगह जवान सभक तैनाती कय देल गेल अछि। प्रत्येक संदिग्ध व्यक्ति पर नजरि राखल जा रहल अछि। सुरक्षा लेल पुख्ता तैयारी कयल गेल अछि। रामगढ़ जिला मे मुख्यमंत्रीक माताक संस्कार भोजक दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल 14 अतिरिक्त आईपीएस अधिकारी, 42 डीएसपी आ 2300 अतिरिक्त जवान तैनात कयल गेल छथि। एहि सभ कें 18 अक्टूबर कें होमय बला संस्कार भोजक अगिला दिन 19 अक्टूबरक भोर धरि विधि-व्यवस्था संभालबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि। एहि अतिरिक्त राज्य प्रशासनिक सेवाक अधिकारी सभ कें सेहो बड़का संख्या मे दंडाधिकारीक रूप मे तैनात कयल गेल अछि। ओतय झारखंड जगुआरक पांच असॉल्ट ग्रुप, आतंकवाद निरोधक दस्ता (एटीएस) केर दू हिट टीम आ रैपिड एक्शन पुलिस (रैप) केर दू कंपनी सेहो तैनात कयल गेल अछि। विधि-व्यवस्था कें मजबूत रखबाक लेल रामगढ़ जिला कें 13 सुपर जोन मे बांटल गेल अछि। प्रत्येक जोनक प्रभारी एकटा आईपीएस अधिकारी कें बनाओल गेल अछि। एहि 13 सुपर जोन मे 42 जोन बनाओल गेल अछि, जकर प्रभारी सभ 42 डीएसपी छथि। डीआईजी झारखंड जगुआर इंद्रजीत महथा, एसपी एसआईबी सौरभ, एसपी एसीबी सुमित कुमार अग्रवाल, एसपी विशेष शाखा हरविंदर सिंह, एसपी यातायात रांची राकेश कुमार सिंह, एसपी ग्रामीण रांची गौरव गोस्वामी, एसपी सीआईडी रोशन गुड़िया, कमांडेंट जैप-6 राजेश कुमार, कमांडेंट जैप-4 ऋषभ कुमार झा, एसपी एसीबी श्रीराम समद, एसडीपीओ चैनपुर कुमारी श्रुति, एएडीपीओ सिमरिया नागरगोजे शुभम भाउसाहेब, एसपी ग्रामीण धनबाद एस. मुहम्मद याकुब आ एसडीपीओ पतरातू राघवेंद्र शर्मा कें तैनात कयल गेल अछि। नेमरा मे 135 जवान बला पांच असॉल्ट ग्रुप, आतंकवाद निरोधक दस्ता (एटीएस) केर दू हिट टीम आ रैपिड एक्शन पुलिस (रैप) केर दू कंपनी सेहो तैनात कयल गेल अछि।पुलिस इंस्पेक्टर (60), एएसआई सं लए कय दारोगा तक (300), यातायातक एएसआई सं लए कय दारोगा तक (40), पुरुष लाठी बल (1265), महिला लाठी बल (100) आ यातायातकर्मी (100) तैनात कयल गेल छथि। दुर्गा पूजा के दौरान झारखंडक विभिन्न जिला सभ मे तैनात सुरक्षा बल (जैप, आईआरबी, एसआईआरबी आ झारखंड जगुआर) केर संख्या आ हुनका सभ लग उपलब्ध विशेष दस्ता, जेना बम निरोधक दस्ता आ अश्रु गैस दस्ता, संबंधी जानकारी देल गेल अछि।

# जामताड़ा मे खुजत 100 सीट बला मेडिकल कॉलेज

जामताड़ा,समदिया

जामताड़ा मे 100 एमबीबीएस सीट बला मेडिकल कॉलेज खुलत। एहि लेल 15 अक्टूबर कें स्वास्थ्य विभाग समझौता ज्ञापन (एमओयू) पर हस्ताक्षर कयलक। कॉलेज सार्वजनिक-निजी भागीदारी (पीपीपी) मॉडल पर बनत। एकर संगहि, वर्तमान सदर अस्पताल कें उन्नत कय 100 बेड सं बढ़ाकय 420 बेड बला कयल जायत। मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन शीघ्र एहि परियोजनाक शिलान्यास करताह। स्वास्थ्य मंत्री डॉ. इरफान अंसारी बतौलनि जे राज्य सरकारक योजनाक अंतर्गत जामताड़ाक अतिरिक्त रांची, खूंटी, गिरिडीह आ धनबाद मे सेहो पीपीपी मॉडल पर मेडिकल कॉलेज स्थापित कयल जेबाक अछि।

# उपद्रवी आ असामाजिक तत्व सभ सं निपटबाक लेल मॉक ड्रिल अभ्यास कराओल गेल

लोहरदगा,समदिया

थाना क्षेत्रक बक्सीडीपा स्थित नव पुलिस लाइन मे डीसी संदीप कुमार मीणा आ एसपी सादिक अनवर रिजवीक निर्देश पर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी किस्को दिवाकर कुमारक नेतृत्व मे दुर्गापूजाक दौरान उपद्रवी आ असामाजिक तत्व सभ सं निपटबाक लेल मॉक ड्रिल अभ्यास कराओल गेल। एहि दौरान एसडीपीओ दिवाकर कुमार प्रशासन दिस सं आमजन कें शारदीय नवरात्र आ दुर्गापूजाक बधाइ आ शुभकामना देलनि। ओ दशहराक पर्व पर उपद्रवी आ असामाजिक तत्व सभ सं निपटबाक लेल पुलिसकर्मी सभ कें संगठित भए काज करबाक निर्देश देलनि। संगहि कहलनि जे पुलिसकर्मी सभक दू टा परिवार होइत अछि। एकटा घर मे आ



दोसर ओतय, जतय ओ सभ ड्यूटी करैत छथि। एहि लेल आमजनक सुरक्षा करब हमर सभक जिम्मेदारी अछि। ओ कहलनि जे जाहि तरहे पहिने सेहो पुलिस जवान सभ वरिष्ठ अधिकारी सभक निर्देश पर विभिन्न पर्व-त्योहार मे लगन आ अनुशासनक संग काज कयलनि, तहिना एहि बेरो दशहरा मे सभ गोटे कें पूरा तन्मयता आ जिम्मेदारीक संग अपन काज पूरा करबाक अछि। एसडीपीओ कुमार बतौलनि जे ड्रोन कैमरा आ सीसीटीवीक माध्यम सं सेहो उपद्रवी आ असामाजिक तत्व सभ पर कड़ी नजरि राखल जायत। एहि अवसर पर मेजर शेरू रंजन, सार्जेंट मेजर मुकेश कुमार, मेजर विवेक कुमारक अतिरिक्त आरिफ अंसारी, सूरज कुमार, राम नयन यादव, जहांगीर खान, रामधीर रॉय, रामदयाल साहू सहित अन्य पुलिस जवान उपस्थित छलाह।

# मां चंचालिनी धाम मे उमड़ल भक्त सभक भीड़, 551 सीढ़ी चढ़ि पहुंचैत छथि श्रद्धालु

कोडरमा,समदिया

देशभरि मे नवरात्र धूमधाम सं मनाओल जा रहल अछि। दुर्गा पूजाक छठम दिन कोडरमा जिलाक मरकच्चो प्रखंड सं करीब 25 किलोमीटर दूर मां चंचालिनी धाम मे भक्त सभक भीड़ उमड़ि रहल अछि। ई धाम बंदरचौकवा पहाड़ आ घन जंगलक बीच स्थित अछि। एतय पहुंचबाक लेल श्रद्धालु सभ कें 551 सीढ़ी चढ़य पड़ैत अछि। एहि धामक इतिहास करीब 200 साल पुरान अछि। स्थानीय पुजारी सभक अनुसार, एकर स्थापना देवीपुरक राजघराना सं जुड़ल अछि। लोकमान्यता अछि जे मां चंचालिनी राजा कें सपना मे दर्शन दैत एतय पूजा शुरू करबाक आदेश देने छलीह। धाम मे किछु अनूठ परंपरा अछि। पुजारी पवन पांडेयक मुताबिक, एतय मां कें कुंवारी कन्याक रूप मे पूजा कयल जाइत अछि। एहि लेल महिला सभ कें सिंदूर लगाकय पूजा करब मना अछि। देवीपुर

**200 साल पुरान अछि आस्था आ अनूठ परंपरा**



राजघरानाक बेटी सभक संतानक पहिल मुंडन संस्कार सेहो एहि धाम मे होइत छल। मन्नत आ दिव्य संकेतक मान्यता भक्त सभक मनोकामना पूरा होयबाक संग जुड़ल एतय एकटा अत्यंत रोचक परंपरा अछि। श्रद्धालु सभ मां कें मस्तक पर बेलपत्र, अक्षत आ फूल अर्पित करैत छथि। एहन मान्यता अछि जे जं अर्पित सामग्री अपने-आप नीचा खसि पड़ैत अछि, तं एकरा माता द्वारा स्वीकृति आ मन्नत पूरा होयबाक दिव्य संकेत मानल जाइत अछि। एकर अतिरिक्त, नवरात्र मे बहुत रास श्रद्धालु निर्जला अथवा फलाहार व्रत रखि मां कें दरबार मे साधना करैत छथि। मान्यता के अनुसार, माता सपना मे आबि मन्नत पूरा होयबाक संकेत दैत छथि। एकर बादे भक्त सभ अपन संकल्प पूरा भेल मानि व्रत खोलैत छथि। श्रद्धालु सभक सहयोग सं विकास चंचालिनी धाम विकास समिति के अध्यक्ष नूनमन सिंह बतौलनि जे भक्त आ स्थानीय समुदाय के सहयोग सं आइ ई धाम निरंतर विकसित भए रहल अछि। एतय आबय बला तीर्थयात्री सभक सुविधा लेल धर्मशाला, विवाह मंडप आ यज्ञ मंडप बनाओल गेल अछि। 551 सीढ़ीक ई यात्रा वास्तव मे मात्र शारीरिक श्रम नहि, बल्कि आत्मा आ ईश्वरक जुड़ावक मार्ग थिक। लोकआस्था, विशिष्ट परंपरा आ प्राकृतिक शांति सं समृद्ध मां चंचालिनी धाम आइयो प्रत्येक भक्तक जीवन मे नव ऊर्जा आ सकारात्मकताक संचार करैत अछि।

# रांची मे दुर्गा पूजा पर श्रद्धालु सभक लेल राति भरि चलत सिटी बस, निःशुल्क आश्रयगृह सेहो उपलब्ध

रांची,समदिया

दुर्गा पूजा मे राति पंडाल सभ मे दर्शन कयलाक बाद घर घुरय बला श्रद्धालु सभ कें आवागमन मे परेशानी नहि होयत। रांची नगर निगम दिस सं 18 सं 20 अक्टूबर धरि छह प्रमुख मार्ग पर रात्रिकालीन सिटी बस सेवा चलाओल जायत। प्रत्येक मार्ग पर दू टा सिटी बस चलत। यात्री सभक उपलब्धताक अनुसार बसक परिचालन राति 12 बजे के बादो जारी रहि सकैत अछि। एहि सं देर राति धरि पूजा पंडाल सभ मे रहय बला श्रद्धालु सभ कें अपन गंतव्य तक पहुंचय मे सुविधा होयत। सिटी बसक परिचालन शहरक अलग-अलग हिस्सा सभ कें जोड़ैत कयल जायत। निर्धारित मार्ग सभ मे ओरमांझी चौक सं बरियातू होइत ट्रैक्टर स्टैंड, कांके चौक सं कांके रोड होइत जाकिर हुसैन पार्क, तुपुदाना चौक सं बिरसा चौक आ हिनू होइत होटल रेडिसन ब्लू चौक तथा धुर्वा गोलचक्कर सं बिरसा चौक आ हिनू होइत होटल रेडिसन ब्लू चौक शामिल अछि। एकर अतिरिक्त धुर्वा गोलचक्कर सं हरमू रोड, अरगोड़ा, कडरू, सुजाता चौक आ मुंडा चौक होइत कांटाटोली चौक तथा रामपुर सं नामकुम होइत कांटाटोली चौक तक सिटी बस चलत। एहि मार्ग सभ सं शहरक प्रमुख इलाका सभ मे



आवागमन करय बला श्रद्धालु सभ कें सुविधा भेटत। रात्रिकालीन सिटी बस सेवा मे महिला, बच्चा आ बुजुर्ग सभ कें प्राथमिकता देल जायत। एकर उद्देश्य देर राति श्रद्धालु सभ कें सुरक्षित आ सुविधाजनक सार्वजनिक परिवहन उपलब्ध करेनाइ अछि। पूजा के दौरान निजी वाहन पर निर्भरता कम करबा आ लोक सभक आवाजाही आसान बनय मे सेहो ई व्यवस्था मददगार होयत। देर राति घर घुरय मे असमर्थ लोक सभक लेल रांची नगर निगमक 11 आश्रयगृह मे निःशुल्क ठहरबाक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि। श्रद्धालु जरूरत पड़ला पर एहि आश्रयगृह सभ मे राति बिता सकैत छथि। रात्रिकालीन सिटी बस सेवा आ आश्रयगृहक सुविधा सं पूजा के दौरान लोक सभ कें आवागमन संग-संगठहरबाक विकल्प सेहो भेटत।

# बोकारो मे विस्थापित सभक आंदोलन 7मो दिन जारी, 1500 अप्रेंटिसक बहालीक मांग पर कतेको गेट बंद

बोकारो,समदिया

बोकारो स्टील प्लांट (बीएसएल) मे नौकरीक मांग कें लए; विस्थापित सभक आंदोलन सातम दिन शुक्रो दिन जारी छल। विस्थापित अप्रेंटिस संघक आमरण अनशन टू-टैंक गार्डन लग चलि रहल अछि। शुक्रदिन आंदोलनकारी सभ प्लांटक कतेको गेट पर प्रदर्शन कयलनि आ आवागमन रोकबाक कोशिश कयलनि। एहि सं कामकाज प्रभावित होयबाक आशंका अछि। विस्थापित नेता रघुनाथ महतो चेतावनी देने छथि जे शीघ्र समाधान नहि भेल तं शनिदिन मुख्य गेट सहित प्लांटक अन्य प्रवेश द्वार सभ सेहो

**▪ आइ मुख्य गेट घेरबाक चेतावनी**

बंद कए देल जायत। ठेका पर नहि, नियमित नौकरीक मांग विस्थापित सभक मुख्य मांग 1500 विस्थापित अप्रेंटिस प्रशिक्षु सभक बहाली, चतुर्थ वर्गक नौकरी मे पुरान आरक्षण व्यवस्था लागू करब आ विस्थापित सभक लेल स्पष्ट नियोजन नीति बनेबाक अछि। विस्थापित सभक कहब अछि जे जे परिवार प्लांटक लेल जमीन देने छल, तिनकर युवा सभ कें रोजगार भेटबाक चाही। प्रशिक्षण पूरा कयलाक बादो नौकरी नहि भेटला सं आर्थिक संकट उत्पन्न




भए गेल अछि। ओ सभ ठेका पर नहि, बल्कि नियमित नौकरी चाहैत छथि। विधायक श्वेता सिंह जतौलनि चिंता बोकारो विधायक श्वेता सिंह बतौलनि जे आंदोलनकारी सभक आरोप अछि कि डेढ़ साल सं बेसी समय सं हुनका सभ कें खाली आश्वासन भेटि रहल अछि। ई बोकारो स्टील प्लांटक पुरान रवैया रहल अछि—वचन द कए पूरा नहि करब। कतेको संगठन सभ एक मंच पर अयला सं आंदोलनक दायरा बढ़ि गेल अछि। आब सभक नजरि बीएसएल प्रबंधन आ प्रशासनक पहल पर अछि। जं शीघ्र बातचीतक माध्यम सं समाधान नहि निकलल, तं प्लांटक कामकाज ठप करबाक चेतावनी सं स्थिति आओर गंभीर भए सकैत अछि।

# झारखंड मे बालू खनन पर लागल रोक हटल, अगिला 8 महीना धरि होयत उठाव

रांची,समदिया

झारखंड मे चारि महीना सं बालू खनन पर लागल रोक हटा लेल गेल अछि। वैध घाट सभ सं बालू उठावक अनुमति देबाक संबंधित आदेश जारी भए गेल अछि। आब अगिला 8 महीना धरि बालूक उठाव कयल जा सकत। खान आ भूतत्व विभाग झारखंड मे 444 बालू घाट चिह्नित केने अछि। हालांकि, एखन मात्र 14 घाट एहन अछि, जकर लीज भए चुकल अछि। एहि घाट सभ सं खनन काज कयल जा सकैत अछि। राष्ट्रीय हरित प्राधिकरणक आकलन अछि जे झारखंड मे चारि महीना धरि बरखा होइत अछि। खनन विशेषज्ञ सभक कहब अछि जे ई ओहि अवधि होइत अछि, जखन



नदी मे बालू जमा होइत अछि। किछु एहन कीटाणु होइत अछि, जे बरखा मे तेजी सं पनपैत अछि। ओहि कीटाणु सभक कारण नदीक तलीक पाथर सभ कुरेदाइत रहैत अछि। एहि सं बालू मे लाल कणक मात्रा बढ़ैत रहैत अछि। चारि महीनाक दौरान नदी सभ मे बालू जमा होइत जाइत अछि। पलामू आ गढ़वामे बेसीतर घाट सभक नीलामी नहि भए सकल अछि। कतेको जिला एहन अछि, जतय एकोटा बालू घाट चालू नहि भए सकल अछि। पर्यावरणीय स्वीकृति, ग्रामसभाक अनुमति आ घाट संचालनक अनुमति प्रमाणपत्र भेटलाक बाद खनन कार्यालय द्वारा घाटक लीज देल जाइत अछि। एकर बाद बालू निकालल जा सकैत अछि। खान आ भूतत्व विभागक अनुमान अछि जे नव वर्ष मे पलामू छोड़ि बाकी जिला सभक घाट सभ सं बालू उठाव शुरू भए जायत।

# टीआरई-4 कें अभ्यर्थी सभ कें आरक्षित श्रेणी मे आवेदन करबा मे परेशानी

## औरंगाबाद मे राजस्व कर्मीसभक अनिश्चितकालीन हड़ताल,आरटीपीएस केंद्र पर सन्नाटा

औरंगाबाद, समदिया

औरंगाबाद मे राजस्व कर्मचारी आ अधिकारीसभक अनिश्चितकालीन हड़ताल सं लोक परेशान छथि। अंचल कार्यालय सभ मे काजकाज प्रभावित होएबाक कारण जाति, आवासीय, आय, ईडब्ल्यूएस आ एनसीएल सहित अलग-अलग प्रमाणपत्र जारी करबा मे परेशानी भए रहल अछि। एकर सब सं बेसी असर बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक लाइब्रेरियन पात्रता परीक्षा आ बीपीएससीक शिक्षक भर्ती परीक्षा टीआरई-4 मे शामिल होमय बला अभ्यर्थी सभ पर पड़ि रहल अछि। ऑनलाइन आवेदन करबाक बादो अभ्यर्थी सभ कें प्रमाणपत्र लेल अंचल कार्यालयक चक्कर लगाबय पड़ि रहल अछि। कुटुंबा प्रखंड कार्यालय स्थित आरटीपीएस केंद्र पर सेहो सन्नाटा पसरल अछि। प्रमाणपत्र नहि भेटबाक कारण अभ्यर्थीसभक आवेदन प्रक्रिया प्रभावित भए रहल अछि। ओतहि, जमाबंदी सुधार, नवीनीकरण सहित राजस्व सं जुड़ल आन काज सेहो बाधित अछि। अभ्यर्थीसभक कहब अछि जे परीक्षा तैयारी मे वर्षो मेहनत लगैत अछि, मुदा समय पर प्रमाणपत्र नहि भेटला सं आवेदन करबो कठिन भए गेल अछि। 16 अक्टूबर धरि प्रमाणपत्र नहि भेटल तं बढ़त परेशानी अभ्यर्थी सभ लेल शुक्रदिन, 16 अक्टूबर महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। उपलब्ध जानकारीक अनुसार, लाइब्रेरियन पात्रता परीक्षाक आवेदनक आखरी तिथि 21 अक्टूबर आ टीआरई-4 लेल 26 अक्टूबर निर्धारित बताओल जा रहल अछि। शुक्रदिनक बाद दुर्गापूजाक छुट्टी के कारण सरकारी कार्यालय सभ मे काजकाज प्रभावित रहबाक आशंका अछि। एहन स्थिति मे प्रमाणपत्र जारी होयबा मे आओर देरी भए सकैत अछि। अभ्यर्थी सभ कें आशंका अछि जे आखरी समय धरि प्रमाणपत्र नहि भेटल तं ओ सभ अपन आरक्षित श्रेणी मे आवेदन करबा सं वंचित रहि सकैत छथि। आखरी तिथि नजदीक अयलापर ऑनलाइन पोर्टल पर आवेदकसभक संख्या बढ़ला सं सर्वर धीमा होएबाक वा आवेदन सबमिट नहि होएबाक समस्या सेहो उत्पन्न भए सकैत अछि। एहि कारण अभ्यर्थी सभ समय रहैत आवेदन पूरा करय चाहैत छथि, मुदा आवश्यक प्रमाणपत्र नहि भेटला सं हुनकर परेशानी बढ़ि गेल अछि। वैकल्पिक व्यवस्था करबाक मांग टीआरई-4 आ लाइब्रेरियन परीक्षाक तैयारी कए रहल विवाहित महिला अभ्यर्थीसभक सोझां सेहो गंभीर समस्या अछि। संबंधित आवेदन प्रक्रिया मे मायकेक पता सं जाति आ आवासीय प्रमाणपत्रक आवश्यकता होएबाक कारण कतेको महिला अपन पिताक निवास स्थान बला अंचल कार्यालय मे आवेदन केने छथि। हड़तालक कारण हुनकर आवेदन लंबित पड़ल अछि। निर्धारित समय सीमा के भीतर प्रमाणपत्र प्राप्त करब हुनका सभक लेल चुनौती बनि गेल अछि। अभ्यर्थी सभ जिला प्रशासन सं तत्काल हस्तक्षेप कए वैकल्पिक व्यवस्था अंतर्गत लंबित प्रमाणपत्र जारी करबाक मांग केने छथि। हुनकर कहब अछि जे पंचायत सचिव सभ सं आवेदनक जांच आ अनुशंसा कराकए प्रमाणपत्र जारी करबाक व्यवस्था कएल जा सकैत अछि। एहि लेल संबंधित अधिकारीसभक स्तर सं स्पष्ट आदेश जारी करबाक आवश्यकता अछि, जाहि सं हड़तालक बावजूद जरूरी काज पूरा भए सकय।




# अहियापुर मे स्कूलक बाहर 3 घंटा धरि प्रदर्शन, सड़क जाम

मुजफ्फरपुर, समदिया



मुजफ्फरपुरक अहियापुर स्थित उच्च माध्यमिक विद्यालय शाहबाजपुर मे करंट सं झुलसल सातम कक्षाक छात्रा संध्या कुमारीक स्थिति गंभीर बनल अछि। हाथ काटय पड़बाक आशंका उत्पन्न भेलाक बाद शुक्र दिन परिजन आ स्थानीय लोक आक्रोशित भए गेलाह। मामिला मे उचित कारबाइ नहि होएबाक विरोध मे आक्रोशित लोक भोर करीब 9:30 बजे स्कूलक बाहर प्रदर्शन शुरू कए देलनि। शिक्षक सभ पर लापरवाहीक आरोप लगबैत नारेबाजी कएलनि आ सड़क जाम कए टायर जरौलनि। करीब 3 घंटा धरि सड़क जाम रहल। प्रदर्शनक दौरान स्कूलक गेट सेहो नहि खोलल गेल। एहि कारण भोर 11:30 बजे होमय बला छुट्टी करीब आधा घंटा देरी सं भेल। दुपहर 12 बजे के बाद जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (डीपीओ) दीपक कुमारक पहुंचबाक आ बातचीत भेलाक बाद गेट खोलल गेल, तखन बच्चा सभ कें छुट्टी देल गेल। 9 अक्टूबर के स्कूल मे 11 हजार वोल्टक तारक चपेट मे अयबाक कारण तीन बच्ची झुलसि गेल छलीह। एहि मे संध्या कुमारीक स्थिति गंभीर अछि। ओकर इलाज एसकेएमसीएच मे चलि रहल अछि। परिजनक कहब अछि जे हाथ मे संक्रमण बढ़लाक कारण डॉक्टर हाथ काटय पड़बाक आशंका जतेने छथि। एहि लेल ओ सभ बच्चीक नीक इलाज, सुरक्षा आ भविष्यक जिम्मेदारी तय करबाक मांग कए रहल छथि। संध्याक पिता राजकुमार गुप्ता कहलनि जे हुनकर 13 वर्षीय बेटी सातम कक्षा मे पढ़ैत अछि। स्कूल मे बिजलीक तारक चपेट मे अयबाक कारण ओकर शरीर झुलसि गेल आ स्थिति गंभीर भए गेल। हम चाहैत छी जे बच्ची कें न्याय भेटय। ओकर हाथ काटय पड़बाक नौबत आबि गेल अछि। हाथ कटि गेल तं भविष्य मे ओ की करत? प्रशासन ओकर इलाज, पढ़ाइ आ भविष्यक व्यवस्था करय। संध्याक माय अनु देवी आरोप लगौलनि जे बच्ची कें अस्पताल मे भर्ती कराओल गेलाक बादो इलाज आ देखभाल कें लए हुनका चिंता बनल अछि। ओ कहलनि जे बेटी के स्थिति नाजुक अछि आ हाथ काटबाक बात कहल जा रहल अछि। परिवार कें बच्चीक इलाज, सुरक्षा आ भविष्य लेल ठोस सहायता चाही। प्रदर्शनक सूचना भेटलापर जिला कार्यक्रम पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। ओ कहलनि जे पूरा स्थिति के जायजा लेल जा रहल अछि। परिजन सं लिखित शिकायत लेल जा रहल अछि। जांच मे जे केओ दोषी पाओल जाएत, हुनका विरुद्ध कारबाइ कएल जाएत। स्कूल मे बिजलीक तार जाहि तरहें लागल छल, ओकर स्थिति सेहो देखल गेल अछि। बच्चीक इलाज आ भविष्य लेल हरसंभव सहायता देबाक भरोस देलनि।एहि संबंध मे अहियापुरक थानाध्यक्ष शरत कुमार कहलनि जे करीब एक सप्ताह पहिने स्कूल मे बच्ची करंट सं झुलसि गेल छलीह। समुचित इलाजक मांग कें लए हुनकर परिजन सड़क जाम केने छलाह। हुनकर मांग पर संवेदनशीलताक संग विचार कएल जा रहल अछि। पुलिस आ प्रशासनक बातचीतक बाद जाम हटा लेल गेल।

# एनसीसी कैडेट सभ पोषण आ एनीमिया पर चलौलनि जागरूकता अभियान

- शेखपुरा मे रैली, नुक्कड़ नाटक आ प्रतियोगितासभक माध्यम सं लोक सभ कें कएलनि जागरूक

शेखपुरा, समदिया



शेखपुरा जिलाक बरबीघा मे पीएमश्री प्लस टू उच्च विद्यालयक एनसीसी कैडेट सभ पोषण आ एनीमिया पर जागरूकता अभियान चलौलनि। ई अभियान 14/9 बिहार बटालियन एनसीसी, बरौनीक अंतर्गत आयोजित कएल गेल। बरबीघा शहर मे रैली, नुक्कड़ नाटक, जनसंवाद, पेंटिंग, भाषण आ निबंध प्रतियोगिताक आयोजन भेल। कैडेट सभ लोक सभ कें स्वस्थ शरीर लेल संतुलित भोजन करबाक प्रति प्रेरित कएलनि। निबंध प्रतियोगिता मे मिकी कुमारी पहिल स्थान प्राप्त कएलनि। रेफरल अस्पताल बरबीघाक डॉक्टर, एएनएम आ फार्मासिस्ट कैडेट सभ कें पोषण आ एनीमिया संबंधी जानकारी देलनि।विद्यालयक प्रधानाध्यापक संजय कुमार आ एएनओ सेकंड ऑफिसर गोपाल जी सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह। निबंध प्रतियोगिता मे मिकी कुमारी पहिल, शुभम कुमार दोसर आ रजनी कुमारी तेसर स्थान प्राप्त कएलनि। भाषण प्रतियोगिता मे अपराजिता कुमारी, सायरा प्रवीण आ राजू कुमार विजेता रहलाह। पेंटिंग प्रतियोगिता मे मनीषा कुमारी पहिल, मिकी कुमारी दोसर आ आलिया प्रवीण आ सायरा इकबाल संयुक्त रूप सं तेसर स्थान प्राप्त कएलनि।

# खगड़ियाक मां कात्यायनी मंदिर मे श्रद्धालुसभक भीड़, शारदीय नवरात्र कें लए तैयारी पूरा

खगड़िया, समदिया

- धमहरा घाट सं 500 मीटर दूर अछि मंदिर



खगड़िया जिलाक चौथम प्रखंड अंतर्गत रोहियार पंचायतक बंगलिया स्थित सिद्ध शक्तिपीठ मां कात्यायनी मंदिर मे शारदीय नवरात्र कें लए भक्तिमय माहौल बनल अछि। मां दुर्गाक छठम स्वरूप मां कात्यायनीक पूजा-अर्चना कें लए श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। मंदिर परिसर कें आकर्षक ढंग सं सजाओल गेल अछि। नवरात्रक अवसर पर भव्य पंडाल, पूजा-अर्चना आ संगीतमय श्रीमद्भागवत कथा कें लए तैयारी पूरा कए लेल गेल अछि। नौ दिन धरि मंदिर परिसर मे भक्ति आ आध्यात्मिकताक माहौल बनल रहत। ई सिद्ध शक्तिपीठ मानसी थाना क्षेत्र मे धमहरा घाट सं करीब 500 मीटरक दूरी पर स्थित अछि। ओतहि, बदला घाट रेलवे स्टेशन सं मंदिरक दूरी करीब 3 किलोमीटर अछि। एतय खगड़िया सहित आसपासक कतेको जिला सभ सं श्रद्धालु मां कात्यायनीक दर्शन आ पूजा- अर्चना करबाक लेल पहुंचैत छथि। शुक्र आ सोम दिन किसान चढ़बैत छथि दूध मंदिरक पुजारी विजेंद्र बाबा बतौलनि जे मंदिर मे शुक्र आ सोम दिन विशेष रूप सं श्रद्धालुसभक भीड़ जुटैत अछि। स्थानीय परंपरा मे एहि दिन सभ कें बैरागन कहल जाइत अछि। एहि दिन खास कए किसान मां कात्यायनी कें दूध चढ़बैत छथि। एहि परंपरा कें लए किसान सभ मे गहीर आस्था अछि। कतेको जिला सभ सं श्रद्धालु एतय पहुंचि मां कात्यायनीक दरबार मे पूजा-अर्चना करैत छथि आ अपन मनोकामना पूरा होएबाक प्रार्थना करैत छथि। सिद्ध शक्तिपीठ मां कात्यायनी मंदिर मे भुजाक पूजा सेहो विशेष धार्मिक महत्व रखैत अछि। मां कें प्रति श्रद्धालुसभक अटूट आस्थाक कारण मंदिर मे सालो भरि भक्तसभक अबैत-जाइत रहबाक क्रम बनल रहैत अछि। नवरात्रक दौरान एतय पूजा-अर्चनाक विशेष महत्व रहैत अछि। भक्त मां कात्यायनीक दर्शन कए सुख-समृद्धि आ परिवारक खुशहालीक कामना करैत छथि। मंदिर परिसर मे बनल भव्य पंडाल, श्रीमद्भागवत कथा आयोजित शारदीय नवरात्रक आयोजन कें लए मंदिर न्यास समितिक सदस्य लगातार तैयारी मे जुटल रहलाह। हुनका सभक देखरेख मे मंदिर परिसरक सजावट, भव्य पंडाल आ कथा मंच सहित आवश्यक व्यवस्था पूरा कए लेल गेल अछि। नवरात्रक दौरान मां कात्यायनीक पूजा-अर्चनाक संग संगीतमय श्रीमद्भागवत कथा आयोजित कएल जा रहल अछि। मंदिर समितिक उपाध्यक्ष युवराज शंभू बतौलनि जे शारदीय नवरात्रक पावन अवसर पर मां कात्यायनीक भव्य पूजा-अर्चना आ श्रीमद्भागवत कथाक आयोजन कएल जा रहल अछि। ओतहि, समितिक सदस्य भवेश कुमार सन्नी श्रद्धालु सभ सं बेसी-सं-बेसी संख्या मे मंदिर पहुंचि मां कात्यायनीक दर्शन करबाक आ कथा सुनि पुण्य लाभ प्राप्त करबाक अपील कएलनि। नवरात्रक अवसर पर आयोजित ई नौ दिवसीय धार्मिक कार्यक्रम श्रद्धालु सभ लेल आस्था, भक्ति आ आध्यात्मिक चेतनाक विशेष अवसर बनि रहल अछि। मां कात्यायनीक जयकारा सं मंदिर परिसर भक्तिमय भए रहल अछि।

# ग्रामीण सड़क निर्माण मे आबय बला बाधा दूर होयत, विभागीय सचिव कएलनि समीक्षा

## औरंगाबाद मे ग्रामीण सड़कक स्थिति सुधारय पर जोर

औरंगाबाद, समदिया



औरंगाबाद जिला मे ग्रामीण सड़कक स्थिति नीक बनेबाक आ ग्रामीण क्षेत्र सभ मे आधारभूत संरचना कें मजबूत करबाक लेल ग्रामीण कार्य विभाग योजनासभक समीक्षा कएलक। बृहस्पतिदिन ग्रामीण कार्य विभाग, बिहार सरकारक सचिव अभय कुमार सिंहक अध्यक्षता मे औरंगाबाद स्थित सर्किट हाउसक मीटिंग हॉल मे विभागीय समीक्षा बैठक आयोजित कएल गेल। समीक्षा बैठक मे विभागीय योजनासभक क्रियान्वयनक दौरान सोझां आबि रहल समस्या सभ आ ओकर समाधानक उपाय पर चर्चा कएल गेल। अधिकारी सभ सं निर्माण कार्यक प्रगति मे आबि रहल बाधासभक जानकारी लेल गेल, जाहि सं आवश्यक कदम उठा कए योजना सभ कें नीक तरीका सं आगू बढ़ाओल जा सकय। सचिव अभय कुमार सिंह विभागीय योजनासभक नियमित निगरानी आ निर्माण कार्य समय सीमा के भीतर पूरा करबाक महत्व पर जोर देलनि। बैठकक दौरान जिला मे ग्रामीण कार्य विभागक अंतर्गत चलाओल जा रहल विभिन्न योजनासभक समीक्षा कएल गेल। सचिव योजनावार कार्यसभक प्रगति, वर्तमान स्थिति आ क्रियान्वयन सं जुड़ल विभिन्न पहलुसभक जानकारी संबंधित अधिकारी सभ सं लेलनि। बैठक मे जिलाधिकारी अभिलाषा शर्मा सहित ग्रामीण कार्य विभागक सभ संबंधित कार्यपालक अभियंता, सहायक अभियंता आ अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह। ग्रामीण सड़क संपर्क मजबूत करबाक कार्ययोजना बैठक मे औरंगाबाद जिला मे ग्रामीण कार्य विभागक अंतर्गत भविष्य मे प्रस्तावित योजना सभ आ विकासक संभावना सभ पर सेहो विचार-विमर्श कएल गेल। जिलाक आवश्यकताक अनुरूप ग्रामीण सड़क संपर्क कें मजबूत करबाक आ ग्रामीण क्षेत्र सभ मे आधारभूत सुविधासभक विस्तार सं संबंधित भावी कार्ययोजना पर चर्चा भेल। विभागीय समीक्षाक माध्यम सं चलि रहल योजनासभक प्रगतिक आकलन करैत भविष्यक विकास कार्यसभक दिशा तय करबाक पर जोर देल गेल। सचिव प्रभावी निगरानी, समय सीमा के भीतर कार्य पूरा करब आ विभागीय समन्वय कें योजनासभक सफलता लेल आवश्यक बतौलनि। बैठक मे जिलाधिकारी अभिलाषा शर्मा सहित विभागक सभ संबंधित अभियंता आ अधिकारी उपस्थित छलाह।

## विविध

# आब राति मे सेहो भेटत सूरजक इजोत, भारतीय कंपनी स्काईरूटक सहायता लेत अमेरिकाक कंपनी



अमेरिकाक एकटा कंपनी अंतरिक्ष सं राति मे धरती पर सूरजक इजोत पहुंचयबाक योजना बना रहल अछि। एहि लेल अंतरिक्ष मे पैघ-पैघ शीशा लागल उपग्रह पठाओल जाएत। ई शीशा सूरजक इजोत कें धरतीक खास इलाका सभ दिस मोड़त। एहि काज लेल अमेरिकाक कंपनी रिफ्लेक्ट ऑर्बिटल भारतक स्काईरूट एयरोस्पेसक संग समझौता केने अछि। कैलिफोर्नियाक रिफ्लेक्ट ऑर्बिटल अंतरिक्ष मे कतेको उपग्रह पठेबाक योजना बना रहल अछि। एहि उपग्रहसभक सहायता सं जरूरतक हिसाब सं राति मे कोनो खास जगह पर इजोत पहुंचाओल जा सकत। कंपनीक कहब अछि जे एहि तकनीक सं आपदा के समय लोक सभ कें खोजबा आ बचएबा, दूरदराजक औद्योगिक इलाका सभ मे काजक समय बढ़ेबा आ सौर ऊर्जा संयंत्र सभ सं बेसी समय धरि बिजली बनएबा मे सहायता भेटि सकैत अछि। रिफ्लेक्ट ऑर्बिटल हैदराबादक स्काईरूट एयरोस्पेसक संग दूटा प्रक्षेपण लेल समझौता केने अछि। पहिल प्रक्षेपण विक्रम-1 रॉकेट सं होयत। दोसर प्रक्षेपण स्काईरूटक नव रॉकेट विक्रम-1यू सं कएल जाएत। विक्रम-1यू मे पहिल चरण मे अतिरिक्त बूस्टर लगाओल जाएत। एहि सं रॉकेटक क्षमता बढ़त। रिफ्लेक्ट ऑर्बिटल कहलनि जे स्काईरूटक संग समझौता सं तय समय पर उपग्रह प्रक्षेपित करबा मे सहायता भेटत। कंपनी अमेरिका सं सेहो प्रक्षेपण करबाक योजना बना रहल अछि। स्काईरूटक मुख्य कार्यकारी अधिकारी पवन चंदाना सोशल मीडिया मंच एक्स पर एहि साझेदारी कें अंतरिक्ष तकनीकक माध्यम सं नव संभावना पैदा करय बला कदम बतौलनि। रिफ्लेक्ट ऑर्बिटलक मुख्य कार्यकारी अधिकारी बेन नोवैक कहलनि जे अंतरिक्ष धरि पहुंच आसान बनेबाक लेल नव प्रक्षेपण साझेदारक संग काज कए कंपनी उत्साहित अछि। कंपनीक योजना राति मे करीब 5 किलोमीटर चौड़ा इलाका मे इजोत पहुंचेबाक अछि। जरूरतक हिसाब सं एहि इजोतक चमक घटाओल वा बढ़ाओल जा सकत। जरूरत समाप्त भेला पर इजोत बंद सेहो कएल जा सकत। जुलाई मे अमेरिकी संघीय संचार आयोग (एफसीसी) कंपनी कें एकटा परीक्षण उपग्रह बनेबाक, प्रक्षेपित करबाक आ संचालित करबाक अनुमति देने छल। कंपनीक कहब अछि जे एहि तकनीक सं रक्षा संबंधी महत्वपूर्ण ठिकाना सभ कें रोशन करबा आ सार्वजनिक जगह सभ पर विशेष आयोजन करबा मे सेहो सहायता भेटि सकैत अछि। एहि तरहक प्रयोग पहिनहु भए चुकल अछि। 1993 मे रूसी वैज्ञानिक सभ 65 फुटक एकटा शीशा अंतरिक्ष मे पठौने छलाह। ज्नाम्या नामक एहि प्रयोग मे शीशाक माध्यम सं सूरजक इजोत धरती पर पहुंचाओल गेल छल। ई प्रयोग सफल रहल, मुदा आर्थिक अभावक कारण एकरा आगू नहि बढ़ाओल जा सकल। रिफ्लेक्ट ऑर्बिटलक एहि योजनाक कतेको पर्यावरण संगठन विरोध केने अछि। हुनकर कहब अछि जे राति मे तेज इजोत पड़ला सं वन्यजीवसभक दिनचर्या प्रभावित भए सकैत अछि, खगोलविद सभ कें अंतरिक्षक अध्ययन करबा मे परेशानी भए सकैत अछि आ मनुष्यक नींद पर सेहो असर पड़ि सकैत अछि। कंपनी कहलनि जे एहि योजना कें पैघ स्तर पर शुरू करबाक पहिने वैज्ञानिकसभ, स्थानीय लोक आ नियामक संस्थासभक संग मिलि काज कएल जाएत।

# ऑनलाइन विज्ञापनक माध्यम सं जासूसी कए रहल छल इजराइली कंपनी, 1.2 लाख वेबसाइट आ 75 हजार ऐप धरि पहुंच




इजराइलक डिजिटल विज्ञापन कंपनी डिस्कवर-टेक पर ऑनलाइन विज्ञापनक माध्यम सं लोकसभक जासूसी करबाक आरोप लागल अछि। दूटा शोध समूहक अनुसार, कंपनी विज्ञापनक सहायता सं इंटरनेट इस्तेमाल कएनिहार लोकसभक पहचान आ हुनकर गतिविधि सभ पर नजरि रखैत छल। किछु विज्ञापनक माध्यम सं लोकसभक मोबाइल आ कंप्यूटर मे जासूसी करय बला सॉफ्टवेयर डालबाक प्रयास सेहो कएल गेल। कनाडाक साइबर शोध समूह सिटिजन लैब आ न्यूयॉर्कक विज्ञापन सुरक्षा कंपनी कॉन्फिएंट बृहस्पति दिन अपन-अपन अलग-अलग रिपोर्ट मे ई जानकारी देलक। रॉयटर्सक अनुसार, डिस्कवर-टेकक सेवासभक माध्यम सं इजराइलक स्पाइवेयर कंपनी कैंडिरू आ दोसर निगरानी कंपनी सभ कें गूगल, कॉमकास्ट आ रूसक यांडेक्सक विज्ञापन नेटवर्क धरि पहुंच भेटल। सिटिजन लैबक अनुसार, डिस्कवर-टेकक विज्ञापन 1.2 लाख सं बेसी वेबसाइट आ 75 हजार ऐप पर देखाओल जाइत छल। एहि मे मोबाइल फोन आ ईयरबड जेकां सामान्य उत्पादक विज्ञापन सेहो शामिल छल। एहि वेबसाइट वा ऐप पर विज्ञापन खुलिते उपयोगकर्ता (यूजर)क पहचान करबाक आ ओकरा ट्रैक करबाक प्रक्रिया शुरू भए सकैत छल। शोध समूहसभक कहब अछि जे किछु मामिला मे स्मार्टफोन इस्तेमाल कएनिहार लोकसभक फोन नंबर निकालबाक प्रयास सेहो कएल गेल। अर्थात, यूजर कें कोनो लिंक पर क्लिक करबाक जरूरत नहि छल, विज्ञापन लोड होएब मात्र जासूसी लेल पर्याप्त भए सकैत छल। दूनू समूहक अनुसार, किछु विज्ञापनक माध्यम सं कैंडिरूक स्पाइवेयर डिवाइस मे पहुंचेबाक प्रयास कएल गेल। मुदा, कॉन्फिएंट कहलनि जे कैंडिरू सं जुड़ल विज्ञापन कंपनीक कुल विज्ञापनक बहुत छोट हिस्सा छल। कॉन्फिएंटक सह-संस्थापक जेरोम डांगूक अनुसार, कंपनी दुनियाभरि मे प्रतिदिन कम-सं-कम 1 करोड़ विज्ञापन देखबैत छल। कंपनीसभक बीच कुकी मैचिंग नामक व्यवस्थाक माध्यम सं डेटा साझा कएल जाइत छल। एहि सं दोसर प्लेटफॉर्म पर सेहो लोक सभ कें ट्रैक करब संभव भए सकैत छल, जतय विज्ञापन देखाइयो नहि दैत छल। डांगू अनुमान लगौलनि जे एहि नेटवर्क सं करोड़ो लोक प्रभावित भेल होयताह। डिस्कवर-टेकक स्थापना 2020 मे भेल छल। कंपनी आ ओकर मुख्य कार्यकारी अधिकारी डेकेल बोनी टिप्पणी लेल पठाओल गेल संदेशक कोनो जवाब नहि देलनि। रॉयटर्स कें कैंडिरूक मालिक सभ दिस सं सेहो कोनो प्रतिक्रिया नहि भेटल। सिटिजन लैबक अनुसार, डिस्कवर-टेकक विज्ञापनक माध्यम सं पहुंचाओल गेल कैंडिरूक स्पाइवेयर 2024 सं 2025 के बीच कतरक समाचार चैनल अल जजीराक 45 विंडोज कंप्यूटर कें प्रभावित केने छल। समूह कहलनि जे अल जजीरा अपन नेटवर्कक रिकॉर्ड साझा केने छल, जाहि सं एहि बातक पुष्टि भए सकल। अमेरिकाक सरकार 2021 मे कैंडिरू कें प्रतिबंधित सूची मे शामिल केने छल। कंपनी पर सरकारी अधिकारी, पत्रकार, सामाजिक कार्यकर्ता आ शिक्षाविद सभ कें निशाना बनेबाक लेल इस्तेमाल होमय बला स्पाइवेयर उपलब्ध करएबाक आरोप छल। शोध समूहसभक अनुसार, ई मामिला देखबैत अछि जे ऑनलाइन विज्ञापनक इस्तेमाल मात्र उत्पाद बेचबाक लेल नहि, बल्कि लोकसभक निजता मे दखल देबाक आ जासूसी करबाक लेल सेहो कएल जा सकैत अछि।

# हूती विद्रोही लग हथियार कतय सं आबि रहल अछि?

**नई दिल्ली, एजेंसी**

मध्य-पूर्वक भू-राजनीति जाहि मोड़ पर ठाढ़ अछि, ओहि ठाम यमनक हूती विद्रोही आब कोनो छोट-मोट विद्रोही गुट जकां नहि, बल्कि एकटा पैघ सैन्य शक्ति जेकां व्यवहार कए रहल अछि। अक्टूबर 2026 मे सऊदी अरबक राजधानी रियादक किंग खालिद अंतरराष्ट्रीय विमानपत्तन पर भेल मिसाइल हमला रक्षा विशेषज्ञ सब कें चकित कए देने अछि। दावा कयल गेल अछि जे एहि हमला मे कम सं कम 13 लोकक मृत्यु भेल आ 300 सं बेसी लोक घायल भेलाह। एक दिस हूती विद्रोही रियादक विमानपत्तन आ तेल शोधशाला सभ कें निशाना बना रहल छथि, तं दोसर दिस लाल सागर आ बाब अल-मंदेब जलडमरूमध्यक वैश्विक जहाजरानी मार्ग पर अपन प्रभाव बढ़ा रहल छथि। मुदा सभ सं पैघ प्रश्न ई अछि जे 2015 सं संयुक्त राष्ट्रक कठोर हथियार प्रतिबंधक सामना कए रहल एहि गुट लग एतेक आधुनिक हथियार कतय सं आबि रहल अछि? एहि मे ईरानक हाथ अछि, चीनक तकनीक अछि अथवा कृत्रिम बुद्धिमत्ता आ अंतरराष्ट्रीय तस्करीक जाल?







## चीनी पुर्जा सं मिसाइल बनेबाक दावा

अक्टूबर 2026 मे हूती विद्रोहियेक हथियार आपूर्ति शृंखला संबंधी एकटा महत्वपूर्ण दावा सामने आयल अछि। मध्य-पूर्वक विशेषज्ञ बीबीसी न्यूज हिंदी सं बात मे कहलनि जे हूती सभ कें उपलब्ध आधुनिक मानवरहित विमान आ अन्य हथियार सभ मे चीनी तकनीकक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। हुनकर कहब अछि जे हूती विद्रोही ड्रोन तकनीकक क्षेत्र मे सेहो आत्मनिर्भरता हासिल कए रहल अछि। द वॉल स्ट्रीट जर्नलक रिपोर्ट आ युद्धक्षेत्र मे हथियारक आपूर्ति पर निगरानी रखनिहार संस्था कॉन्फ्लिक्ट आमार्मेंट रिसर्च (सीएआर) केर जांचक अनुसार, हूती विद्रोही चीन सं मंगाओल पुर्जाक सहायता सं अपन मध्यम दूरीक बैलिस्टिक मिसाइल बनेबाक प्रयास कए रहल अछि। रिपोर्टक अनुसार, चीनी आपूर्तिकर्ता सं भेटल किछु महत्वपूर्ण पुर्जा ईरानक शक्तिशाली खैबर शिकन मिसाइल जेकां मिसाइल बनेबाक लेल उपयोगी भए सकैत अछि। एहि मिसाइलक मारक क्षमता लगभग 1,930 सं 2,000 किलोमीटर धरि बताओल जाइत अछि। एहन क्षमता भेला पर सऊदी अरब आ इजरायल दुनू ओकर निशाना बनि सकैत अछि। सीएआरक रिपोर्ट यमनक अधिकारी सभ द्वारा देल गेल जानकारी पर आधारित अछि। अधिकारी सभक अनुसार, पिछला वर्ष अदन मे दूटा संदिग्ध खेप पकड़ल गेल छल, जाहि मे सामान्य सामानक बीच मिसाइल निर्माण सं जुड़ल उपकरण नुकायल छल। ओहि खेप मे मिसाइलक सात प्रकारक पुर्जाक पहिचान कयल गेल, जाहि मे स्थिरता बनौनिहार पंखक आधार, रॉकेट मोटरक पिछला भाग, नोजल जोड़बाक उपकरण आ प्रज्वलन यंत्र शामिल छल। ईरान 2022 मे तेहरान मे खैबर शिकन मिसाइल कें सार्वजनिक रूप सं प्रदर्शित कयने छल। एहि घटनाक्रम सं आशंका बढ़ल अछि जे हूती विद्रोही विदेशी तकनीक आ पुर्जाक सहायता सं अपन मिसाइल निर्माण क्षमता बढ़ा रहल अछि।

**हूती विद्रोही आब कोनो छोट-मोट विद्रोही गुट जेकां नहि बल्कि एकटा पैघ सैन्य शक्ति जेकां व्यवहार कए रहल अछि**

## के अछि हूती विद्रोही?

हूती आंदोलनक आधिकारिक नाम अंसार अल्लाह अछि, जकर अर्थ होइत अछि अल्लाहक समर्थक। ई आंदोलन यमनक उत्तरी प्रांत सादा मे रहनिहार जैदी शिया समुदाय सं निकलल। जैदी मत, ईरान आ लेबनानक मुख्यधारा बला ट्वेल्वर शिया मत सं सैद्धांतिक रूपें किछु भिन्न अछि। 1990 केर दशकक आरंभ मे हुसैन बदरुद्दीन अल-हूती उत्तरी यमन मे जैदी पहिचानक रक्षा करबाक लेल बिलीविंग यूथ नामक युवा आंदोलन शुरू कयने छलाह। सितंबर 2004 मे यमनी सेनाक हाथे हुनकर मृत्यु भेलाक बाद आंदोलनक नेतृत्व हुनकर छोट भाइ अब्दुल-मलिक अल-हूती अपना हाथ मे लेलनि। ओ आइयो एहि आंदोलनक सर्वोच्च नेता छथि। 2004 सं 2010 धरि यमनी सरकारक विरुद्ध छह चरण मे गुरिल्ला युद्ध लड़लाक बाद हूती सभ 2011 केर अरब क्रांतिक लाभ उठौलक आ सितंबर 2014 मे राजधानी सना पर कब्जा कए लेलक। मार्च 2015 मे सऊदी अरबक नेतृत्व बला सैन्य गठबंधन यमनक अंतरराष्ट्रीय स्तर पर मान्यता प्राप्त सरकार कें फेर सत्ता मे अनबाक लेल सैन्य हस्तक्षेप शुरू कयलक। मुदा एक दशक सं बेसी समय धरि चलल युद्धक बादो हूती कमजोर होयबाक बदला अपन सैन्य शक्ति बढ़बैत रहल।

## यमनक सैन्य भंडार बनल पहिल आधार

हूती सभक शुरूआती सैन्य शक्तिक स्रोत यमनक भीतर छल। वेस्ट प्वाइंटक कंबैटिंग टेररिज्म सेन्टर मे प्रकाशित सैन्य विशेषज्ञ माइकल नाइट्सक शोधक अनुसार, 2014 मे हूती सभ पूर्व राष्ट्रपति अली अब्दुल्ला सालेहक संग हाथ मिलेलक। राजधानी सनापर कब्जाक बाद यमनी सेनाक लगभग 68 प्रतिशत हथियार भंडार पर हुनका सभक नियंत्रण भए गेल। एहि भंडार मे सोवियत संघ आ उत्तर कोरिया सं किनल गेल पुरान स्कड आ तोचका बैलिस्टिक मिसाइल, जहाज विरोधी तटीय मिसाइल आ भारी मात्रा मे गोला-बारूद शामिल छल। यमनी सेनाक मिसाइल इकाइक अभियंता आ तकनीकी कर्मचारी सेहो हूती सभक नियंत्रण मे आबि गेल। बाद मे हुनका सभ कें उत्तरी यमनक सादा प्रांतक सुरक्षित पहाड़ी क्षेत्र मे राखल गेल। लंदन स्थित इंटरनेशनल इन्स्टीट्यूट फॉर स्ट्रैटेजिक स्टडीज (आईआईएसएस) केर अप्रैल 2025 केर रिपोर्टक अनुसार, हूती सभ पुरान सोवियतकालीन वायु रक्षा मिसाइल कें ईरानी निर्देशन तकनीकक सहायता सं काहिर-1 आ मुहित जेकां जमीन आ समुद्र मे निशाना बनेबाक क्षमता बला मिसाइल मे बदलबाक प्रयास कयलनि।

## ईरान आ हिज्बुल्लाहक गुप्त सहायता

यमनी सेनाक पुरान हथियार भंडार कम होमय लगल, तखन ईरानक भूमिका महत्वपूर्ण भए गेल। वाशिंगटन स्थित सेंटर फॉर स्ट्रैटेजिक एंड इंटरनेशनल स्टडीज (सीएसआईएस) केर शोधक अनुसार, 2016 धरि युद्धक्षेत्र मे बुरकान-1 आ कियाम शृंखलाक एहन मिसाइल देखल गेल, जे युद्ध सं पहिने यमनी सेनाक शस्त्रागार मे नहि छल। वेस्ट प्वाइंटक एकटा अन्य अध्ययनक अनुसार, अब्दुल-मलिक अल-हूतीक नेतृत्व मे नौ सदस्यीय जिहाद परिषद काज करैत अछि। एहि परिषदक गुप्त नेतृत्व मे हूती नेता, ईरानक इस्लामिक रिवोल्यूशनरी गार्ड कॉर्प्सक एक वरिष्ठ अधिकारी आ लेबनानक हिज्बुल्लाहक एक उपकमांडरक भूमिका बताओल गेल अछि। आईआईएसएस आ सीएसआईएसक अध्ययनक अनुसार, समुद्री नाकेबंदी सं बचबाक लेल ईरान पूरा मिसाइल पठेबाक बदला ओकर पुर्जा अलग-अलग खेप मे पठेबाक तरीका अपनौलक। माछ पकड़बाक पारंपरिक नाव आ समुद्री तस्करीक मार्ग सं मिसाइल किट, निर्देशन प्रणाली आ इंजन यमन धरि पहुंचाओल जाइत रहल। ओतय तकनीकी कर्मचारी सभ पुर्जा जोड़ि हथियार तैयार करैत छथि। विशेषज्ञ सभक अनुसार, हूती सभक कतेको लंबी दूरीक मिसाइल ईरानी मिसाइलक परिवर्तित रूप होयबाक आशंका अछि। फिलिस्तीन-1 आ फिलिस्तीन-2 मिसाइल कें खैबर शिकन अथवा फत्ताह तकनीक सं जोड़ल जाइत अछि, जखन कि जुल्फिकार मिसाइल कें ईरानक रेजवान मिसाइल सं संबंधित मानल जाइत अछि। तहिना हूती सभक कासेफ, समाद आ वाएद ड्रोन पर ईरानक अबाबील आ शाहेद-136 तकनीकक प्रभाव बताओल जाइत अछि। स्पष्ट अछि जे हूती सभक सैन्य शक्तिक आधार मात्र विदेशी हथियार नहि, बल्कि यमनक पुरान सैन्य भंडार, प्रशिक्षित तकनीकी कर्मचारी, ईरानी सहायता आ विदेशी पुर्जाक आपूर्ति शृंखलाक मेल अछि।

# मेरठ सर्पकांड : रविता आ अमरदीप कें फांसीक सजा, पतिक शव पर छोड़ने छल सांप

**मेरठ, एजेंसी**

उत्तर प्रदेशक मेरठ मे चर्चित सर्पकांड मामिला मे शुक्रदिन न्यायालय मुख्य अभियुक्त रविता आ ओकर प्रेमी अमरदीप कें फांसीक सजा सुनौलक। न्यायालय एहि मामिला कें रेयरेस्ट ऑफ द रेयर अर्थात विरलतम श्रेणीक अपराध मानलक। रविता अपन पति अमित कश्यपक हत्या कयलाक बाद मृत्युक कारण सांप काटब देखेबाक षडयंत्र रचने छल। एहि लेल पतिक शव पर सांप छोड़ल गेल छल। सजाक घोषणा होयबाक पहिने न्यायालय मे दुनू पक्षक अधिवक्ता अपन-अपन पक्ष रखलनि। सरकारी अधिवक्ता रविता आ अमरदीप दुनू लेल मृत्युदंडक मांग कयलनि। दोसर दिस, दुनू दोषी न्यायालय मे अपन पक्ष मे किछु कहबा सं मना कए देलनि। अमित कश्यपक माय मुनेश देवी सेहो न्यायालय सं दुनू दोषी कें फांसी देबाक मांग कयलनि। पीड़ित परिवार सजाक सुनवाइक समय न्यायालय परिसर मे उपस्थित छल। रविता आ अमरदीप कें सजाक घोषणा सं पहिने ऑनलाइन माध्यम सं न्यायालय मे पेश कयल गेल।

**न्यायालय एहि मामिला कें रेयरेस्ट ऑफ द रेयर मानलक**



सजाक बिंदु पर दुनू पक्षक अधिवक्ता सभक बीच तीव्र बहस भेल। अभियुक्त पक्षक अधिवक्ता न्यायालय सं नरमी बरतबाक आग्रह करैत कम सजा देबाक मांग कयलनि। जखन कि पीड़ित पक्षक अधिवक्ता एहि अपराध कें समाज लेल गंभीर संदेश देबयवला घटना बतबैत दुनू दोषी कें मृत्युदंड देबाक पक्ष रखलनि।

## की अछि पूरा मामिला?

मेरठक ई सर्पकांड देशभरि मे चर्चाक विषय बनल छल। आरोप छल जे रविता अपन प्रेमी अमरदीपक संग मिलि पति अमित कश्यपक हत्या कयलक आ फेर एहि हत्या कें सांप काटला सं भेल मृत्युक रूप देबाक प्रयास कयलक।

घटना बहसूमा थाना क्षेत्रक अकबरपुर सादात गामक अछि। 12 अप्रैल 2025 केर राति घरक भीतर अमित कश्यपक हत्या कयल गेल छल। एहि हत्या मे पत्नी रविता आ ओकर प्रेमी अमरदीपक संलिप्तता बताओल गेल। हत्या नुकयबाक लेल अमितक शव पर सांप छोड़ि देल गेल, जाहि सं लोक सभ कें ई विश्वास होइक जे अमितक मृत्यु सर्पदंश सं भेल अछि।

मुदा पोस्टमार्टम रिपोर्ट मे गला दबा कए हत्या करबाक बात सामने आयल। एकर बाद पुलिस रविता आ ओकर प्रेमी अमरदीप कें गिरफ्तार कयलक। एहि मामिलाक सुनवाइ अपर जिला एवं सत्र न्यायाधीश-12 (एडीजे-12) केर न्यायालय मे चलि रहल छल। न्यायालय 7 अक्टूबर कें रविता आ अमरदीप कें दोषी ठहरा देने छल।

## फोन पर 50 सं बेसी बेर भेल छल बात

जांचक क्रम मे पुलिस कें रविता आ अमरदीपक बीच लगातार फोन पर बात होयबाक जानकारी भेटल। हत्याक रातियो दुनू गोटेक बीच 50 सं बेसी बेर बात भेल छल। एकर अतिरिक्त, घटनाक राति अमरदीप कें घर सं बाहर जाइत देखल गेल छल। एहि सभ साक्ष्य आ परिस्थितिक आधार पर मामिलाक सुनवाइ आगू बढ़ल। अंततः न्यायालय दुनू दोषी कें फांसीक सजा सुनौलक। एहि फैसला संग मेरठक चर्चित सर्पकांड एक बेर फेर चर्चा मे आबि गेल अछि।

# संसदक विशेष सत्र एहि मास बजा सकैत अछि सरकार

**लोकसभा सीट बढ़ेबाक विधेयक अयबाक संभावना**

**नई दिल्ली, एजेंसी**

केंद्र सरकार एहि मास संसदक विशेष सत्र बजा सकैत अछि। एहि सत्र मे लोकसभाक सीट बढ़ेबाक लेल संविधान (131म संशोधन) विधेयक, परिसीमन (संशोधन) विधेयक आ केंद्रशासित प्रदेश कानून (संशोधन) विधेयक पारित करयबाक संभावना अछि। एहि विधेयक सभक माध्यम सं महिला आरक्षण लागू करबाक योजना अछि। एहि सं लगभग छह मास पहिने, 16 आ 17 अप्रैलकें, सरकार पहिल प्रयास मे सफल नहि भए सकल छल आ लोकसभा मे दू-तिहाई बहुमत जुटेबा मे विफल रहल छल। आब दावा कयल जा रहल अछि जे सरकार आवश्यक सांसदक समर्थन जुटा लेने अछि। विशेष सत्र बजेबाक सूचना लगभग एक सप्ताह पहिने देल जा सकैत अछि। संसदक मानसून सत्र 13 अगस्त कें समाप्त भेल छल, मुदा एखन धरि सत्रावसान नहि भेल अछि। लोकसभा मे कुल 543 सीट अछि, जाहि मे 3 सीट खाली अछि। एनडीएक लग 318 सांसद छथि। विधेयक पारित करयबाक लेल दू-तिहाई बहुमत अर्थात 360 मत आवश्यक अछि। डीएमकेक 22 सांसद समर्थन करैत छथि, तं समर्थक सांसदक संख्या 340 भए जायत। तैयो भाजपा आ एनडीए कें लगभग 20 सांसदक अतिरिक्त समर्थन चाही। राज्यसभा मे कुल 245 सीट अछि, जाहि मे 3 खाली अछि। उपलब्ध 242 सीट मे एनडीएक लग 153 सांसद छथि। विधेयक पारित करेबाक लेल 162 मत आवश्यक होयबाक स्थिति मे एनडीए कें छोट दल सभक 9 सांसदक अतिरिक्त समर्थन चाही।



**डीएमके सं समर्थन जुटेबाक प्रयास :** केंद्र सरकार डीएमके सं समर्थन लेबाक लेल बात कए रहल अछि। तमिलनाडु विधानसभा चुनावक बाद डीएमके आ कांग्रेसक बीच अलगाव भए गेल अछि। एकर बाद डीएमके इंडिया गठबंधन सं सेहो अलग भए गेल। सूत्रक अनुसार, सरकार किछु छोट दल सभक संपर्क मे सेहो अछि, जाहि सं संसद मे आवश्यक संख्या जुटाओल जा सकय।

**खड़गे सर्वदलीय बैसारक मांग कयलनि :** कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे शुक्रदिन प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कें पत्र लिखि परिसीमन विधेयक पर सर्वदलीय बैसार बजेबाक मांग कयलनि। हुनकर कहब अछि जे संसद मे विधेयक प्रस्तुत करबाक पहिने सभ दल सं विचार-विमर्श होयबाक चाही। खड़गे चेतावनी देलनि जे सरकार व्यापक संविधान संशोधन विधेयक कें फेर जबरदस्ती पारित करयबाक प्रयास नहि करय, किएक तं एहन प्रयास पहिने विफल भए चुकल अछि। ओ मानसून सत्रक सत्रावसान नहि होयबाक मुद्दा सेहो उठौलनि। हुनकर अनुसार, 13 अगस्त कें संसदक सत्र अनिश्चितकाल लेल स्थगित भेलाक 64 दिन बादो लोकसभा आ राज्यसभाक सत्रावसान नहि भेल छल।

# रिलायंस कहलक, प्रतिस्पर्धा सं कहियो नहि डरेलहुं, स्टारलिंकक स्वागत अछि

**नई दिल्ली, समदिया**

उपग्रह आधारित इन्टरनेट सेवा स्टारलिंकक भारत मे प्रवेश कें लए कए चलि रहल विवादक बीच रिलायंस इंडस्ट्रीज शुक्रदिन कहलक जे कंपनी प्रतिस्पर्धा सं कहियो नहि डराइत अछि। कंपनी सोशल मीडिया एक्स पर पोस्ट कए कहलक जे वास्तविक प्रतिस्पर्धा वएह होइत अछि, जाहि सं ई पता चलैत अछि जे ग्राहक कें सभ सं नीक सेवा के दए रहल अछि। रिलायंसक ई बयान इलॉन मस्क द्वारा भारतीय दूर संचार कंपनी सभ पर स्टारलिंकक भारत मे प्रवेश रोकबाक आरोप लगेलाक बाद आयल अछि। मस्क पछिला किछु दिन सं भारत मे स्टारलिंकक सेवा शुरू होयबा मे भए रहल देरी पर नाराजगी जता रहल छथि। ओ एहि देरी लेल रिलायंस इंडस्ट्रीजक अध्यक्ष मुकेश अंबानी कें जिम्मेदार ठहरा रहल छथि आ सोशल मीडिया पर लगातार टिप्पणी कए रहल छथि। हालहि मे मस्क अपन एकटा पोस्ट मे मुकेश अंबानी पर कटाक्ष करैत हुनका प्रधानमंत्री अंबानी कहने छलाह। ओ अंबानी कें भारतक वास्तविक सत्ताधारी सेहो बतौने छलाह।



**मस्कक आरोप, मुकेश अंबानी भारत मे कंपनीक प्रवेश रोकलनि**

## भारत मे 2,200 टाका मासिक खर्च कए के लेत इंटरनेट?

मस्कक पोस्टक बाद कतेको लोक सवाल उठौलनि जे जखन भारत मे लगभग 300-400 टाका मे 60 जीबी डाटा भेटैत अछि, तखन एतय 2,200 टाका मासिक शुल्क बला स्टारलिंकक सेवा के लेत? भारत मे सस्ता आ तेज इन्टरनेट सुविधा दूर-दराजक गाम सभ मे सेहो उपलब्ध अछि। एहि सवालक जवाब दैत मस्क कहलनि जे एक दिस लोक कहैत छथि जे स्टारलिंक भारत मे जियोक सस्ता योजनाक मोकाबला नहि कए सकत, दोसर दिस इहो कहैत छथि जे स्टारलिंकक प्रवेश सं प्रतिस्पर्धा बढ़त। मस्कक तर्क अछि जे दुनू बात एक संग सही नहि भए सकैत अछि। हुनकर कहब अछि जे बाजार मे प्रतिस्पर्धा बढ़ला सं सामान्य ग्राहक कें लाभ होइत अछि। स्टारलिंकक प्रवेश सं अंबानीक कंपनीक लाभ किछु घटि सकैत अछि, मुदा एहि कारण ओकर कारोबार बंद नहि भए जायत। जं भारत मे स्टारलिंकक सेवा बेसी महग रहत, तं ग्राहक ओकरा नहि अपनौताह। एहि लेल स्पेसएक्स कें भारतीय बाजार मे टिकबाक लेल अपन शुल्क किफायती राखय पड़त।

## तीन कंपनी कें भेटल लाइसेंस

इंडिया मोबाइल कांग्रेस 2026 मे केंद्रीय संचार मंत्री ज्योतिरादित्य सिंधिया सरकारक पक्ष स्पष्ट करैत कहलनि जे देश मे तीनटा उपग्रह इन्टरनेट सेवा देनिहार कंपनी कें लाइसेंस देल गेल अछि। एहि कंपनी सभ मे पहिल अछि रिलायंस जियो सैटकॉम, दोसर अछि भारती एयरटेलक समर्थन प्राप्त यूटेलसैट वनवेब आ तेसर अछि इलॉन मस्कक स्टारलिंक। मुदा सरकार ईहो स्पष्ट कयलक जे लाइसेंस भेटलाक बादो तीनू कंपनीक सुरक्षा संबंधी स्वीकृति एखन बाकी अछि।

एकर अतिरिक्त उपग्रह स्पेक्ट्रमक मूल्य निर्धारणक रूपरेखा सेहो तय कयल जा रहल अछि। सभ आवश्यक शर्त पूरा भेलाक बादे एहि कंपनी सभ कें भारत मे अपन सेवा शुरू करबाक अनुमति भेटत। आब देखबाक ई अछि जे स्टारलिंक भारतीय बाजार मे केहन शुल्क आ सेवा लए अबैत अछि आ ओकर प्रवेश सं देशक इन्टरनेट बाजार मे प्रतिस्पर्धा कतेक बढ़ैत अछि।

# शिकागो मे पत्नी हत्याक आरोप मे भारतीय मूलक अंकुर पटेल गिरफ्तार

**शिकागो, एजेंसी**

अमेरिकाक शिकागो मे भारतीय मूलक अंकुर पटेल कें अपन पत्नी कें हत्या करबाक आरोप मे गिरफ्तार कयल गेल अछि। कहल जा रहल अछि जे पत्नी पूर्व सहकर्मीक संग संबंध बना लेलनि आ फेर पति संग रहबाक लेल तैयार नहि भेली, जाहि सं बिगड़ि कए अंकुर एहि घटना कें अंजाम देलक। घटना एहि वर्ष अगस्त मास मे भेल छल।



**पत्नी पूर्व सहकर्मीक संग संबंध बना लेलनि**

अंकुर आ हुनकर 32 वर्षीया पत्नी कें एकटा बेटी सेहो अछि। दुनू गोटेक बीच मई मास मे अलगाव भए गेल छल। एकर बाद महिला विस्कॉन्सिन स्थित अपन घर छोड़ि चलि गेली। परिवारक दबाव पर ओ किछु समय लेल वापस अयली, मुदा किछुए दिन बाद फेर अलग भए गेली। तकर बाद ओ अपन नव साथी संग लुइसियाना चलि गेली आ बेटी कें अंकुर लग छोड़ि देलनि। रिपोर्टक अनुसार, पत्नी कें नव संबंध सं अंकुर बिगड़ल छल। ओ पत्नी आ हुनकर नव साथी कें जान मारबाक धमकी सेहो देने छल। ओ पत्नी कें बेटी सं बात करबाक अनुमति नहि दैत छल, जाहि सं दुनू गोटेक बीच प्रायः विवाद होइत छल।

घटना सं लगभग दू सप्ताह पहिने अंकुर शिकागो मे अपन संबंधी सभक संग रहय लागल। एहि बीच ओ बेटी कें पत्नी कें बिना जनौने भारत मे अपन माय-बाप लग पठा देलक। तकर बाद पत्नी कें शिकागो बजेलक आ कहलक जे ओ बेटी सं भेंट कए सकैत छथि।

**बेटी सं भेंट करय गेल छलीह माय :** बेटी कें भारत पठा देबाक जानकारी सं अनजान महिला अपन नव साथी संग शिकागो पहुंचल छलीह। हुनकर संगी भवनक बाहर प्रतीक्षा करैत रहल, जखन कि महिला अंकुरक आवास पर गेली। ओतय बेटी नहि भेटली। एकर बदला अंकुर फेर सं एक संग रहबाक प्रस्ताव रखलक, जे महिला अस्वीकार कए देलनि। महिलाक एहि उत्तर सं क्रोधित भए अंकुर हुनकर गर्दन पर चाकू सं हमला कए देलक। एहि मामिला मे पुलिस अंकुर कें पत्नी हत्याक आरोप मे गिरफ्तार कयलक अछि।

# अंडर-23 वर्ल्ड रेसलिंग चैंपियनशिप : कोमल जीतलनि कांस्य, अमृता पुजारी फाइनल मे पहुंचलीह



भारतीय पहलवान कोमल शुक्रदिन अंडर-23 वर्ल्ड चैंपियनशिप मे महिला 59 किलोग्राम वर्गक कुश्ती स्पर्धा मे कांस्य पदक अपना नाम कय लेलनि। कोमल कांस्य पदकक मोकाबला मे कजाकिस्तानक विक्टोरिया खुसैनोवा कें 7-2 सं हरा देलनि। ओ अपन अभियानक शुरूआत कनाडाक पहलवान एला मैरी फाइंडिंग कें हरा कयने छलीह, जाहिक बाद मोल्दोवाक मैडलिना प्रिसाकारी कें 8-3 सं हरौलनि। हालांकि, हुनका यूक्रेनक अलीना फिलिपोविचक विरुद्ध 1-13 सं हारक सामना करय पड़लनि। मुदा, कांस्य पदकक मोकाबला मे कोमल शानदार वापसी करैत देश लेल पदक जीतलनि। दोसर दिस, अमृता पुजारी सेमीफाइनल मे वेनजिन किउ कें हरा कय महिला 72 किलोग्राम वर्गक फाइनल मे जगह बना लेलनि। आब शनिदिन स्वर्ण पदकक मोकाबला मे हुनकर सामना यूक्रेनक इरीना जब्लॉत्स्का सं होयतनि। ओतहि, स्वीटी (53 किलोग्राम) आ वैष्णवी पाटिल (65 किलोग्राम) अपन-अपन क्वार्टर फाइनल मोकाबला हारबाक बावजूद रिपेचेजक माध्यम सं कांस्य पदकक दौड़ मे बनल छथि।

53 किलोग्राम वर्ग मे स्वीटी क्वार्टर फाइनल मे क्रिस्टेल रोड्रिगेज डोबलरक हाथे 2-11 सं हारि गेलीह। हुनकर प्रतिद्वंद्वी फाइनल मे पहुंचि गेलीह, एहि कारण स्वीटी कें रिपेचेजक माध्यम सं अपन अभियान जारी रखबाक मौका भेटलनि।

ओतहि, वैष्णवी पाटिलक मोकाबला जापानक हारुका कोबारू सं होयतनि। एहि सं पहिने, हुनका अपन क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे रूसक एकातेरिना कोशकिनाक हाथे टेक्निकल सुपीरियरिटीक आधार पर हारक सामना करय पड़ल छलनि। भारत महिला 50 किलोग्राम, 55 किलोग्राम, 57 किलोग्राम आ 62 किलोग्राम वर्ग, आ ग्रीको-रोमन शैलीक 60 किलोग्राम, 77 किलोग्राम, 82 किलोग्राम, 97 किलोग्राम आ 130 किलोग्राम भार वर्ग मे अपन पहलवान नहि उतारि सकल, किएक तं हुनका सभ कें वीजा नहि भेटल। एकर कारण ई छल जे हुनका सभक उम्र 20 वर्ष सं कम छलनि आ हुनका सभ लग पूर्णकालिक नौकरी नहि छलनि।

बृहस्पति कें विश्वजीत रामचंद्र मोरे अंडर-23 विश्व चैंपियनशिपक ग्रीको-रोमन वर्ग मे भारत लेल पहिल रजत पदक जीतलनि। अंडर-23 विश्व स्तर पर दू बेर कांस्य पदक जीत चुकल एहि पहलवान कें पुरुष 55 किलोग्राम ग्रीको-रोमन फाइनल के आखरी क्षण मे जॉर्जियाक कोबा कारुमिद्जेक हाथे 12-13 सं हारक सामना करय पड़लनि।

सर्बियाक नोवी साद मे आयोजित अंडर-23 वर्ल्ड चैंपियनशिपक पिछला संस्करण मे भारतीय पहलवान सभ कुल 9 पदक (1 स्वर्ण, 1 रजत आ 7 कांस्य) जीतने छलाह।

# डेनमार्क ओपन : त्रीसा-गायत्रीक जोड़ी क्वार्टर फाइनल मे पहुंचल




भारतक त्रीसा जॉली आ गायत्री गोपीचंद डेनमार्क ओपन 2026 बैडमिंटन टूनार्मेंटक महिला युगल क्वार्टर फाइनल मे जगह बना लेलनि अछि। भारतीय जोड़ी बृहस्पति कें राउंड ऑफ 16क मोकाबला मे इंडोनेशियाक पांचम वरीयता प्राप्त रेचल अलेस्स्या रोज आ फेबी सेटियानिंगरम कें लगातार दू गेम मे 21-16, 21-17 सं हरा देलक। भारतीय जोड़ी शुरूआती गेम मे कड़ा मोकाबला के बाद खेल पर नियंत्रण हासिल कयलक। दोसर गेम मे इंडोनेशियाक खेलाड़ी सभ वापसी करबाक प्रयास कयलनि, मुदा त्रीसा आ गायत्री संयम बनौने रहली आ मोकाबला अपना नाम कय लेलनि। त्रीसा पिछला कोर्ट सं आक्रामक खेल देखौलनि, जखनकि गायत्री नेट पर मजबूती सं मोर्चा संभालने रहली। शुरूआती संघर्षक बाद भारतीय खेलाड़ी सभ अपन रक्षापंक्ति नीक कयलनि आ गलती पर अंकुश लगबैत पहिल गेम 21-16 सं जीत लेलनि। दोसर गेम मे सेहो ओ एहि लय के बरकरार रखैत 21-17 सं जीत दर्ज कयलनि।

**पहिल दौर मे सेहो लगातार दू गेम मे भेटल छल जीत :** त्रीसा आ गायत्री राउंड ऑफ 32 मे चीनी ताइपेक चेन यान फेई आ हिसएह पेई शान कें 22-20, 21-14 सं हरा कए आखरी 16 मे प्रवेश कयने छलीह। आब क्वार्टर फाइनल मे हुनकर मोकाबला मलेशियाक एशियाई खेलक कांस्य पदक विजेता जोड़ी पर्ली टैन आ थिनाह मुरलीधरन तथा हांगकांगक न्गा टिंग युंग आ पुई लाम युंगक बीच होयबला मोकाबलाक विजेता जोड़ी सं होयतनि।

## डेनमार्क ओपन : क्वार्टर फाइनल मे पहुंचली तन्वी शर्मा, विश्व नंबर एक आन से यंग सं होयत मोकाबला




भारतक 17 वर्षीय बैडमिंटन खेलाड़ी तन्वी शर्मा डेनमार्क ओपन 2026क महिला एकल क्वार्टर फाइनल मे जगह बना लेलनि अछि। ओ बृहस्पति देर रात खेलल गेल राउंड ऑफ 16क मोकाबला मे जर्मनीक यवोन ली कें 21-17, 21-19 सं हरा देलनि। आब क्वार्टर फाइनल मे हुनकर मोकाबला पहिल बेर विश्वक नंबर एक खेलाड़ी दक्षिण कोरियाक आन से यंग सं होयतनि। तन्वी यवोन ली कें विरुद्ध मात्र 39 मिनट मे जीत दर्ज कयलनि। दोसर गेम मे कड़ा चुनौती भेटबाक बावजूद भारतीय खेलाड़ी धैर्य बनौने रहली आ लगातार दू गेम जीतैत मोकाबला अपना नाम कय लेलनि। तन्वी पहिल गेमक शुरूआत संए आक्रामक खेल देखौलनि। यवोन ली लगातार पाछू रहबाक बाद वापसी करबाक प्रयास करैत रहली, मुदा भारतीय खेलाड़ी 21-17 सं गेम जीत लेलनि। दोसर गेम मे जर्मनीक खेलाड़ी बेसी चुनौती पेश कयलनि। मोकाबला अंक-दर-अंक आगू बढ़ल आ कतेको बेर यवोन बढ़त सेहो हासिल कयलनि। हालांकि, 16-16क बराबरीक बाद तन्वी लगातार चारि अंक हासिल कय निर्णायक बढ़त बना लेलनि। यवोन फेर संघर्ष करैत स्कोर 19 तक पहुंचा देलनि, मुदा तन्वी लगातार दू अंक हासिल कय 21-19 सं गेम आ मैच जीत लेलनि। एहि सं पहिने महिला युगल मे भारतक त्रीसा जॉली आ गायत्री गोपीचंदक जोड़ी सेहो क्वार्टर फाइनल खेलत। भारतीय जोड़ीक मोकाबला दोसर वरीयता प्राप्त मलेशियाक जोड़ी पर्ली टैन आ थिनाह मुरलीधरन सं होयत।

# भुवनेश्वर कुमार वेस्टइंडीजक विरुद्ध पांचम टी-20 मैच लेल भारतीय टीम मे शामिल

वेस्टइंडीजक विरुद्ध शनिदिन खेलल जाय बला टी-20 सीरीजक पांचम आ आखरी मोकाबला लेल भुवनेश्वर कुमार कें भारतीय टीम मे शामिल कयल गेल अछि। सीरीजक चारिम मैचक दौरान अर्शदीप सिंह घायल भए गेल छलाह, जाहि के बाद बोर्ड ई फैसला लेने अछि। बीसीसीआई एकटा बयान मे कहलनि, पुरुष चयन समिति वेस्टइंडीजक विरुद्ध पांचम टी-20 मैच लेल भुवनेश्वर कुमार कें भारतीय टीम मे शामिल कयने अछि। वर्तमान टी-20 सीरीजक आखरी मैच 17 अक्टूबर 2026 कें बेंगलुरुक एम. चिन्नास्वामी स्टेडियम मे खेलल जायत।

बीसीसीआई आगू बतौलक जे अर्शदीप कें एखन पांचम टी-20 मैच सं पूरा तरहे बाहर नहि कयल गेल अछि। हालांकि, हुनका खेलबाक निर्णय मैच शुरू होयबाक ठीक पहिने लेल जायत।

बीसीसीआई कहलनि, बुधदिन हैदराबाद मे वेस्टइंडीजक विरुद्ध सीरीजक चारिम टी-20 मैचक दौरान अर्शदीप सिंहक गेंदबाजी करय बला कंधा पर चोट लागि गेल छलनि। एकर बाद भुवनेश्वर कुमार कें टीम मे शामिल कयल गेल। आखरी टी-20 मैच मे हुनका खेलबाक निर्णय हुनकर ठीक होयबाक स्थिति कें देखैत मैच सं पहिने लेल जायत।

राजीव गांधी इंटरनेशनल स्टेडियम मे खेलल गेल चारिम टी-20 मैच मे बल्लेबाजी करैत समय अर्शदीपक बामा कंधा पर चोट लागि गेल छलनि। 248 रनक लक्ष्यक पीछा करैत आखरी ओवर मे शमार जोसेफक एकटा बाउंसर अर्शदीपक गेंदबाजी करय बला हाथ पर लागि गेल। भारतीय तेज गेंदबाज दर्द सं परेशान छलाह। ओ अगिला गेंदक सामना सेहो कयलनि, मुदा तकर बाद 'रिटायर्ड हर्ट' भए मैदान सं बाहर चलि गेलाह। एहि मैच मे वेस्टइंडीज 24 रन सं जीत दर्ज कयलक आ सीरीज 2-2 सं बराबर कए लेलक।



एहि बीच, भुवनेश्वर कें न्यूजीलैंडक विरुद्ध होमय बला टी-20 सीरीज लेल पहिनेहि भारतीय टीम मे बजाओल जा चुकल अछि। ई सीरीज 22 अक्टूबर सं क्राइस्टचर्च मे शुरू होयत। 36 वर्षीय खेलाड़ी आखरी बेर नवंबर 2022 मे एडिलेड ओवल मे इंग्लैंडक विरुद्ध टी-20 विश्व कपक सेमीफाइनल मे भारतक प्रतिनिधित्व कयने छलाह। इंडियन प्रीमियर लीग (आईपीएल) केर पछिला दू सीजन मे शानदार प्रदर्शनक बदौलत एहि तेज गेंदबाज भारतीय टीम मे फेर अपन जगह बना लेलनि अछि।

### भारतक अपडेट कयल गेल टी-20 टीम

श्रेयस अय्यर (कप्तान), अभिषेक शर्मा, वैभव सूर्यवंशी, ईशान किशन (विकेटकीपर), संजू सैमसन (विकेटकीपर), तिलक वर्मा (उप-कप्तान), शिवम दुबे, कुलदीप यादव, अक्षर पटेल, रवि बिश्नोई, नीतीश कुमार रेड्डी, अर्शदीप सिंह, प्रिंस यादव, मयंक यादव, नमन धीर आ भुवनेश्वर कुमार।

## रणजी ट्रॉफी : यशस्वी जायसवाल मुंबई टीम सं बाहर, अंगकृष रघुवंशी कें भेटल स्थान

मुंबई रणजी ट्रॉफी 2026-27 सीजन मे हिमाचल प्रदेशक विरुद्ध होय बला दोसर मोकाबला लेल अपन टीमक घोषणा कए देने अछि। मुंबई टीम मे बामा हाथक सलामी बल्लेबाज यशस्वी जायसवालक नाम नहि अछि। मुंबई क्रिकेट एसोसिएशन हिमाचल प्रदेशक विरुद्ध बिलासपुर मे 18 सं 21 अक्टूबर तक होय बला मैच लेल टीमक घोषणा कयलक अछि। यशस्वी जायसवाल एहि मैचक हिस्सा नहि रहताह। दरअसल, यशस्वी कें न्यूजीलैंड दौरा पर जेबाक अछि आ भारत ए दिस सं न्यूजीलैंड एक विरुद्ध खेलबाक अछि। न्यूजीलैंड मे 24 अक्टूबर सं इंडिया ए आ न्यूजीलैंड एक बीच तीन टेस्ट



मैचक सीरीज शुरू होय बला अछि आ यशस्वी तीनू मैच लेल टीम इंडियाक हिस्सा छथि। एहि कारण ओ रणजी ट्रॉफीक पहिल मैचक बाद टीम सं अलग भए गेलाह। भारतीय सीनियर टीम कें सेहो न्यूजीलैंड मे दू टेस्ट मैचक सीरीज खेलबाक अछि। यशस्वी एहि सीरीजक हिस्सा सेहो रहताह आ इंडिया ए टीमक संग खेलबाक दौरान भेटल अनुभव सीनियर टीमक मैच सभ मे हुनका काज आओत। यशस्वीक जगह युवा बल्लेबाज अंगकृष रघुवंशी कें मुंबई टीम मे शामिल कयल गेल अछि। ओतहि, सूर्यांश शेडगे कें सेहो मुंबई टीम मे शामिल कयल गेल अछि। पहिल मैच मे टीमक उपकप्तान आयुष म्हात्रे चोटिल भए गेल छलाह आ एहि कारण ओ टीमक हिस्सा नहि छथि। यशस्वी जायसवाल मुंबई दिस सं मौजूदा रणजी सीजनक पहिल मोकाबला चंडीगढ़क विरुद्ध खेलने छलाह। ई मैच वानखेड़े स्टेडियम मे भेल छल। मुंबई ई मोकाबला पारी आ 155 रनक पैघ भेद सं आसानी सं जीतने छल, मुदा एहि मैच मे यशस्वीक बल्ला नहि चलल छल। ओ अपन एकमात्र पारी मे बिना खाता खोलने आउट भए गेल छलाह।

धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




वर्ष 17, अंक 39 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053